

RAWUHIPUN ALLAH NANGGULANGI RAOS AJRIH



QRIS BRI

MANGSA ADVEN NATAL 2025



QRIS BCA

Telp. 0274 514721 - email: sekretariatlppsinode@gmail.com; info@lpps.or.id

Rek. BRI Tiro No. 0029-01-000409-3009, Giro BCA a.n. GKI SW Jateng QQ LPP Sinode No. 6975405200

Web: www.lpps.or.id

Mangsa Advèn Natal 2025:

“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

Hak Cipta © 2025, LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

Kawedalaken déning:

LPP SINODE GKJ & GKI SW JATENG

Komplek LPP, Jl. Samirono Baru No. 77, Samirono, Caturtunggal, Kec.
Depok, Kabupaten Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta 55281

Telp.: (0274) 514721; Hp/WA: 089652520386

E-mail: sekretariatlppsinode@gmail.com; info@lpps.or.id,

Website: lpps.or.id

Gantosipun wragat cap-capan (dèrèng kalebet wragat kanggé ngintun) Rp.....

Atur Cecala

Para mitranipun LPP Sinode ingkang dipuntresnani Gusti, Sakathahing puji sokur kawula unjukaken dhumateng Allah, Sang Sumber saking sakathahing sumber. Awit Sih-rahmatipun, bahan Mangsa Advèn Natal taun 2025 saget karampungaken kanthi saé. Wonten ing pérangan pungkasaning bahan menika katata saha kaprenahaken, kawontenan gesangipun bangsa Indonesia saweg mrihatosaken. Tumindak protès ing sawetawis wewengkon, sarta warni-warni tindak peksan kanthi njejarah, pambesmèn, pangrisakan kaskaya-kaskayaning negari, sarananing tiyang kathah, sarta kaskayaning pribadi kelampahan. Sapérangan kempalaning tiyang kathah ingkang mboten saget dipun-kendhalèni nglampahi tumindak ngojok-ojoki saha gègèr-gègèran. Kawontenan kasebat ndhatengaken raos ajrih. Kita sadaya ngraosaken raos ingkang sami.

Ing satengahing kawontenan kasebat, Bahan Mangsa Advèn Natal kanthi jejer: “Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih” anjog ngaruh-aruhi geréja-geréja (pasamuwan-pasamuwan), mirungganipun ing sakukubaning Sinode GKJ dalah GKI Sinode Wilayah Jawa Tengah. Kawula ngajeng-ajeng, seratan-seratan ing buku menika dados bahan kanggé ngraos-raosaken sarta marsudi kawruh sesarengan menggahing rawuhipun Allah ing sadhéngahing kawontenanipun gesang.

Bahan Mangsa Advèn Natal 2025 punika mujudaken wohing panyambutdamel sesarengan tim (klompok) ingkang nyambutdamel wiwit wulan April 2025. Awit pangabdèn, mèmènging pangudi saha gotong-royong ingkang saé, kawula ngaturaken panuwun dhumateng:

1. Pdt. Hadyan Tanwikara – Bidang Persekutuan GKI SW Jateng
2. Pdt. Erni Ratna Yunita – Bidang PWG Sinode GKJ
3. Pdt. Sih Ell Mirmaningrum - Bidang PWG Sindoe GKJ
4. Pdt. Ester Novaria – GKI Kebumen
5. Pdt. Vincencius Indra – GKI Karanglewas

6. Pdt. Markus Firmanto Aji – GKI Depok
7. Pdt. Budi Widiyanto – GKJ Selokaton
8. Pdt. Damar Kinandi Putra – GKJ Kroya
9. Pdt. Yokhanan Krisda Karunia – GKJ Serpong
10. Pdt. Gracianatita Antera Puspa – GKJ Patalan
11. Pdt. Andri Purnawan – GKI Darmo Satelit
12. Pdt. Hendra Setia Prasaja – Bina Warga
13. Pdt. Riani Josephine – GKI Pondok Indah
14. Pdt. Wisnu Sapto Nugroho – LPP Sinode

Kawula ugi ngaturaken panuwun dhumateng tim (klompok) ingkang mortal bahan Mangsa Advèn Natal dhateng basa Jawi, inggih punika:

Bp. Pdt. Em. Yusak Tri Darmanto (Fakultas Teologi UKDW), Bp. Pdt. Em. Lukas Eko Sukoco (GKJ Purworejo), Bp. Pdt. Uri Christian Sakti Labeti (GKJ Danukusuman), Bp. Pdt. Agung Jatmika (GKJ Grobogan), Ibu Pdt. Wiwik Wulandari (GKJ Gumulan), Bp. Pdt. Hery Windarto (GKJ Gantiwarno), Bp. Pdt. Indar Prasetyotomo (GKJ Wonosari Klaten), Bp. Pdt. Mardita G. Kusuma (GKJ Ngempon), Ibu Pdt. Em. Widdwissoeli M. Saleh (LPP Sinode), Bp. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho (LPP Sinode).

Kadosdéné taun-taun sadèrèngipun, kawula ngaturaken malih bilih bahan-bahan menika sanès bahan dados ingkang saget langsung dipun ginakaken. Bahan menika saget dipun-ginakaken kanthi luwes saha kréatif jumbuh kaliyan geguletaning pasamuwan sapanggénan. Kawula ugi bingah sanget awit saking pamrayogi saking Para Mitranipun LPP Sinode kanggé ngindhakaken daya kréasi tuwin anggènipun ngrowakaken bahan.

Kawula ngaturaken panuwun dhumateng para mitranipun LPP Sinode ingkang nyengkuyung karyaning paladosan kawula. Wonten werni-werni panyengkuyung saé awujud donga, daya, dalah redana. Pisungsung dinten-dinten ageng geréja ingkang sampun kakintun dhateng LPP Sinode mbiyantu sanget kanggé tumindak ing ngwedalaken bahan saha anggèn kawula nyambutdamel. Minangka wujud anggèn kawula

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

tanggél jawab saha ngaturaken panuwun, para mitra saged nitipriksa lapuran pisungsung ing pérangan pungkasan buku menika. Menawi wonten ing antawisipun para mitra ingkang sampun ngintun pisungsung panyengkuyung ananging asmanipun dèrèng kaewrat ing lapuran, kawula nyuwun keparengipun para mitra maringi ngertos kawula.

Wusananipun, kawula ngaturaken wilujeng nyawisaken dhiri mlebet ing Mangsa Advèn Natal 2025. Mugi rawuhipun Allah ingkang nanggulangi raos ajrih ndamel kita saya ngraosaken karyaning Katresnanipun Gusti ingkang ngédab-édabi.

LPP Sinode, Dinten Kapisan Wulan Sèptèmber 2025
Atas namining LPP Sinode,
Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Pdt. Riani Josaphine Suhardja

Pratélanipun Isining Buku

Atur Cecala	i
Pratélanipun Isining Buku	v

Bahan Kotbah

Minggu Advèn kaping 1 [30 Novèmber 2025].....	1
Minggu Advèn kaping 2 [7 Dhésèmbêr 2025].....	9
Minggu Advèn kaping 3 [14 Dhésèmbêr 2025].....	15
Minggu Advèn kaping 4 [21 Dhésèmbêr 2025].....	19
Dalu nDungkap Natal [24 Dhésèmbêr 2025]	23
Natal [25 Dhésèmbêr 2025]	27
Minggu I Sasampunipun Natal [28 Dhésèmbêr 2025]	31
Pungkasaning Warsa [31 Dhésèmbêr 2025].....	35
Warsa Énggal [1 Januari 2026]	39
Minggu II Sasampunipun Natal [4 Januari 2026]	45
Minggu Gusti Yésus Kabaptis [11 Januari 2026].....	49

Bahan Liturgi

Minggu Advèn kaping 1 [30 Novèmber 2025]	57
Minggu Advèn kaping 2 [7 Dhésèmbêr 2025].....	67
Minggu Advèn kaping 3 [14 Dhésèmbêr 2025].....	77
Minggu Advèn kaping 4 [21 Dhésèmbêr 2025].....	87
Dalu nDungkap Natal [24 Dhésèmbêr 2025]	99
Natal [25 Dhésèmbêr 2025]	109
Minggu I Sasampunipun Natal [28 Dhésèmbêr 2025]	117
Pungkasaning Warsa [31 Dhésèmbêr 2025].....	127
Warsa Énggal [1 Januari 2026]	135
Minggu II Sasampunipun Natal [4 Januari 2026]	143
Minggu Gusti Yésus Kabaptis [11 Januari 2026].....	151

Bahan Riyaya Natal

Bahan Kotbah Riyaya Natal Adiyuswa	161
Liturgi Riyaya Natal Adiyuswa	167

Bahan Panggulawenthah *Intergenerasional*

Bahan Panggulawenthah <i>Intergenerasional</i> 1	175
Bahan Panggulawenthah <i>Intergenerasional</i> 2	181

Bahan Pakempalan Pandonga (PP)

Bahan PP 1	187
Bahan PP 2	193
Bahan PP 3	199
Bahan PP 4	205
Bahan PP 5	211
Bahan PP 6	215

Lampiran Cathetaning Pisungsung

Cathetaning Pisungsung Mangsa Paskah 2024	219
Cathetaning Pisungsung Mangsa Péntakosta 2024	222
Cathetaning Pisungsung Wulan Brayat 2024	225
Cathetaning Pisungsung Mangsa Advèn Natal 2024	228
Cathetaning Pisungsung Mangsa Paskah 2025	231
Cathetaning Pisungsung Mangsa Péntakosta 2025	233
Cathetaning Pisungsung HUT LPP Sinode ke-56 Th. 2024 ..	235

Mangsa Advèn Natal 2025

“BAHAN KOTBAH”

Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan
kawontenan saha kabetahaning geréja utawi
pasamuwan ing ngriki.

KOTBAH

Minggu Advèn kaping 1

Minggu, 30 Novèmber 2025

Waosan 1: Yésaya 2:1-5
Tanggapan: Jabur Masmur 122
Waosan 2: Rum 13:11-14
Injil: Matéus 24:36-44

Ngéwahi Pedhang Kadadosaken Kejèn



KOTBAH JANGKEP

NGÉWAHI PEDHANG KADADOSAKEN KEJÈN



Wonten satunggaling reca ingkang dipun sèlèhaken ing plataraning konten mlebet dhateng gedhong Markas Besar (Kasénopatèn Agung) PBB (Perserikatan Bangsa-Bangsa) ing kitha New York, Amerika Serikat. Reca ingkang dipun paringi sesebatan “*Mari Kita Ubah Pedang Menjadi Mata Bajak*” (“Payo Kita Owahi Pedhang Kadadèkaké Kejèn”) menika kawangun déning ahli seni (kagunan adiluhung) saking Uni Soviet ingkang sesilih Yevgeney Vuchetich. Ing taun 1959, pamaréntah Uni Soviet misungsungaken reca menika dhateng PBB minangka lambanging bedhamènipun tuwin pasèdhèrèkanipun jagad. Reca menika ngetingalaken satunggaling tiyang ingkang gadhah otot kiyat, ingkang saweg nggembèlèng wilahan pedhang, kadadosaken kejèn – waja awangun conthongan lancip dados peprincèning wluku – ingkang kaginakaken kanggé mluku ndamel lowahan nanem taneman (pirsana gambar nginggil). Menika dados lambang éwah-éwahaning kawontenan, ing pundi manungsa langkung milih gesang ing salebeting bedhamèn saha pasèdhèrèkan tinimbang paprangan ingkang ndhatengaken raos

ajrih saha pepejah. Inkgang nengsemaken, anggènipun mangun reca menika dipun-ilhami saking seratan Kitab Yésaya 2:4 ingkang suraosipun makaten, “ *iku banjur bakal padha nggemplèng pedhang-pedhangé kadadèkaké kejèn sarta tumbak-tumbaké kadadèkaké arit. Bangsa kang siji ora bakal ngangkat pedhangé manèh nglawan bangsa sijiné tuwin ora bakal nggladhi perang manèh*”

Cengkahipun kaliyan kanyatan, reca “Payo Kita Owahi Pedhang Kadadèkaké Kejèn” ingkang dipun-pisungsungaken déning pamarintah Uni Soviet minangka pangudi kanggé mangun bedhamèn, kepara kécalan maknanipun amargi ngantos samangké paprangan taksih kémawon kelampahan ing satengahing jagad menika. Uni Soviet piyambak ngalami kawontenan pating blesar ingkang salajengipun nglairaken negari-negari énggal, kadosdéné Rusia, Belarusia, Georgia, Armenia, lan sanès-sanèsipun. Malah ngantos sapriki Rusia taksih perang kaliyan Ukraina. Dèrèng malih reca menika kasèlèhaken wonten ing gedhong Kasénopatèn Agung PBB ingkang dados lambanging pangudinipun bangsa-bangsa kanggé njagi bedhamènipun jagad. Punapa riptan kagunan adiluhung ingkang gadhah pangaos inggil menika namung dados ‘pepaès’ ing salebetipun kampanye (ajak-ajak) tumrap bedhamènipun jagad kémawon? Utawi èstu-èstu ngilhami wonten ing pangudi ageng manungsa (bangsa-bangsa) mbekta pasedhèrèkan tuwin bedhamènipun jagad?

Tindak peksan saha pasulayan tansah mbekta karisakan saha raos ajrih. Swantening bedhamèn minangka pangudinipun manungsa kanggé nanggulangi raos ajrih punika. Gesang ing salebeting pasedhèrèkan dados cara kanggé kababaring tatananipun gesang ingkang tumata saha tentrem minangka pangajeng-ajengipun manungsa. Visi utawi wawasan menggah gesangipun jagad ingkang kebak katentreman saha karaharjan sanès pangangen-angen utawi pikajengipun manungsa kémawon. Awit katentremaning jagad mujudaken karsa tuwin rancanganing katresnanipun Gusti Allah kanggé umat manungsa. Wonten ing kitab Yésaya 2:1-5 kita saged

nyetitèkaken pangandikanipun Allah, ingkang kaucapaken lumantar nabi Yésaya, minangka rancanganing kawilujengan saha katentremaning jagad. Rancangan kawilujengan pakaryanipun Allah menika mboten saged dipun-uwalaken saking risakipun Yéhuda ingkang dipun-sebabaken déning anggènipun dipun-telukaken bangsa Asyur. Karisakaning Yéhuda dipun-gayutaken kaliyan paukumanipun Allah menggah ing dosa-dosanipun Yéhuda. Pawartos tumrap paukuman menika mecungul wonten ing Kitab Yésaya bab 1. Sanadyan Gusti Allah ndhatengaken pangadilan tumrap bangsa Yéhuda, ananging sayektosipun Gusti Allah mboten sengit tuwin nampik bangsa Yéhuda. Gusti Allah ingkang ngukum, Panjenenganipun ugi maringaken kawilujengan tuwin pamulihan.

Yésaya 2:1-5 maringi piweling menggah tumindakipun Gusti Allah ingkang bènten kaliyan bab sadèrèngipun. Menawi sadèrèngipun Gusti Allah kebak déning kawontenan duka kanthi maringi paukuman dhateng bangsa Yéhuda mila wonten ing waosan menika dipun-ketingalaken Gusti Allah ingkang ndhatengaken pamulihan tuwin bedhamèn. Patrapipun Allah ingkang makaten lelawananipun ing bab 1 saha bab 2 menika saged kita mangertosi prakawis menika minangka pakaryanipun Gusti Allah ingkang timbal-tumimbal. Antawisipun pangadilan saha pamulihan sanès kalih prakawis ingkang cengkah. Ing sawingkinging pangadilan pinanggih prasetya pamulihaning Allah. Gusti Allah rawuh ngéwahi kawontenan ingkang kebak trataban saha raos ajrih dados katentreman tuwin kakendelan kanggé nglampahi gesang ingkang kebak pangajeng-ajeng.

Sinaosa Sabdanipun Gusti Allah menika tumuju dhateng bangsa Yéhuda, ananging prasetyaning pamulhanipun Allah ugi asipat umum kanggé sadaya tiyang sadonya. Yésaya memeca bilih wiwitanipun saking prasetyaning pamulihan saha katentreman menika wonten ing Yérusalèm. Puthuking Sion minangka padunungan madegipun malih Padamelan Suci badhé dados sumbering bedhamèn. Ing Sion Gusti Allah tumindak minangka Hakim ingkang mutusaken prakawis-prakawis sesarengan kaliyan mulangaken margining kayektosan saha kaadilanipun Allah. Ing Sion Gusti Allah badhé mulangaken

margining pepadhang tumrap bangsa-bangsa kanggé nglairaken bedhamèn. Ing ayat 4, Yésaya nggambaraken kanthi asipat geguritan, “*pedhang badhé kagemblèng kadadosaken kejèn sarta tumbak kadadosaken arit*” Pedhang saha tumbak ingkang dados lambanging paprangan dipun-éwahi dados kejèn saha dados arit ingkang dados lambanging pagesangan. Kanthi tembung sanès, saben bangsa badhé nindakaken pamulihaning bedhamèn. mBoten wonten malih raos ajrih saha karisakan karana peprangan. Saben bangsa ngupadi bedhamèn saha langkung milih kanggé nata gesang sesarengan.

Menawi Yérusalèm kawastanan minangka ‘kéblat’ ipun bangsa-bangsa salebetipun nglairaken bedhamèn, mboten ateges ugi dipun-pirsani minangka papan ingkang ‘*kultus* utawi asipat ngibadah’ ing pundi Gusti Allah namung makarya ing ngrika. Yérusalèm minangka satunggaling papan saged dipun-pirsani minangka ‘*ikon* (gegambaraning) bedhamèn’. Awit tandhaning wigatos wonten ing waosan menika sayektosipun inggih menika Gusti Allah ingkang tumindak minangka Hakim. Panjenengangipun ugi ingkang dados sumbering piwulang menggahing kayektosan saha kaadilan tumrap sadaya umat manungsa. Saben bangsa badhé mirengaken Gusti Allah saha netepi margining pitedahipun. Prasetyaning pamulihanipun Gusti Allah lumantar nabi Yésaya menika sacara mboten langsung nggigah bangsa Yéhuda anggènipun ngrumangsani kanggé wangsul dhumateng Gusti Allah. Menawi bangsa-bangsa sanès kesengsem dhateng pakaryan saha piwulangipun Gusti Allah, ngantos bangsa-bangsa menika sami gumrudug késah dhateng Sion, makaten ugi bangsa Yéhuda ingkang langkung rumiyin pitados dhumateng Gusti Allah. Amargi menika nabi Yésaya ngajak, “*Hé golongan tedhaké Rama Yakub, ayo kita padha lumaku ing pepadhangé Sang Yéhuwah!*”.

Para sadhèrèk,

Piweling menggahing Gusti Allah ingkang dados Hakim saha badhé ndhatengaken bedhamèning jagad ing wekdal ingkang badhé dhateng sanès pawartos ingkang ndadosaken kita kèndel kémawon (*pasif*) nengga. Pepindhanipun kita mirsani

lampahing cariyos ingkang kayasa déning Gusti Allah saha katindakaken déning Gusti Allah piyambak. Piweling ingkang dipun-aturaken Yésaya tandhes sanget, inggih menika kadhesek tumut ngudi kanthi mepeng bedhamèn saha kaadilan minangka margi pepadhangipun Gusti. mBoten namung nengga, ananging ugi methukaken (nggadhahi krenteg ngener dhateng) prasetyan pamulihaning Gusti Allah. Kawaspadan tuwin pangatos-atos dados tanduking gesang ingkang wigatos supados kita tetep mlampah wonten ing pepadhangipun Gusti. Awit wekdal samangké kita taksih gesang ing jagad ingkang kebak tindak peksan saha pasulayan. Pedhang ingkang dipun-éwahi dados kejèn saged kémawon kelampahan tumindak mbalik ing pundi kejèn dipun-éwahi dados pedhang. Wonten ing kanyatanipun tumindak mboten adil, panindhesan saha pandamel awon sanèsipun badhé mancing pratingkah tindak peksan saha pasulayan. Kawontenan ingkang kebak katentreman dados risak déning pikajeng dhirinipun saglintir tiyang ingkang gumedhé. Saben tiyang kedah waspada tuwin njagi dhiri supados mboten kajiret déning tumindak-tumindak duraka ingkang ngrisak.

Kawaspadan saha kaprayitnan dados piwelingipun Gusti Yésus dhumateng para murid saha methukaken rawuhipun malih Sang Mésias. Gagasan menggahing rawuhipun malih Sang Mésias ketingal laras kaliyan prasetyaning pamulihan ingkang kawartosaken nabi Yésaya. Ing wekdal ingkang badhé dhateng Allah badhé dados hakim saha ndhatengaken katentreman. Makaten ugi gagasan ingkang gegayutan kaliyan Sang Mésias jaman pungkasan, ingkang nyakini bilih Sang Kristus badhé rawuh malih dhateng jagad kanggé ngasta pamulihan tuwin éwah-éwahan ageng. Badhé kababar jaman énggal ing pundi Gusti Yésus jumeneng Raja ingkang ngasta pepréntahan tumrap jagad raya.

Matéus 24:36-44 ngandika menggah anggèning rumantosipun para murid salebetipun mapag rawuhipun Sang Kristus ingkang mboten dipun-mangertosi wekdalipun. Gegayutan kaliyan wekdal Rawuhipun, Gusti Yésus ngendikakaken bilih mboten wonten ingkang mangertos

mbénjing menapa kelampahanipun. Malah Gusti Yésus, ingkang sayektosipun menika Gusti Allah piyambak, dipunngendikakaken mboten pirsa wekdalipun. Namung Sang Rama ing swarga ingkang pirsa. Pitebungan menika sanès kanggé ‘nyingkiraken’ péranganing watek kaallahan ingkang pinanggih wonten ing dhirinipun Gusti Yésus, ananging badhé nandhesaken watek ingkang dipun singidaken ing bab wekdaling rawuhipun Sang Mésias. Amargi watekipun ingkang kasingidaken tuwin winados mila manungsa mboten saged nginten-inten kanthi nindakaken rerigen-rerigen ingkang nglangkungi wates. Injil Matéus ngginakaken tetandhingan (panglimbang) kaliyan lelampahan bena ageng (banjir-bandhang) ing jamanipun nabi Nuh minangka pitedah menggah kawontenaning gesangipun manungsa ingkang limrah. Manungsa nindakaken pandamel ingkang sampun wongsal-wangsul kadosta nedha, ngombé, jejodhoan, saha nyambutdamel ing pategalan ngantos dhatengipun bena ageng. Sami kaliyan kawontenan sadèrèngipun rawuhipun Sang Mésias ingkang kaping kalihipun, ing pundi manungsa nglampahi kagiyatan padamelanipun piyambak-piyambak. Ngantos dumugi wekdaling rawuhipun Sang Mésias (Pangadilan), ing antawisipun manungsa menika wonten ingkang kabekta saha wonten ingkang dipun-tilaraken (ayat 40-41). Prakawis sinten ingkang dipun-golongaken wilujeng saking kalih golongan menika temtu nilaraken pitakénan piyambak. Menapa tiyang-tiyang ingkang kabekta utawi tiyang-tiyang ingkang katilar? Menawi tiyang-tiyang ingkang “kabekta” badhé mlebet dhateng paukuman déné ingkang “katilar” badhé wilujeng. Utawi tiyang-tiyang ingkang “kabekta” badhé ngalami katangèkaken (anggènipun kaangkat) lajeng ingkang “katilar” badhé ngalami karisakan. Waosanipun piyambak mboten maringi wangsulan tumrap prakawis kalih golongan menika. Injil Matius mboten ngendika menggah gagasan anggènipun kaangkat utawi paukuman nalika rawuhipun malih Sang Mésias. Prasajanipun, gambaran menika badhé nandhesaken bilih lelampahan rawuhipun Mésias mujudaken katetepan ingkang ing tembé wingking badhé kelampahan tumindak misah-misahaken

antawisipun ingkang wilujeng kaliyan ingkang mboten wilujeng, ingkang kaukum saha ingkang kaluwaran.

Sanadyan rawuhipun Sang Mésias menika asipat winados saha asingidan, ananging Gusti Yésus ngungkabi (ngicali tutupipun) prakawis ingkang badhé kelampahan, inggih menika wonten tiyang-tiyang ingkang piniji kanggé nampèni rahmating kawilujengan. Pangandikanipun Gusti Yésus bab gambaran wekdal ingkang badhé dhateng menika sanès kanggé ndhatengaken raos ajrih kanggé para murid saha tiyang-tiyang pitados wekdal samangké, ananging pawartos ingkang kebak pangajeng-ajeng. Pangajeng-ajeng menggahing wekdal ingkang badhé dhateng ingkang nuwuhaken kayakinan bab prakawis-prakawis ingkang babar pindhah mboten ketingal. Awit saking menika, gegambaran tumrap pandung ing wanci dalu dados pérangan wigatos. Gambaran menika nyasmitani rawuhipun ingkang mboten kanyana utawi ngagètaken ngantos saben tiyang kedah jumaga (rumeksa) tuwin waspada. Amargi wekdal ingkang mboten kanyana mila saben tiyang pitados kedah ngatos-atos saha ampun ketlompèn (kirang prayitna) déning ombaking gesangipun jagad.

Para sadhèrèk ingkang kinasih,

Gesangipun jagad wekdal samangké taksih tebih saking pangajeng-ajenging katentreman tuwin kaadilan. Jagad tansah nawèkaken cara gesang ingkang ndamel tiyang pitados nebih saking margi pepadhangipun Gusti. Ing kawontenan menika, Rasul Paulus maringi pitutur supados saben tiyang pitados asikep gegamaning pepadhang, inggih menika Sang Kristus kanggé ngrimati iman ing satengahing panggodha tuwin pacobèn. Warni-warnining godhanipun jagad saged ndadosaken tiyang pitados kécalan kautamèn-kautamènipun Sang Kristus. Pista andra wina ingkang nglangkungi wates, lampah jina, ngumbar hawa-napsu, kekerengan tuwin kumèrèn menika pandamel-pandamel ingkang saged ndamel tiyang pitados dados léna saha sayah salebetipun nglampahi gesanging pitados. Amargi menika, Rasul Paulus ngajak kita supados ‘tangi saka anggonmu turu’. Tegesipun nggadahi kainsapan bilih tiyang

pitados sampun mlebet gesang énggal ing salebeting pitados dhumateng Sang Kristus. Ing sapanjangipun lelampahaning iman, tumindak ing lelawanan dhateng godha-godhaning wewatekan (*moralitas*) badhé terus mlampah. Taduking gesang ingkang ngutamakaken kautaman-kautamanipun Sang Kristus dados ‘gegaman’ tumrap kita kanggé nglawan godhan-godhan menika.

Para sadhèrèk ingkang kinasih,

Gesangipun jagad ingkang kebak bedhamèn tuwin katentreman menika karsa tuwin pakaryanipun Gusti. Patrapipun Gusti Allah ngresmekaken bedhamèn menika kanthi rawuh dhateng jagad wonten ing dhirinipun Gusti Yésus Kristus. Kanthi makaten, Sang Kristus dados puser tuwin sumbering bedhamènipun jagad. Pakaryan tuwin piwulangipun Sang Kristus ngetingalaken anggèning Panjenenganipun méhak dhateng kadilan sarta kayektosan ingkang dipun-télakaken lumantar tanduk welas asih saha pangapunten. Saben tiyang pitados, saé pribadi menapadéné sesarengan (gréja), sayektosipun kadhesek kanggé dados tiyang-tiyang ingkang nindakaken bedhamèn.

Kasunyataning gesang asring ngetingalaken lelampahan tindak peksan saha swantening bedhamèn tansah mlampah iring-iringan. Prakawis menika sampun temtu mboten ngirangi tekading gréja (pasamuwan) saha saben tiyang pitados kanggé tetep dumunung saha mlampah ing margining pepadhangipun Allah. Sumangga kita mlebet ing Mangsa Advèn menika kanthi terus nyebaraken grengsenging bedhamèn tuwin pasedhèrèkan minangka lampah utami salebetipun methukaken rawhipun Sang Kristus. Saben tiyang pitados kaagem Allah kanggé méhak dhateng pagesangan. Milih kanggé gesang ing salebetipun bedhamèn lan pasedhèrèkan, sanès tindak peksan lan memengsahan. Amin.

[dk-den]



KOTBAH

Minggu Advèn kaping 2

Minggu, 7 Dhésèmber 2025

Waosan 1: Yésaya 11:1-10
Tanggapan: Jabur 72:1-7, 18-19
Waosan 2: Rum 15:4-13
Injil: Matius 3:1-12

**Gesang Prasaja
Minangka
Margining
Patobat**



KOTBAH JANGKEP

**“Gesang Prasaja (*Ugahari*) Minangka Margining
Patobat”**

Bapak, ibu dalah para sadhèrèk kakung putri ingkang dipuntresnani Gusti,

Ndungkap kita badhé sami mahargya dinten Natal, asring kita nindakaken kathah prekawis kanggé cecawis, kados ta: tumbas rasukan anyar, ndamel rerenggan, ngrancang adicara brayat, lan ngrancang kasembadanipun pahargyan ingkang saèstu regeng. Nadyan makaten, sumangga kita sami pitakèn kanthi tulusing manah: punapa kita saèstu temen-temen cecawis kanggé mahargya rawuhipun Gusti? Punapa saèstunipun kita namung nindakaken pakulinan kados padatanipun?

Dinten punika kita sami dipun èngetaken déning Yokanan Pambaptis, ingkang mboten rawuh ing salebeting gebyaring kitha, nanging kosok-wangsulipun rawuh lan nguwuh sora saking tengah-tengahipun ara-ara samun. Panjenenganipun mboten ngajak kita mahargya kanthi rerengganing badan ingkang sarwa èdi pèni, nanging ngajak kita sesarengan sami mratobat lan ngéwahi caraning gesang kita. Yokanan mulang kita sadaya sami nglampahi gesang ingkang sarwa prasaja lan sumarah mring Gusti.

Wonten ing Minggu Advèn ingkang kaping kalih punika, sumangga kita raos-raosaken kados pundi gesang prasaja punika

saged dados margi tumuju ing patobat ingkang sejati. Sarana gesang prasaja, kita sami katimbangan mbuka manah kita nampi rawuhipun Allah ingkang ngatasi sadaya raos ajrih. Sumagga kita jingglengi kados pundi piwulangipun Yokanan, Yésaya, juru Masmur dalah saking seratipun Rasul Paulus tumrap kita sadaya.

Gesang Prasaja, lan Timbalan Pamratobatipun Yokanan

Yokanan miyos minangka suwanten sora ing tengah-tengahing ara-ara samun, nimbali tiyang kathah supados sami mratobat (Mar. 1: 4). Éwasamanten, ingkang paling baken punika sanès tetembunganipun, nanging kados pundi caranipun Yokanan nggesangi punapa ingkang kawartosaken. Yokanan ngagem rasukan sarwa prasaja, dumadi saking wulu unta lan dhaharanipun walang saha madu alas (Mar. 1: 6). Solah bawaning gesang ngatingalaken sipat prasajanipun – namung cekap kémawon, mboten sarwa tirah, dalah mboten kakungkung déning nikmating kadonyan.

Yokanan mboten mbujeng dados tiyang ingkang kawentar, nanging nengenaken setya tuhunipun dhateng timbalanipun Gusti. Piyambakipun mboten ngatag sami nggayuh kaluhuraning badan, nanging ngatag dumadinipun éwah-éwahaning manah ingkang nyata. Patobat, miturut Yokanan, kedah ngasilaken woh ingkang nyata ing salebeting gesang kita, lan sanès namung pocapan kémawon. Gesang prasaja, mujudaken pérangan wohing pamratobat, ing antawisipun: sinau ngendhalèni dhiri, mboten serakah, kumalungkung lan tansah suméndhé dalah sumarah dhateng Allah.

Trubus saking Tunggak Isai

Nabi Yésaya paring pameca badhé wonten trubus saking tunggak Isai inggih punika Sang Mesih, ingkang badhé ngerèh kanthi kadilan lan katentreman. (Yès. 11: 1-5). Trubusan punika mboten thukul saking kadhaton ingkang sarwa éndah, nanging kosok-wangsulipun malah saking tunggak alit, malah ingkang

sampun mèh pejah. Gusti Allah mboten rawuh ing salebeting kaéndahan, nanging ing salebeting asoring manah.

Ratuning katentreman punika badhé mbélani tiyang alit lan sèkèng lan mboten badhé ngadili adhedhasar wewujudaning badan. Panjenenganipun badhé nitahaken jagad ingkang énggal, ingkang ing mriku asu ajag lan wedhus gèmbèl badhé gesang sesarengan lan mboten sami memengsahan (Yès 11:6-9). Nanging jagad ingkang makaten punika mboten saged dipun alami déning tiyang-tiyang ingkang manahipun serakah lan remen nindhes asanès. Namung manah ingkang prasaja lan andhap asor, inggih punika ingkang sumarah lan mratobat ingkang saged nampèni katentreman ingkang sejati saking Allah.

Tuladha Gesang Prasaja lan Asih mring sesami

Rasul Paulus ngèngetaken pasamuwan supados saged sami nampèni satunggal lan satunggalipun, mboten nengenaken kapentingan pribadi, lan gesang ing salebeting pangajeng-ajeng (Rum 15: 7-13). Kristus piyambak ugi mboten madosi remening galhipun piyambak, nanging malah lila ngurbanaken sariranipun kanggé nglabuhi kita para manungsa (Fil. 2: 5-8). Inggih punika tuladha gesang prasaja ingkang dipun paringaken déning Sang Juru Wilujeng.

Tobat punika senès namung bab éwah-éwahaning pribadi, nanging ugi mbangun gesang sesarengan ingkang asipat prasaja, tinarbuka ing manah lan sengkut sami angiyataken satunggal lan satunggalipun. Ing salebeting gesang prasaja sesarengan, pangajeng-ajeng dalah katentremanipun Allah tuwuh ngrembaka kanthi nyata.

Pandonga kagem Ratu Ingang Adil lan ambeg welasan

Masmur 72 mujudaken satunggaling pandonga bab ratu ingkang dipunidham-idhamaken: inggih punika ingkang mbélani tiyang-tiyang miskin lan kaaniaya, ingkang badhé nindakaken pangrèhipun sacara adil lan leres, saha ngasta tentrem rahayu ngantos dumugi ing poncoding bumi (Mas. 72: 1-4, 12-14). Punika mujudaken pangajeng-ajengipun umat dalah

gambaran ngéngingi Gusti Yésus Kristus, Ratuning katentreman kita.

Manawi kita gesang kinanthènan manah ingkang asipat andhap asor lan prasaja, ateges kita sami tumut cecawis margi kanggé pamarintahanipun Sang Kristus. Kita mboten nampèni Panjenenganipun sarana pista andrawina dalah raja brana ingkang lubèr, nanging kosok-wangsulipun sarana manah ingkang resik, gesang ingkang samadya, lan tumindak ingkang suka pambéla dhateng sesami.

Nggegesang gesang prasaja ing padintenan

Bapak, ibu lan para sadhèrèk ingkang dipun-tresnani Gusti,

Menawi jagad punika kebak raos ajrih karana manungsa sami sikut-sikutan, rampas-rampasan, lan sujanan satunggal lan satunggalipun, Allah kepareng nimbali kita jumangkah ing margi ingkang sanès, inggih punika margining patobat. Salah satunggaling jangkahing patobat inggih punika nglampahi gesang sarwa prasaja, gesang samadya, lila andum barang darbé, mangretosi watesing tumindak, lan tansah suméndhé ing karsanipun Gusti.

Nalika kita nglampahi gesang ingkang sarwa prasaja, kita mboten badhé ajrih kécalan barang darbé, awit kita mangretos sinten ingkang kita endelaken dalah ingkang tansah kita antu-antu. Nalika kita nglampahi gesang prasaja, kita mbuka kori kanggé tuwuh lan ngrembakanipun katentremanipun Allah ing salebeting manah, dalah gesang masamuwan kita.

Awit saking punika, sumangga kita sambeti Sang Ratuning Tentrem Rahayu mboten sarana ramé-ramé, ananging sarana manah ingkang resik awit saking pamratobat kita dalah sarana prasajaning gesang awit saking katresnan.

Samangké lilanana kula mungkasi khotbah punika sarana atur satunggaling cariyos.

Ing satunggaling karaton ingkang kebak katentreman, wonten satunggaling raja ingkang sugih raja brana. Piyambakipun saged ngagem ageman ingkang sarwa éndah lan dhahar dhaharan ingkang sarwa éca saben dintenipun. Namung

kémawon manahipun sang raja kalawau tansah sedhih neksèni rakyatipun ingkang sami gesang ing salebeting kaprihatosan ingkang ageng.

Nuju satunggaling dinten, sang raja mutusaken badhé mider-mider ing padhusunan sarana nyamudana. Sang raja nilaraken makuthanipun lan ngagem ageman ingkang sarwa prasaja, lajeng lelana sesarengan kaliyan para tani, randha, laré-laré yatim dalah para buruh. Ing sauruting margi, sang raja tansah mirengaken pasambatipun para rakyatipun. Sang raja neksèni kathah griya ingkang réyot mèh ambruk, ugi neksèni kados pundi rakyatipun nedha tetedhan ingkang saèstu prasaja sanget, ingkang dipun cawisaken déning ibu ingkang tansah caos sokur dhateng Gusti, sanadyan gesangipun saèstu mrihatosaken.

Nalika wancinipun wanci sonten, sang raja nuju lenggahan piyambakan ing satunggaling dhingklik wonten ing pinggir sabin. Lajeng wonten satunggaling laré alit ingkang andhatengi lan ningali sepatunipun ingkang wiwit bolong. Laré punika lajeng wicanten: “Pak Lik, sepatu panjenengan risak. Punapa gadhah sepatu sanèsipun?”

Sang raja mèsèm lan lajeng ngandika, “Aku ora duwé, nanging saiki aku mangreti manawa lumaku nganggo sepatu iki mulangaké aku saprakara: aku ora bisa ngerèh mung saka kadhaton waé, nanging aku kudu lumaku bebarengan karo rakyatku”.

Sawatawis dinten candhakipun, nalika sang raja kondur dhateng kadhaton lan ngagem makuthanipun, sang raja kalawau lajeng nindakaken pangrèhipun kanthi cara ingkang béda kaliyan sadèrèngipun. Sang raja mboten ngukur kasil mbotenipun anggènipun ngerèh praja namung adhedhasar mas picis raja brana, ananging malah saking èsemipun para juru tani. Sang raja tansah sumadya mbélani ingkang sami kaaniaya, suka andum berkah lan ngrancang katetepan-katetepan ingkang mihak dhateng tiyang-tiyang ringkih lan sèkèng.

Masmur 72 paring piwulang bilih raja ingkang sejati punika raja ingkang “mbélani tiyang ingkang kaaniaya”, ingkang ngerèh praja kanthi kaadilan lan kaleresan”, dalah ingkang mbekta tentrem rahayu ngantos dumugi poncoding bumi.

Gesang prasaja punika mboten namung bab ingkang sarwa rèmèh. Gesang prasaja awujud kekendelan kanggé nilaraken sadaya prakawis ingkang karaos sekéca, supados saged mlampah sesarengan kaliyan tiyang-tiyang ingkang ringkih lan sèkèng dalah ingkang sami kaaniaya lan katindhès. Nalika kita sami nggadahi kekendelan kanggé nglampahi gesang ingkang makaten punika, kita mboten namung nembé mratobat, nanging kita nembé nyawisaken margi kagem Sang Ratuning Tentrem Rahayu ingkang badhé nglawat jagad punika saha ingkang badhé mrantasi sadaya raos ajrih.

Pitakènanipun samangké: punapa kula wantun nilaraken raos ingkang sarwa sekéca supados saged lumampah sesarengan kaliyan tiyang-tiyang ingkang sami mbetahaken pitulungan? Kados pundi kula miwiti gesang kanthi sipat prasaja ing gesang padintenan kula? Amin

[sem-ytd]



KOTBAH

Minggu Advèn kaping 3

Minggu, 14 Dhésèmber 2025

Waosan 1: Yésaya 35:1-10
Tanggapan: Jabur 146:5-10
Waosan 2: Yakobus 5:7-10
Injil: Matius 11:2-11

Pracaya mBoten Naté Sepi Ing Pitakènan



KOTBAH JANGKEP

“Pracaya mBoten Naté Sepi Ing Pitakènan”

Para sadhèrèk ingkang dipuntresnani déning Gusti,

Kathah tiyang ingkang nggadhahi pamanggih menawi kathah pitakèn punika ateges bodho. Sanadyan makaten, wonten pitedah wicaksana ingkang nyebataken: “isin pitakon, kasasar pungkasané”. Èstunipun, salebeting gesang ingkang terus tumuwuh punika, kita prelu mangretosi salah satunggalipun cara sinau ingkang migunani, inggih punika anggèn kita sami ngajengaken pitakènan ingkang pas, lan sanès namung prekawis wangsulan ingkang leres. Kénging punapa makaten? Karana ingkang winastan damel pitakènan punika sanyatanipun mboten gampil. Awit saking punika, ingkang nganggep menawi kathah pitakèn punika ateges bodho, mboten leres. Pitakènan ingkang leres badhé mbekta kita sadaya dhateng pangretosan ingkang sangsaya lebet lan migunani kanggé gesang punika.

Minangka tiyang sepuh, kita rak rumaos bingah nalikanipun anak-anak kita taksih alit, kathah ngajengaken pitakènan ta? Sanadyan saged kémawon pitakènan anak-anak kita nalika taksih alit karaos njèngkèlaken. Nanging kita tetep abebingah dhateng anak-anak ingkang kathah pitakèn, karana sarana pitakènan punika, anak-anak kita nembé wonten salebeting lampah sinau lan sangsaya nyaketaken sesambetanipun kaliyan tiyang sepuhipun. Pitakèn mujudaken

lampah gesang ingkang wigatos, lan mesthi tansah dipunalami déning saben laré ing wekdal tumuwuhipun saking alit ngantos diwasa. Awit saking punika, sampun ngantos kita ngawisi anak-anak kita ngajengaken pitakènan awit wangsulaning pitakènan ingkang dipun tampi, badhé dados sanguning gesang manggihaken makna-maknaning gesang, kalebet ing bab pracaya.

Para sadhèrèk ingkang dipuntresnani déning Gusti, Pdt. Éka Darmaputera naté ngandika “pracaya punika tansah ngajengaken pitakènan, lan tanpa pitakènan, sanès pracaya ingkang satuhu”. Pitakènan bab Allah, upaminipun, badhé tansah nglairaken pitakènan awit ingkang winastan pracaya punika, tansah ngemot prekawis-prekawis ingkang winadi. Suprasaja-prasajanipun satunggaling pitakènan ngéngingi pracaya, punika badhé mbekta ingkang pitakènan madosi lan manggihaken sesambetanipun kaliyan Allah ingkang makarya lan mratélakaken sih-kamirahanipun dhumateng umati-Pun.

Kathah tiyang pitados ingkang ngakeni bilih Yésus punika wujuding wangsulan. Saged ugi pangaken punika nélakaken gesang ingkang kawawas salèh. Nanging sejatosipun punika mboten jumbuh kaliyan lampah gesang pitados kita sami. Sadaya prekawising gesang punika, kalamangsanipun mboten saged énggal-énggal kita rampungi, utawi mboten énggal-énggal pikantuk wangsulan ingkang kaparingaken déning Allah. Kanthi pitakènan dhumateng Allah, kita lajeng kadosdéné laré ingkang sangsaya caket kaliyan tiyang sepuh kita.

Cobi kula aturi migatosaken umatipun Allah-Yehuda ing kitab nabi Yésaya ingkang nembé wonten ing tengah-tengahing ara-ara samun, ingkang kados-kados ndarbèni pangajeng-ajeng. Asring salebetipun kita nglampahi gesang pitados, Gusti Allah kados-kados nuntun kita dhateng lampah gesang ingkang mboten kininten, paribasanipun wonten ing satengah-tengahing ara-ara samun. Punapa ingkang dados karsanipun? Supados kita tumut madosi lan manggihaken maknaning gesang, satemah kita sangsaya tepang sinten ta Allah punika. Kita mboten kendhat

anggen kita sinau manggihaken karsanipun Allah lan sinau ugi kadospundi netepi karsanipun punika, awit ingkang langkung utami ing salebeting lampah gesang punika, sanès pepénginan kita, nanging karsanipun Allah.

Pitakènaning pitados, dados margi lumebet ing karsanipun Allah. Punika dados pérangan utami salebetipun kita sami ngantos-antos rawuhipun Gusti kita Yésus Kristus. Punika ugi kados ingkang kalampahan wonten ing gesangipun Yokanan Pambaptis, ingkang nalika samanten ngajengaken pitakènanipun ngéngingi kalenggahanipun Gusti Yésus minangka Sang Mesih. Yokanan Pambaptis ngrumaosi bilih umur gesangipun mboten dangu malih, pramila pitakènan bab kalenggahanipun Yésus minangka Sang Mesih, mboten saged kaéntha-éntha piyambak, ingkang saged nuwuhaken raos tidha-tidha. Pitakènanipun Yokanan malah mratandhani menawi piyambakipun gesang ing salebeting tetunggilan raket kaliyan Gusti Yésus.

Para sadhèrèk ingkang dipuntresnani déning Gusti,

Ing salebeting wekdal Advèn punika, anggen kita ngantu-antu rawuhipun Sang Kristus, prelu kita lampahi kanthi kebak kasabaran. Serat Yakobus nggambaraken kadosdéné juru tani ingkang nenanem taneman lan pitados bilih pakaryanipun Allah badhé binabar. Sadaya ingkang kasebar ing salebeting kasabaran badhé thukul lan ngasilaken woh ing salebeting gesang punika. Yakobus kanthi pratitis ngènetaken bilih kasabaran punika badhé dados pérangan ingkang nyata tumrap saben tiyang ingkang pitados dhateng pamarintahanipun Allah. Punika kados punapa ingkang dipun kidungaken déning sang juru Masmur (Masmur 46). Sang Juru Masmur memuji Allah karana Allah mboten namung rawuh wonten ing salebetipun pakaryan nyipta sadaya ingkang tumitah, nanging ugi rawuh ing saranduning lampah gesang kita. Gusti Allah punika ingkang Wiwitan dalah ingkang Pungkasan, ingkang badhé mratélakaken kaunggulanipun ing salebeting pakaryan kawilujengan kanggé tentrem-rahayunipun, shalom, sadaya ingkang tumitah wonten ing jagad raya punika.

Para sadhèrèk ingkang dipuntresnani déning Gusti,
Wekdal nengga rawuhipun Gusti, sanès lampah gesang ingkang kebak pepesthèn ingkang kita damel adhedhasar kasagedan kita piyambak. Anggèn kita sami nengga rawuhipun Gusti, malah kapara nuwuhaken manékawarni pitakènaning pitados, ingkang dados margi lumebet ngraosaken gesang tetunggilan kaliyan Allah, satemah kita sangsaya tepang kanthi saé bab Panjenenganipun, sesami, punapadéné sadaya ingkang tumitah ing jagad gumelar punika. Sarana makaten, lampah gesang padinenan kita punika badhé saged dados “shalom” tumrap sadaya ingkang tumitah kadosdéné tentrem rahayunipun Allah wonten ing Gusti Yésus Kristus, ingkang kaparingaken dhateng jagad punika.

Wusananipun para sadhèrèk sadaya, sami ngantu-antua Gusti kanthi kebak raos kabingahan wonten ing Minggu Advèn kaping 3, ingkang ugi kasebat Minggu Gaudete punika. Punapa kita sami pitados, bilih pangantu-antu kita sadaya punika badhé kawusanan déning pepesthènipun Gusti ingkang mbabar tentrem rahayu kanggé sadaya ingkang tumitah ing jagad raya punika? Menawi ing wekdal samangké kathah pitakènan dhumateng Gusti, kula aturi sami pitakèn ing salebeting pitados. Pitakènaning pitados mboten supados kita mangu-mangu dhumateng Allah, nanging malah kanggé sangsaya lebet anggèn kita tetepangan kaliyan Allah. Kanthi pitakèn, kita sesambetan langkung caket kaliyan Allah. Sesambetan ingkang raket makaten punika anjalari kita nggegesang katresnanipun Allah, lan tansah darbé pangajeng-ajeng ing salabeting lampah gesang ing jagad ingkang kebak raos ajrih lan gesang tanpa pangajeng-ajeng punika. Sami abebingaha lan tansah ngajengaken pitakènaning pitados dhumateng Gusti. Gusti Yesus mberkahi.

[ht-ytd]



KOTBAH

Minggu Advèn kaping 4

Minggu, 21 Dhésèmber 2025

Waosan 1: Yésaya 7:10-16
Tanggapan: Jabur 80:1-7, 17-19
Waosan 2: Rum 1:1-7
Injil: Matéus 1:18-25

Namung Sang Kristus Pangajeng-ajeng Kula!



KOTBAH JANGKEP

“Namung Sang Kristus Pangajeng-ajeng Kula”

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Sang Kristus,

Mangga kita tepangan sekedhap kaliyan piyayi asma Jane Marczewski utawi langkung kawentar kanthi nama ing pagelaran Nightbirde. Jane sanès seniman ingkang kalebet pinunjul namanipun, piyambakipun namung satunggaling pawèstri anèm salimrahipun ingkang remen sanget bab musik lan ngripta lagu-lagu atetales pangalaman gesangipun piyambak ingkang boten gampil dipun lampahi. Jane naté dipun tetapkan dhokter (*divonis*) nandhang *kanker* ingkang sampun nyebar dhateng ati (*hepar*), paru-paru, lan balung pengkeran (*tulang belakang*). Miturut dhokter wekdal anggènipun nglajengaken gesang watawis 2%. Nanging ngéramaken sanget, Jane boten semplah nglokro. Piyambakipun mratélakaken, “Rong persèn dudu nol persèn. Rong persèn iku sih-nugraha asalé saka Gusti. Lan rong persèn iku wus cukup kanggo ndarbèni pangajap lan mbacutaké urip.”

Boten lajeng angslup ing samodra raos semplah tanpa pangajeng-ajeng, Jane lajeng ngripta lagu, nyanyèkaken, lan makarya. Kepara piyambakipun nedahaken taléntanipun ing panggung agung *America’s Got Talent*, nyanyèkaken lagu kanthi irah-irahan “*It’s OK*” –satunggaling lagu nyariosaken raos sakit, kécalan, lungkrah, lan njenggèlèk tangi malih. Sasampunipun nyanyèkaken lagu kasebat, Jane lajeng suka paseksining kapitadosanipun: “Kita boten kedah nengga gesang murih dados saé kepara saged rahayu (*bahagia*).”

Tata kajasmanèn badanipun Jane pancèn ringkih, nanging jiwaipun tetep nyanyi utawi ngidung. Nama ingkang dipun anggé ing panggung inggih punika Nightbirde, piyambakipun mrasemonaken gesangipun kadya peksi ingkang tetep ngocèh ing satengahing palimengan. Sanadyan piyambakipun sampun tilar donya ing wulan Fèbruari 2022, pakseki kapitadosipun boten naté pejah. Piyambakipun mulang kita déné kakiyatan sajati lair saking manah ingkang satuhu mitadosi bilih Gusti Allah tansah nunggil, sinaosa ing palimengan ingkang ndhedhet.

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Sang Kristus

Paseksining Injil Matéus 1:18-25 nyariosaken wiyosan nDalem Gusti Yésus saking sisihanipun Yusuf. Wekdal samanten, Yusud lan Maryam ingkang nembé pepacangan, lan satata paugeran (*hukum*) sampun tinangsulan kados déné tiyang sesémahan, nanging dèrèng nunggil sesarengan ing satunggal griya. Ing satengahing pacawisan neningkahan, Yusuf kaaben-ajengaken kaliyan kasunyatan ingkang damel kagèt–Maryam ngandheg. Punika temtu nuwuhaken guleting batos (*pergumulan*) ingkang awrat sanget. Miturut padatan Yahudi, prakawis kasebat saged kawawas mujudaken prakawis lampah jina, ingkang pungkasanipun nuju paukuman kabenturi séla.

Winengku kawontenan batos ingkang poyang-paying, Yusuf mancasi ingkang miturut piyambakipun adil inggih punika: Boten nglajengaken pepacanganipun kasebat kanthi kèndel-kèndelan satemah boten damel kucem namanipun Maryam. Nanging ing kawontenan ancik-ancik pucuking eri punika, Gusti Allah rawuh. Lumantar pangimpèn, malaékating Gusti Allah mratélakaken piweling: “Hé, Yusuf, tedhaké Dawud, aja sumelang anggonmu ngepèk Maryam dadi bojomu, awit Putra kang kabobotaké iku marga saka Roh Suci” (Matéus 1:20). Satunggal pratélan punika njalari kawontenan batosisipun Yusuf malik grémbyang. Bab ingkang kawawas dados momotan ageng sanget, kasunyatanipun mujudaken pérangan saking rancangan karahayonipun Gusti Allah. Lan Yusuf nanggapi kanthi pambangun-turut ingkang satuhu.

Béda katandhingaken Yusuf, kita saged manggihaken tandukipun Prabu Ahas ing waosan Yésaya 7:10-16. Nalika nemahi prakawis awrat ing bab *politik* lan *militer* awit wontenipun pangancam saking Rézin lan Pékah, Ahas nampik ingkang katawèkaken déning Gusti Allah inggih punika pinaringan tandha minangka jaminan pitulungan. Ahas munjuk, “Kawula boten purun nyuwun, kawula boten purun nyobi dhumateng Sang Yéhuwah” (Yésaya 7:12). Ing satunggal sisih ketingal mursid, nanging sajatosipun punika dados pawadan anggènipun nampik pitulungan saking Gusti Allah. Wonten ing paseksi II Para Raja 16:2-3 kapratélakaken bilih Ahas punika raja ingkang duraka manahipun, malah ngandelaken déwa-déwa ngamanca lan kakiyatan politik kadonyan (inggih punika Asyur) sanès daya kasektèn saking Gusti Allah.

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Sang Kristus,

Ing punjering kawontenan awrat sanget (*krisis*) pilihan kita mangaribawani anggèn kita nemtokaken enering gesang kita. Kita saged kémawon kados déné Ahas ingkang ngandelaken dhiri pribadi lan manungsa, utawi kados déné Yusuf ingkang sumarah maring rancanganipun Gusti Allah sinaosa boten sadaya prakawis ingkang dipun temahi tinemu nalar.

Jabur Masmur 80 nyuwantenaken panjerit umatipun Gusti Allah ingkang winengku ing panandhang. Umat sami nyebat Gusti Allah minangka Pangèn, nanging kados-kados Pangèn ingkang mèndel kémawon. Kagatosna prakawis punika, ing salebeting kawontenan nandhang sakit, umat panggah anggènipun nguwuh sora: “Dhuh Gusti Allahipun ingkang sarwa dumadi, kawula mugi sami Paduka pulihaken, mugi karsaa nyunaraken wadana Paduka, temah kawula sami manggih wilujeng” (Jabur Masmur 80:7, 19). Jabur punika ngetingalaken pangajeng-ajengipun umatipun Gusti Allah murih tetep gesang, sinaosa karaos boten énggal pikantuk tanggapan. Pangajeng-ajeng punika boten ateges ngawon maring kawontenan awrat, nanging nuju dhumateng Gusti Allah ingkang karsa nyunaraken wadana Panjenenganipun.

Jabur Masmur punika dipun tetepi wonten ing Gusti Yésus Kristus, kados ingkang katandhesaken ing Rum 1:1-7. Paulus mratélakaken bilih Injil ingkang dipun wartosaken punika prasetyanipun Gusti Allah ingkang sampun kaweca lumantar para nabi, lan samangké dipun tetepi wonten ing Pribadinipun Gusti Yésus Kristus, tedhak-turunipun Dawud, Putraning Allah ingkang mbabar pakaryan lumantar wungu Panjenenganipun saking antawisipun tiyang pejah (Rum 1:4).

Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Sang Kristus,

Gesang punika pancèn winengku ing pitakènan ingkang boten gampil kawangsulan, nanging sinten ingkang dados lèndhèyaning gesang kita murih kuwagang nglangkungi pagesangan ingkang winengku ing kanyatan boten gumathok punika? Ahas sampun mancasi bilih lèndhèyanipun inggih punika kakiyatan dhirinipun piyambak lan manungsa sanèsipun. Nanging ing Minggu Advèn kaping sekawan punika, kita kaènetaken malih déné pangajeng-ajeng sajati punika namung wonten ing Gusti Yésus Kristus. Kados déné Jane Marczewski, ingkang tetep nyanyi sinaosa badanipun sangsaya lungsé kécalan daya. Kados déné Yusuf, ingkang panggah setya-tuhu sinaosa boten saged mangretosi kanthi cetha pramana pakaryaning Gusti Allah. Kados déné juru masmur, ingkang tetep nguwuh ing satengahing panandhang. Lan kados déné Paulus, ingkang misungsungaken saranduning gesangipun murih pawartosing Injil. Sumangga kita sinau mitadosi: “Namung Sang Kristus pangajeng-ajeng kita/kula” dadosa ing kawontenan bingah punapa déné sisah, dadosa bagus-kawarasan punapa déné sakit, dadosa ing kawontenan kalubèran punapa déné kakirangan; Sang Kristus sayektosipun dados pangajeng-ajeng ingkang boten damel cuwa ing manah. Panjenenganipun ingkang pinunjul nglangkuni kita, samangké rawuh saprelu nunggil saha mitulungi kita kanthi caraning Panjenenganipun ingkang boten gampil dipun slulupi déning nalar budi kita. Inggih lan amin.

[vi-ucsl]



KOTBAH

Dalu nDungkap Natal

Rebo, 24 Dhésèmber 2025

Waosan 1: Yésaya 9:2-7

Tanggapan: Masmur 96

Waosan 2: Titus 2:11-14

Injil: Lukas 2:1-14

**nDika
Lumampah
Boten
Piyambakan**
❧❧❧

KOTBAH JANGKEP

“nDika Lumampah Boten Piyambakan”

Para sadhèrèk ingkang kinasih,

You'll Never Walk Alone, mujudaken lagu jati dhiri saking kempalan bal-balan (*klub sepak bola*) ing Inggris, kasebat Liverpool FC. Lagu kasebat isinipun prasaja, inggih punika punapa kémawon ingkang kedadosan, para pandhemen-pemain bal-kempalan (*klub*) boten badhé nilar satunggal lan satunggalipun kepara badhé sami déné nyarengi panggah manunggal. Makaten ugi piweling ingkang kababaraken déning Gusti Allah tumrap manungsa lumantar wiyosan nDalem Gusti Yésus Kristus.

Gusti Yésus Kristus miyos ing kawontenan ingkang boten prayogi. Cariyos bab wiyosan nDalem Gusti Yésus ingkang kacathet ing Lukas 2:1-14 kawiwitan kanthi wontenipun paréntah cacah jiwa ingkang katetepaken déning Sang Nata Agung Agustus. Cacah jiwa punika boten namung gayut kaliyan wekdal utawi paréntah murih tumataning *administrasi* (thek kliwering kantor) ingkang sipatipun *netral* (mboten ngiloni sinten-sinten). Cacah jiwa punika boten namung supados saged kaétang gunggunging tiyang ingkang sami manggèn ing wewengkon tertentu lan ingkang dados *trend* (pawicantenanipun) rakyat. Cacah jiwa punika ancasipun murih saged kawilang sapinten kasugihan satunggaling wewengkon ingkang kawengku (*jajahan*) – gunggung ingkang sami manggèn (*penduduk*), sato-kéwan ingkang dipun darbèni, asiling panèn

satemah panguwaos saged nemtokaken pajeg paling inggil ingkang mangkénipun dipun-trepaken dhateng rakyat lan dipun setoraken dhateng karajan sang nata. Cacah jiwa ingkang kelampahan boten kanggé kapentinganipun rakyat – contonipun mbiyantu tuwuhing ékonomi wewengkon sanèsipun satemah wradin adil – kepara kanggé kapentinganing sang nata – murih sangsaya kiyat/sugih karajanipun, prajurit-prajuritipun, lan sapiturutipun. Salimrahipun cacah jiwa makaten punika njalari tambah kathah kamiskinan lan necepi rakyat sakathah-kathahipun murih nuruti kapentingan pribadi.

Saged dipun wastani bilih cacah jiwa punika mujudaken tandha tanduk kumawaos lan anggènipun sang nata meksa tumrap badan tuwin pasitèn, malah sareng kaliyan lumampahing wekdal, rakyat ingkang kajajah boten preduli dhateng rakyat punika. Bab kasebat sangsaya ketinggal lumantar Inji Lukas ingkang nedahaken bilih Yusuf lan Maryam kedah késah saking Bètlèhèm sinaosa anggènipun mlampah tebih lan kawontenan Maryam nembé ngandheg mèh lèkipun. Kawontenan kados makaten punika mesthinipun nuwuhaken pagiris punapa déné winengku ing raos was-sumelang, punapa déné momotan gesang; dumadakan wonten biwara, “Ing dina iki wis miyos Juru-slametmu.”

Satunggaling piweling ingkang katujokaken kanggé manungsa tertentu ingkang kapratélakaken tumrap para pangèn. Minangka pérangan saking tiyang-tiyang ingkang kajajah, para pangèn ugi ngraosaken ajrih/kuwatos kados ingkang dipun raosaken kathah tiyang wekdal samanten. Upami para tiyang boten ngraosaken ajrih/kuwatos awit kumawasanipun sang nata; saboten-botenipun tiyang-tiyang sami mangretosi tegesipun ajrih saking kawontenan mangsa tertentu ingkang boten prayogi kadya segawon ajag ingkang badhé memangsa. Warta ingkang sipatipun pribadi bab wiyosipun Sang Juru Wilujeng ingkang kapratélakaken tumrap tiyang-tiyang punika nedahaken bilih Panjenenganipun rawuh lan tindakan nyarengi manungsa ingkang winengku ing raos ajrih, sumelang, lungkrah malah boten dipun gatosaken manungsa sanès.

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

Énggal sasampunipun nampi warta kasebat, para pangèn kérah mesthèkaken bab kayektosaning warta ingkang kapi reng kasebat (ayat 15). Sampun rampung anggènipun mesthèkaken warta ingkang dipun pireng kasebat, para pangèn lajeng wangsul ing pasamunan malih kanthi manah ingkang bingah (ayat 20). Punapa wonten gayutipun kaliyan kawontenan karajanipun sang nata ingkang wiwit gonjang-ganjing? Punapa jalaran dumadakan tiyang-tiyang punika dados sugih? Boten. Kawontenan ing sakiwa tengen para pangèn boten santun rupa, nanging tanduking manah tiyang-tiyang ingkang gingsir. Tiyang-tiyang sami manggihaken pangajeng-ajeng lan ngraosaken rawuhipun Gusti ingkang nunggil kaliyan manungsa. Tiyang-tiyang sami wangsul kanthi suka-bingahing manah awit lampahing gesang dumadakan dados ènthèng nanging awit sami déné mangretosi bilih Gusti nunggil kaliyan manungsa. Tiyang-tiyang sami wangsul kanthi suka-bingahing manah boten jalaran lampahing gesang lajeng dados ènthèng sekéca nanging awit sami mangretosi bilih Gusti nunggil kaliyan manungsa. Bab kasebat kawawas cekap déning para pangèn satemah sami wangsul dhateng pasamunan kanthi manah ingkang rinengga ing karahayon.

Mangga kita suka pitakèn dhateng dhiri kita, punapa ingkang dados “cacah jiwaning karajan sang nata” tumrap gesang padintenan kita ing wekdal samangké? Bok menawi prakawis kasebat mawujud ing pameteg bab ékonomi, padamelan ingkang sangsaya awrat, sesambetan kaliyan sesami ingkang risak, raos kuwatos ing bab mangsa ngajeng, pangraosing dhiri ingkang boten murwat, lan sapiturutipun. Kita ugi ngraosaken kados déné Yusuf lan Maryam, meksa lumampah ing kawontenan ingkang boten prayogi. Utawi kados déné pangèn ingkang gesang kanthi kasunyatan ingkang boten kathah pilihan. Punapa kémawon ingkang kedadosan, warta natal panggah sami: Gusti rawuh.

Dalu punika kita ngriyandinaken dalu ndungkap natal kanthi ngèngeti wekdal-wekdal anggènipun Gusti kepareng lumebet ing jagad kita ingkang boten tumata babar pisan. Boten namung ngèngeti, kita ugi kauleman wangsul maring gesang

padintenan ingkang bok menawi dèrèng sampurna, wangsul dhateng brayat ingkang winengku manéka warni prakawising gesang, lan wangsul dhateng timbalan kita– dadosa berah (*pekerja*), siswa, tiyang sepuh, palados– sanès winengku ing ajrih sumelang/ kuwatos nanging kanthi suka bingahing manah. Punapa sababipun? Awit Sang Juru Wilujeng sampun miyos tumrap kita lan Panjenenganipun boten ngèndelaken kita lumampah piyambakan.

(ykk-ucsl)



Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

KOTBAH

Natal

Kemis, 25 Dhésèmber 2025

Waosan 1: Yésaya 62:6-12
Tanggapan: Mazmur 97
Waosan 2: Titus 3:4-7
Injil: Lukas 2:8-20

**Rawuhipun Allah
Nanggulangi
Raos Ajrih**



KOTBAH JANGKEP

“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, wonten satunggaling laré alit ingkang saben ndalu angèl tilem amargi ajrih peteng. Laré punika tansah sambat dhateng tiyang sepuhipun: “Ibu, Bapak, kula dikancani, kula wedi dhèwèkan.” Bapakipun lajeng nggesangaken lampu alit lan ngandika: “Nggèr anakku, Bapak ana ing kéné, kowé ora dhèwèkan. Ayo énggal bobok.” Raos ajrihipun laré punika ical, mboten amargi kamaripun wewah, mboten amargi petengipun ical sedayanipun, nanging amargi rawuhipun sang Bapak.

Mekaten ugi gesang punika. Jagad tansah kebak sawernining prakawis: tumindak mboten adil, panandhang, raos lepat, lan dosa. Nanging rawuhipun Gusti Allah wonten ing Sang Kristus mbirat raos ajrih kita. Amargi nalika Gusti Allah rawuh, manah ingkang kuwatir angsal panglipuran, batos ingkang ajrih angsal katentreman.

Waosan Injil dinten sapunika, Lukas 2:8-20 nyariyosaken bilih pawartos wiyosanipun Gusti Yésus sepisanan kawedharaken dhateng para pangèn. Rikala semanten pangèn punika nggadahi teges mirunggan ing satengahing masyarakat. Ing sasisih kalenggahan pangèn punika presis plek (*idèntik*) kaliyan Allah, lan para pangarsaning umat kadosta: Musa, Dawud, lan Amos, sarta para pangarsaning agami lan masarakat. Nanging ing sisih sanès para pangèn punika para buruh kasar,

ingkang gesang mboten pesthi, ingkang tansah lumampah pindhah-pindhah papan, ngengèn ménda-méndanipun ing tanah ngaré, redi lan ara-ara ingkang wonten suketipun. Rikala semanten ing kanyatanipun para pangèn punika namung masarakat kelas kalih ingkang mboten dipun-anggep, mboten dipun-pitadosi, lan kasingkiraken saking pasrawungan tuwin pangibadahipun tiyang ngagami.

Nanging Lukas nyariyosaken bilih para tiyang ingkang mekaten punika ingkang dipun-rawuhi Gusti Allah, lan angsal pawartos bab rawuhipun Sang Juru Wilujeng, Ratuning Katentreman, lan Putraning Allah. Pawartos punika suraosipun *subvèrsif* sanget, amargi sesebatan-sesebatan punika gadhahanipun Kaisar Agustus, nanging sengaja katujokaken dhateng Gusti Yésus ingkang miyos ing kaprasajan, tanpa kakiyatan militèr, lan tanpa gebyar kadonyan. Gusti karsa rawuh ing kaprasajan lan ngrangkul para tiyang prasaja kanggé ndèrèk mahargya rawuhipun Gusti.

Srana lelampahan punika kita saged sinau bilih Gusti Allah punika nresnasi umatipun, kalebet ingkang asor lan kasingkiraken. Gusti Allah rawuh mboten namung kagem ingkang kiyat, saras lan suksès. Rawuhipun Gusti Allah ugi katujokaken kanggé para tiyang ringkih, sèkèng, tuwin gesang ing panandhang. Kadosdéné dhokter ingkang ngginakaken sapérangan kathah wekdalipun kagem pasièn ingkang sakit awrat, mekaten ugi Gusti Allah linangkung asring rawuh dhateng ingkang sami nandhang. Rawuhipun ingkang mekaten ugi naté kawartosaken dhateng Israèl ingkang sasampunipun wangsul saking pambuwangan namung manggihi Yèrusalèm ingkang lumpuh lan angèl dipun dandosi malih. Gusti Allah prasetya bilih Yèrusalèm badhé dados “kutha kang ora ditinggal.” Punika pawartos panglipuran tumrap para tiyang ingkang angèl tangi malih saking kawontenan tanpa daya.

Bab punika ugi kasebataken ing Jabur. Allah mitulungi ingkang ringkih srana asta kaadilanipun. Jabur 97 nggambaraken Allah ingkang rawuh srana méga, latu, lan redi-redi sami ajèr ing ngarsaning Gusti. Tegesipun, kakiyatan duraka lan kuwaos ingkang nindhes mboten lestantun ing

salaminipun. Para tiyang ingkang tanpa daya lan ajrih ngadhepi panindhes, badhé manggihaken bilih astanipun Allah linangkung rosa katimbang panguwaosipun jagad. Pramila, umat mboten perlu kawon dhateng raos ajrih. Nalika kita dipuncidrani, nandhang kapitunan, utawi kapatrapan mboten adil, Allah punika Hakim ingkang adil. “Pangéran Yéhuwah iku Raja!” Jagad mboten tanpa ener. Kratoning Allah rawuh, nyata, lan lumampah nyarengi gesanging manungsa. Wonten ing satengahing uwas lan kuwatiring gesang, *krisis ekonomi, bencana*, pasulayan, wonten kanyatan pepréntahaning Allah ingkang mbekta pangajeng-ajeng. Pramila, sumangga kita ngarahaken manah mboten dhateng raos ajrih, nanging dhateng Kratoning Allah ingkang nembé lumampah. Pandom ing baita tetep ngarah ing sisih lèr sanadyan ombaking samaodra nempuh. Kratoning Allah punika dados “pandom rohani” ingkang nuntun enering pangajeng-ajeng kita ing satengahing ombaking gesang ingkang nggegirisi.

Sadhèrèk, punapa panjenengan pitados bilih sih-rahmatipun Kristus kuwaos mbikak margi tumrap tiyang dosa? Titus 3:4-7 ngèngetaken kita bilih Allah milujengaken kita mboten karana kasaénan kita, nanging karana katresnanipun ingkang nyata wonten ing Kristus. Dosa lan lelampahan gagal mboten dados pepalang malih kanggé sowan dhumateng Allah. Kita mboten sisah ajrih katampik, karana sih-rahmatipun Kristus linangkung agung katimbang dosa. Pramila, kita katimbalan sowan ing ngarsanipun Allah srana manah ingkang tinarbuka, tanpa topèng, tanpa lelamisan, amargi sih-rahmatipun Kristus sampun nyucèkaken. Prasasat, grasi (kanugrahan, sudaning paukuman) saking présidhèn saged ngicalaken cathetan kriminal satunggaling tiyang tahanan. Tahanan punika luwar mboten karana pandamel-becikipun, nanging karana grasi. Makaten ugi kita dipun apunteni déning Kristus.

Roh Suci kaesokaken kanthi lumintu marang kita. Punika ingkang mbèntenaken: kita mboten katégakaken mbudidaya srana ancas suwung. Roh Suci paring kakiyatan anyar, supados kita mboten tansah dhumawah salebeting raos

ajrih lan kasoran tanpa daya. Pramila, sumangga kita gesang dados putra-putrinipun Gusti, ahli-warising Kraton, ingkang ngarah dhateng gesang langgeng, mboten dipun-kuwaosi raos ajrih ingkang sawetawis mangsa. Satunggal lilin mboten saged lestantun dangu ing satengahing angin, nanging menawi latu obor kagesangaken kanthi lumintu, padhang tetep gesang. Mekaten gesang kita tanpa Roh namung dados lilin ingkang ringkih, nanging krana Roh Suci kita punika kadosdéné obor ingkang mboten gampang pejah.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, ing dinten Natal punika sumangga kita mitadosi rawuhipun Allah wonten ing Kristus ugi kaanggé kita sapunika. Allah nresnani ingkang asor tanpa daya lan kasingkiraken. Gusti mitulungi ingkang ringkih kanthi asta kaadilan. Kratonipun rawuh ing satengahing sejarah lan paring pangajeng-ajeng. Sih-rahmatipun mbikak margi pangapuntenan saha nganyaraken tumrap tiyang dosa. Rohipun nyagedagen kita dados ahli waris prasetyan lan tansah ing pangajeng-ajeng.

Pramila, sumangga ampun nglampahi gesang srana raos ajrih lan kuwatir. Ampun ngantos manah kita pepes déning raos ajrih dhateng wekdal ingkang dèrèng kalampahan, panandhang, utawi dosa. Nanging, lampahana gesang panjenengan srana iman lan pahargyan, karana Natal punika pratandha bilih Allah ngrawuhi umatipun. Lan menawi Allah rawuh, raos ajrih badhé sirna, kagantos déning kabingahan lan tentrem-rahayu sejatos. Sadaya punika pantes dipun riyadinaken. Lan karana punika Natal pantes dipun riyadinaken. Sugeng methukaken rawuhipun Allah, Sugeng Natal! Amin.

[ap-hw]



Kotbah
Minggu I
Sasampunipun Natal
Minggu, 28 Dhésèmber 2025

Waosan 1 : Yésaya 63:7-9
Tanggapan: Jabur 148
Waosan 2 : Ibrani 2:10-18
Injil : Matius 2:13-23

Pinanggih
Kaliyan Allah
ing Salebeting
Raos Ajrih Kita
☪☪☪

KOTBAH JANGKEP

Pinanggih Kaliyan Allah ing Salebeting Raos Ajrih Kita

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Réza A.A Wattiména satunggaling filsuf saking Indonesia, ing seratipun ingkang kaparingan jejer “*Anatomi Rasa Takut*” (“Peprincèning Rasa Wedi”) nggadhaahi pemanggih bilih sumbering raos ajrih inggih punika pikiran (panggalih) kita. Pikiran kita mangun wewayangan ing bab punapa ingkang badhé kalampahan tumrap dhiri kita. Wewayangan punika ngajrih-ajrihi kita. Lelampahan punika dèrèng kalampahan, mbokbilih badhé kalampahan, nanging ugi mbokbilih mboten kalampahan. Salajengipun, miturut Réza, bilih raos ajrih ugi saged karana wontenipun pengalaman pait dhiripun piyambak punapadéné tiyang sanès rikala rumiyin. Pramila, nalika kita naté nglampahi pengalaman pait rikala rumiyin, saged kémawon kita ajrih menawi pengalaman punika kalampahan malih.

Ing sisih sanès miturut Réza, raos ajrih saged thukul karana raos kaancam. Wonten ingkang ngancam bandha kita, kalenggahan punapadéné brayat kita, temah nukulaken raos ajrih. Raos ajrih ugi gegayutan raket kaliyan wekdal ingkang dèrèng kalampahan (*masa depan*). Kita ajrih wekdal panganti-anti kita peteng lan mboten mbingahaken.

Raos ajrih ingkang mboten kareksa kanthi prayogi badhé damel gesang nemahi reribet. Punapa gesang kita kedah tansah

dipun kuwaosi déning raos arih kémawon? Pangertosan punika njalari kita kedah damel kaputusan lan nemtokaken tanduk (*sikap*) supados raos ajrih punika mboten dados wewayangan gesang kita lan wonten margi pangluwaranipun.

Kitab Injil Matius 2:22, nyariyosaken Yusuf ingkang ngraosaken kanyatan ingkang tintrim karana raos ajrih ingkang linangkung. Nalika Yusuf mangertosi Arkhélaus nggantosaken Hérodès, wewayangan kala rumiyin ingkang ngajrih-ajrihi kalampahan malih ing penggalhipun. Lelampahan mejahi para laré jaler umur kalih taun sangandhap ingkang kalampah krana préntahipun Hérodès saèstu dados pengalaman *traomatis* (ngenglengaken pikiran). Katingalipun Yusuf angsal warta bilih Arkhélaus mboten kawon kejemipun katimbang bapakipun. Yusuf rumaos kaancam lan saèstu kuwatos dhateng lestantuning brayatipun menawi tetep manggèn ing Israèl. Ayat 21 nedahaken bilih Yusuf tetep wangsul dhateng Israèl miturut pitedahipun malaékat. Nanging sadèrèngipun manggèn linangkung dangu, piyambakipun nampi pawartos bab patrap kejemipun Arkhélaus, temah raos ajrih dumunung ing dhirinipun.

Menawi kita gatosaken bilih raos ajrih punika sanès dados pungkasaning cariyos gesanging Yusuf. Raos ajrih punika malah mbereg Yusuf kanggé dados tinarbuka lan ngupados karsanipun Gusti. Sanyata bilih ing salebeting raos ajrih, Yusuf mboten damel putusan kanthi sembrana, nanging srana tetep mituhu ngrantos pitedahipun Gusti. Gusti karsa ngagem raos ajrih punika kanggé nuntun lampah gesangipun Yusuf, sajangkah mbaka sajangkah. Lumantar pitedah ing salebeting impèn ingkang katampi, Yusuf nilaraken Israèl lajeng ngener dhateng wilayah Galiléa, ing kitha Nasarèt. Punika kalampahan supados katetepana ingkang kapangandikakaken déning para nabi, menawi Yésus badhé kasebat: “Tiyang Nasarèt.” Awit keparengipun Gusti, raos ajrihipun Yusuf dados salah satunggaling sarana kalampahaning rancanganipun Gusti ingkang mulya.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, saben manungsa pancèn mboten saged kalis saking panggodhaning dosa, momotan gesang, geguletaning batos, punapadéné

panandhang karena raos ajrih. Nanging sadaya momotaning gesang punika kedah kita tingali minangka kanyatan ingkang mbereg kita supados linangkung caket dhumateng Allah lan mangertosi karsanipun. Kitab Ibrani 2:10-18 nyariyosaken bilih rawuhipun Kristus ing antara manungsa dados srananipun Allah kanggé nuntun umatipun supados wantun nglampahi gesang. Ing salebeting manungsa ingkang asring ngadhepi panggodha, Yésus mitulungi manungsa mrangguli raos ajrih karena panggodha. Ibrani 2:18 ngendikakaken: “Awit, sarèhné Panjenengané piyambak wis nandhang sangsara marga saka kagodha, dadi Panjenengané saged mitulungi wong kang padha kena ing panggodha.”

Tembung kagodha ing waosan Ibrani 2:18 saged dipun mangertosi minangka ujian kanggé mangun saha ndiwasakaken iman. Ing bab punika, raos ajrih ingkang dipun alami manungsa sejatosipun saged dipun mangertosi minangka suasana batos ingkang saged mitulungi manungsa kanggé sangsaya mitadosaken dhiri dhumateng Allah lan mangertosi sarta nindakaken karsanipun Gusti. Sadaya punika kalampahan karena Allah piyambak ingkang tumindak paring pitulungan.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, pangertosan raos ajrih kanthi adhedasar Pangandikanipun Allah ndadosaken manungsa ngalami babaring rancanganipun Allah kanggé gesang umatipun. Yésaya 63:7-9 ngèngetaken kita bilih nalika manungsa ing salebeting karupekan, Gusti paring pangluwaran. Sinten ingkang paring pangluwaran? Panjenenganipun piyambak ingkang ngluwari. Panjenenganipun rawuh piyambak srana astanipun supados pitulunganipun nyata kanggé umatipun. Wiyosanipun Kristus ingkang kita riyadinaken ing dinten Natal dados bukti lan katetepan katresnan tuwin welasipun Allah punika. Allah piyambak ingkang ngrawuhi manungsa srana wiyosanipun Gusti Yésus Kristus. Punika nedahaken bilih semanten ajinipun manungsa ing pamirsanipun Allah, temah Gusti piyambak ingkang nindakaken pitulungan punika. Pitulunganipun Gusti ingkang nyata punika ugi ndadosaken umat saged mangertosi bilih panandhang, kalebet raos ajrih, malah badhé damel umat sangsaya ngraosaken

panganthipun Gusti temah umat tansah gesang ing satengahing pangajeng-ajeng.

Wasana, sadaya pitulunganipun Allah ingkang kita alami tumuju ing pepujèn dhumateng Panjenenganipun. Juru Masmur paring pangertosan dhateng kita bilih pérangan pungkasan saking sadaya geguletaning gesang inggih punika kidung pepujèn kita dhumateng Allah. Panjenenganipun makarya kanthi sampurna tumrap gesang umatipun lan tumrap jagad-rayapunika. Krana punika jagad raya saisinipun sadaya dados *orkèstrasi* (olah-olahan musig) pepujèn sokur awit pakaryaning Allah ingkang agung kagem jagad.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, pangandikani-pun Gusti ngèngetaken kita bilih raos ajrih ingkang dipun mangertosi kanthi cahya Sabdanipun Allah ndadosaken kita sangsaya ngalami pepanggihan kaliyan Allah. Kanthi tataging gesang ing salebeting pangandikanipun Allah, arah gesang kita badhé salaras kaliyan karsanipun, temah gesang kita tumuju dhateng tentrem-rahayunipun Allah. Pramila kita kaatag kanggé mranata raos ajrih minangka sarana langkung nyaketaken kita kaliyan Allah lan ngraosaken rangkulanipun Allah ingkang nentremkan manah. Amin.

[bw-hw]



KHOTBAH

Pungkasaning Warsa

Rabu, 31 Dhésèmber 2025

Waosan PL: 1 Para Raja 3:5-14

Tanggapan: Jabur 20

Waosan Injil: Yohanes 8:12-19

Pepadhang Bégkas Raos Ajrih



KOTBAH JANGKEP

“Pepadhang Bégkas Raos Ajrih”

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti, Rikala maos I Para Raja 3: 5-14 rerikatan ingkang mosik ing pikiran kita inggih punika blégêripun ratu ingkang wicaksana lan mubru raja brana (sugih). Pancèn leres, inggih punika Sang Prabu Suléman. Panjenenganipun inggih punika ratu ing Israèl ingkang kaping tiga, panjenenganipun nglènggahi kaprabon nglajengaken Dawud ingkang rama. Suléman punika putranipun Sang Prabu Dawud lan Ibu Bètsyéba. Sadèrèngipun, Bètsyéba naté nglairaken putra jaler, inggih punika patutanipun rikala sèdhèng kaliyan Sang Dawud. Éwasemanten putra punika sampun pejah amargi kénging wêwêlak ingkang katampèkakên dhumateng Sang Prabu Dawud.

Miyosipun Suléman (*Shelomoh*) mratandhani gesang ingkang anyar tumrap lelampahanipun Sang Prabu Dawud. Bilih sakawit panjenenganipun nampi wêwêlak saking Gusti Allah, samangké nampi kamirahanipun Gusti Allah. Kitab Suci ngandharaken bilih “*Sang Yéhuwah ngasihi marang putra iku*” (2 Samuèl 12:24). Malah Gusti Allah piyambak paring nami tumrap laré punika Yedija (*Yedid'yah*) ingkang tegesipun kekasihipun Yéhuwah. Mekaten punika wiyosanipun Suléman dados ngalamating padhang ingkang maringi pangajeng-ajeng anyar tumrap Sang Prabu Dawud.

Suléman kalenggahaken nggantos Sang Prabu Dawud, ingkang rama. Panjenenganipun mratélakaken katresnanipun dhumateng Gusti Allah kanthi gesang manut pranatan-

pranatanipun Dawud (1 Para Raja 3:3). Rikala semanten, Suléman lan bangsa Israèl taksih misungsungkaken kurban sembeléhan lan kekutug wonten ing tênggêr-tênggêr pangurbanan, amargi dèrèng kayasakaken padaleman kagem Asmanipun Gusti (1 Para Raja 3:2-3). Awit saking punika, ing salah satunggaling wekdal Suléman tindak dhateng Gibéon perlu caos kurban, amargi ing ngriku menika tetengger pangurbanan paling wiyar (1 Para Raja 3:4).

Waosan dinten punika nyariosaken bab punapa ingkang kedadosan lan dipun raosaken déning Suléman rikala sawêg manggèn ing Gibéon. Sang Yéhuwah ngatingal dhumateng Suléman ing salebeting supêna. Kitab Suci nyathêt bilih impèn minangka salah satunggaling sarana kaginakaken déning Gusti kagem ngandika dhateng manungsa. Yéhuwah nyaruwé, ngémutaken, lan paring pitedah ing sadhêngah prakawis ingkang badhé kelampahan lumantar impèn. Ananging, punapa ingkang karaosaken déning Suléman èstu bèntên. Ing salebeting supenanipun Suléman, Yéhuwah malah paring wêwêngan kanggé piyambakipun murih saged nyenyuwun, Pangandikanipun: *“Nyuwuna apa kang bakal Sunparingaké marang sira.”* (1 Para Raja 3:5). Iba anggènipun kêtêngên Suléman ing ngarsanipun Yéhuwah.

Suléman pancèn bèntên kaliyan limrahipun tetiyang. Piyambakipun boten nyuwun panjanging yuswa utawi raja brana utawi tansah mimpang ing paprangan. Panyuwunanipun Suléman inggih punika *“Milanipun Paduka mugi karsaa maringi dhumateng abdi Paduka manah ingkang saged nenimbang prakawis supados saged ngakimi umat Paduka kalayan saged mbédakaken punapa ingkang saé lan ingkang awon, awit sinten ta ingkang sagah ngakimi umat Paduka ingkang ageng sanget punika?”* (1 Para Raja 3:9). Lan panyuwunan punika kapiyarsakaken prayogi déning Sang Yéhuwah, pramila Panjenenganipun ngudanèni panyuwunan-ipun, kepara maringi ingkang boten kasuwun (1 Para Raja 3:10-14).

Yéhuwah maringi kawicaksanan lan kawasisan dhateng Suléman ngungkuli tiyang sanès. Kawicaksanan ingkang kaparingaken déning Yéhuwah tumrap Suléman kadosdéne

pepadhang. Lumantar pepadhang punika, Suléman saged bèntênakên pundi ingkang leres lan lepat, pramila saged mimpin lan ngadili pasamuwan kanthi adil.

Para Sedhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti,

Dinten punika inggih dinten pungkasan ing warsa 2025. Menawi Gusti marengaken, sekedhap malih kita badhé lumebet ingkang warsa 2026. Sinau saking Suléman, sumangga kita nyuwun kawicaksanaan lan panuntunipun Gusti. Kita boten mangertos punapa ingkang wonten sangajeng kita. Sedaya karaos peteng lan boten kasumerepan tumrapping kita. Kita kedah jujur ngakèni karingkihan tuwin winatesing gesang kita. Kita boten saged ngendelaken kekiyatan kita piyambak. Kita mbetahaken Gusti.

Waosan dinten punika ngêmot paseksinipun Gusti Yésus bab Dhirinipun piyambak. Panjenenganipun ngandika: “*Aku iki pepadhang ing jagad; sing sapa ngetut-buri Aku, ora bakal lumaku ana ing pepeteng, nanging bakal nduwèni padhang ing urip.*” (Yokanan 8:12). Paseksi punika nadhêsakên bilih: Sepisan, Gusti Yésus inggih Gusti Allah piyambak. Tiyang Yahudi punapa malih para ahli Kitab cetha sampun pana, ing Kitab Suci (Prajanjian Lami) pepadhang minangka pralampita miwah pangéjawantahing rawuhipun Gusti Allah. Kanthi mratélakaken dhiri minangka pepadhang ing jagad, Gusti Yésus badhé nedahaken bilih sejatosipun Gusti Yésus rawuh saking Gusti Allah lan Panjenenganipun inggih Gusti Allah punika piyambak.

Kaping kalih, amargi Gusti Yésus punika pepadhang, pramila saben tiyang ingkang dhèrèk ing Panjenenganipun boten badhé mlampah ing salebeting pepeteng. Pepeteng mralambangaken gesang ing pangawulaning dosa. Gusti Yésus rawuh kanggé béngkas pepeteng punika, “*Aku wus teka ing jagad dadi pepadhang, supaya sok wonga kang pracaya marang Aku, aja tetep ana ing pepeteng.*” (Yokanan 12:46). Awit saking punika Gusti Yésus ngémutaken, “*Pepadhang iku ana ing kowé mung kari sagebyaran baé. Sasuwéné pepadhang iku ana ing kowé, pracayaa marang dhèwèké, supaya kowé aja nganti kesaput ing pepeteng,*” (Yokanan 12:35). Gusti Yésus rawuh minangka

pepadhang kanggé milujengaken manungsa murih boten manggèn (gesang) ing kawontenan petenging dosa.

Miturut tiyang Farisi, paseksinipun Gusti Yésus punika lepat lan boten sah. Sepisan, awit manut Anggêr-anggêr Sedasa Prakawis, paseksinipun tiyang setunggal, punika boten sah. Kaping kalih, awit boten ngakêni bilih Gusti Yésus menika wewujudaning pepadhangipun Gusti Allah piyambak. Para tiyang Farisi ngadili manut ukuranipun manungsa, pramila boten saged nyumerepi kayektosan ingkang sejati.

Éwasemanten Gusti Yésus ngulêmi saben tiyang ingkang pitados kanggé lumebet ing padhanging katresnanipun. Pramila, tiyang-tiyang pitados menika badhé lumampah salebeting pepadhang, ateges lumampah ing kayektosan. Malah boten namung punika kémawon, saben tiyang pitados wau ugi badhé tansah nggadahi pepadhanging gesang. Saben tiyang boten namung mlampah ing margining pepedhang nanging ugi minangka putra-putraning pepadhang, ngantos saged madhangi kawontenan ing sakiwa-tengenipun.

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti,

Kadosdéne Yéhuwah tansah nresnani Suléman lan miji piyambakipun kanggé nuntun (mangarsani) umat kagunganipun Gusti kanthi kaadilan lan kayektosan. Sepinten petengipun gesang kita kawuri, Gusti badhé tansah nresnani kita. Panjenenganipun rawuh minangka pepadhang kagem bêngkas pepeteng ingkang nglimputi gesang kita lan mratitaken gesang kita wonten ing salebetipun padhanging katresnanipun Gusti. Awit saking punika, tampènana klayan urmat timbalanipun Gusti salebeting gesang ing kayektosan, kaadilan, kawicaksanan, katresnan. Kanthi mekaten kita ugi ndhèrèk nyunaraken pepadhanging Sang Kristus lan madhangi gesang ing sakiwa-tengen kita. Kita saged dhatengaken cak-cakaning gesang ingkang saé saha ngetingalaken gesang ingkang mumpangati. Amin.

[ery-mgk]



KOTBAH

Warsa Énggal

Kamis, 1 Januari 2026

Waosan 1: Kohèlèt 3:1-13
Tanggapan: Jabur 8
Waosan 2: Wahyu 21:1-6a
Waosan Injil: Matéus 25:31-46

Ing Salebeting Katresnan, Gusti Anjenengi ☪☪☪

KOTBAH JANGKEP

“Ing Salebeting Katresnan, Gusti Anjenengi”

Para Sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,
Leo Tolstoy, nyerat cariyos cekak kanthi irah-irahan: “*Di Mana Ada Cinta, di Sana Ada Tuhan*”. Salebeting seratanipun, Tolstoy nyariosaken bab tiyang jaler ingkang sampun sepuh awewangi Martin Avdeich ingkang gesang piyambakan (ijèn), sasampunipun tinilar séda déning garwa saha yoga-yoganipun. Sasampunipun yoga wuragil pejah, piyambakipun nebih saking Gusti, nglepataken Gusti. Piyambakipun asring ngudaraos: “Kénging punapa Gusti Allah malah nimbali wangsul yoganipun ingkang taksih timur, boten piyambakipun ingkang sampun sepuh?” Ananging, ing satunggaling wekdal, piyambakipun kaémutaken déning kanca-rowangipun ngengingi bab katresnanipun Gusti dhateng piyambakipun. Wicantenipun kanca punika dhumateng Marthin*: “*Awaké dhéwé kudu urip kanggo Gusti, Marthin. Gusti Allah wus paring urip lan awit saka panguwasané Allah sliramu urip. Manawa sliramu gelem urip kagem Gusti, banjur sakèhing kasedhihanmu sirna. Sang Kristus wis mulang kepriyé bisané awaké dhéwé kudu urip kagem Panjenengané. Saiki, njupuka Kitab Suci, wacanen lan èstokna kabèh kang kaèmot (kapangandikakaké) ing jeroné.*”

* Nuwun sèwu, kadamel ngginakaken pacelathon padinan, pangangkah, punika pacelathon ing antawisipun kanca kaliyan mitranipun.

Tetembungan punika adamel Marthin lon-lonan dados pasrah. Piyambakipun wiwit nyaketaken dhiri malih dhumateng Gusti, sregep maos Kitab Suci.

Ing satunggaling wekdal, tiyang jaler sepuh punika ngajeng-ajeng sanget rawuhipun Gusti sacara nyata ing gesangipun. Piyambakipun nyupêna bilih Gusti ngandika dhumateng piyambakipun supados ningali sanjawining cendhêla, amargi Gusti saweg wonten ing ngrika. Rikala ningali medal, tiyang jaler sepuh punika sumerep sawetawis tiyang ingkang kasayahan. Wonten ingkang sepatunipun risak, dhateng tiyang punika Marthin paring pambiyantu dandosi sepatu lan maringi unjukan tèh bentèr kanggé ngangêtakên badan amargi kawontenan saweg asrêp. Nalika piyambakipun nyumerepi pawèstri lan putranipun kasrêpên, Marthin maringaken slimutipun kanggé pawèstri lan putranipun punika. Piyambakipun paring pambiyantu dhateng tiyang-tiyang kasebat manut kasagedanipun. Sadinten-muput piyambakipun sengkud paring pambiyantu dhateng tiyang-tiyang ing sakiwa-tengenipun, kalebet tiyang manca ingkang babar-pisan boten dipun tepangi. Bénjingipun tiyang jaler sepuh punika nyupena bilih Gusti rawuh ing griyanipun, kanthi wujud tiyang ingkang dipun tulungi dinten kapêngkêr. Tiyang jaler sepuh punika tundhanipun ngrumaosi bilih kalawingi Gusti Allah saèstu rawuh manggihi piyambakipun trêp kaliyan panyuwunanipun, rikala piyambakipun nindakaken kasaénan dhumateng tiyang-tiyang ing sakiwa-tengenipun. *“Satemené pituturingSun marang sira: Samubarang kabèh kang sira tindakaké kanggo salah sawijining saduluringSun kang asor dhéwé iki, iku iya sira tindakaké kagem Ingsun.”*

Para sedhèrèk, novèl (cariyos gancaran babagan gesangipun satunggaling tiyang kaliyan tiyang ing sakiwatengenipun) punika kaserat déning Leo Tolstoy kailhami déning seratan ing Kitab Suci, kadosdéné ingkang kita waos ing dinten punika, inggih punika Matéus 25: 31 – 46. Salebeting cariyos punika, kita ningali bilih nalika tiyang namung

menggalihaken bab dhirinipun piyambak, piyambakipun kajiret déning kasisahan lan kécalan aosing gesang. Kosok wangsulipun, nalika tiyang menggalihaken ugi kawontenaning tiyang sanès ing sakiwa-tengenipun, mindhak dinten tiyang punika saged manggihaken bilih gesang punika saèstu aji. Gesang punika karaos éndah amargi gesang punika minangka bebingah ingkang aji ingkang kaparingaken déning Gusti lan bebingah punika saèstu aji tumrap gesang kita.

Para sedhèrèk kinasih, inggih awit gesang punika aji, pramila gesang peparingipun Gusti punika èstu wigatos tumrap kita. Boten wonten punapa kémawon ingkang nglangkungi ajining gesang. Bab punika ingkang dadosaken kita kedah tansah ngucap sokur lan ngrêrantam menggahing gesang kita. Nélakaken raos sokur awit saking bab-bab ingkang sampun kita alami ing warsa-warsa kapengker, caos sokur awit sedaya ingkang wonten ing gesang kita, ugi ngrerantam bab-bab ingkang migunani tumrap gesang kita ing wekdal candhakipun.

Nélakaken raos sokur saha ngrerantam lampahing gesang inggih punika minangka sangu kita lumebet ing warsa 2026, déné dinten punika kita miwiti gesang ing warsa 2026 punika. Kados adat saben, rikala lumebet ing warsa anyar, kita kalimputan déning raos mangu-mangu, amargi dinten candhakipun dèrèng kasumerepan. Éwasemanten, saking pangandikanipun Gusti ugi, kita saged sinau murih saged pitados dhumateng Gusti Ingkang Nitahaken langit lan bumi, Ingkang Mranata saha Ingkang salajengipun badhé Mungkasi Dinten, wekdal peparingipun Gusti. Bab punika saged kita sinaoni saking Kitab Kohèlèt 3: 1-13 ingkang sampun kita waos sesarengan. Ing ngrika kita manggihaken Kohèlèt ingkang kados-kados kuwatos kaliyan gesang ingkang dipun lampahi. Ananging menawi kita setitèkakên, ing ngrika kita kayakinaken bilih Kohèlèt boten kuwatos kaliyan gesangipun. Waosan punika bèrèg kita ningali bilih tumraping Kohèlèt, gesang punika pancèn boten kanggé dipun-mangertosi, nanging supados dipun-pitados. Kita pancèn boten mangertos magepokan bab-bab punapa ingkang

kelampahan ing wekdal candhakupun. Kénging punapa kok saged mangkéné, kénging punapa kok saged mangkono, kita boten mangertos. Boten wonten sawenèhing tiyang ingkang nyumerepi. Kohèlèt kepara bêrêg kita mitadosi bilih ing sawingkinging gesang punika wonten Astanipun Gusti Allah ingkang makarya. Awit saking punika, ingkang saged katindakaken déning manungsa inggih punika nyumèndhèkaken gesang kita dhumateng Gusti Allah ingkang kagungan samukawis sadaya. Kohèlèt kados-kados paring pitedah dhateng kita, sumangga kita lampahi gesang punika kanthi ngémuti bilih Gusti: “ndadèkaké samubarang kabèh éndah ing wayah kang wus kapêsthèkaké”.

Para sedhèrèk,

Inggih awit Gusti badhé akarya samukawis sadaya éndah, pramila ingkang kedah kita lampahaken inggih punika lumampah tut-wingking Panjenenganipun. Setya ing Panjenenganipun. Tékad kita, kasagahan kita sepisanan inggih punika gondhèlan dhumateng Panjenenganipun. Amargi, gesang ing jagad ingkang tanpa tuwas punika nedya dumugi pungkasanipun. Badhé wonten “langit lan bumi anyar”, makaten andharanipun Kitab Wahyu. Lan pungkasaning sedaya punika inggih punika pangadilan ingkang pungkasan.

Ingkang nengsemaken, Injil Matéus nggambaraken salebeting pangadilan punika, manungsa katimbang mawi cara ingkang prasaja. Punapa kita sampun “nguwongaké” sesami kita (nglenggahaken tiyang sanès minangka sesami kita), mirungganipun tiyang miskin lan kaina keplesit? Punapa kita sampun paring tedhan, unjukan, palereban, sandhangan, lan nuwèni lan manggihi tiyang-tiyang punika?

Para sedhèrèk kinasih, sumangga kita gegilut: Punapa kita sampun pantes kawastanan “nguwongaké” sesami, menawi taksih dados panunggalaning tiyang ingkang ngunthèt bandha (*korupsi*), ambeg siya (sawenang-wenang) dhateng tiyang, nggêga pikajeng piyambak, lan sanèsipun? Awit saking punika,

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

mbokbilih kita badhé ngrerantam sadhéngah prakawis ing warsa 2026 punika, sumangga kita wiwiti kanthi cara ngrerantam tumindak prasaja ing warsa 2026 punika. Boten perlu menggalih ingkang angèl, cekap prasaja kémawon. Amargi ingkang kakersakaken Gusti ugi prasaja. Inggih punika murih kita purun andum gesang, nguluraken asta, tetulung dhateng tiyang ingkang binucal, lan boten kaanggep (keplesit).

Kanthi tangan ingkang kaathungaken, wonten kathah bab ingkang mboten kados padatan saget kelampahan. Bab asta ingkang sumadya makarya, Andar Ismail* nyerat:

*Kristus, berkatilah
tangan yang memeluk dan mendekap,
tangan yang membuai dan membelai,
tangan yang merangkul dan meraba,
tangan yang memberi dan menerima,
tangan yang merestui dan memberkati,
tangan yang terangkat dan terkulai,
tangan yang menyambut dan memaafkan,
sebab tangan itu memulihkan*

Kathah tiyang nganggep, jagad punika betahaken bandha, ékononi, lan sanèsipun. Saged ugi leres, nanging boten namung punika. Jagad punika betahaken asta ingkang ngrangkul. Nalika momotan awrat mêtêg, saiba kita betahaken asta ingkang ngrangkul kadosdéne berkah, “*Mitraku, aku gelem ngréwangi.*” Rikala sangsaya kathah tiyang ingkang gesangipun rumaos ketaton manahipun, kabetahaken asta ingkang rumengkuh lan ngapunteni. Rikala kathah tiyang rumaos kapetek ing momotan, kabetahaken asta ingkang tinarbuka, samekta mapag lan nentremaken. Tangan-tangan alit kados mekaten ingkang kabetahaken kanggé nglampahi dinten-dinten ing warsa 2026. Sami pitadosa, saben tumindak tresna, sinaosa alit kadospunapa,

* Nuwun sèwu, seratan punika boten kapertal. Murih “rasa bahasa” ingkang kakersakaken juru seratipun boten ical.

katresnan punika ngewrat kautamèn langgeng. Pramila leres tetembungan ingkang nélakaken: **“*Di dalam cinta dan kasih hadirlah Tuhan*”** **“Ing salebeting katresnan, Gusti anjenengi”**. Wilujeng lumebet ing warsa 2026. Amin.

[wsn-mgk]



KOTBAH

Minggu II Sasampunipun Natal

Minggu, 4 Januari 2026

Waosan 1: Yérémia 31: 7 – 14
Tanggapan: Jabur 147: 12 – 20
Waosan 2: Éfesus 1: 3 – 14
Injil: Yokanan 1: 10 – 18

Wiyosanipun Mbekta Gesang



DHASARING PAMANGGIH

Wiyosanipun Gusti Yésus mbekta pangajeng-ajeng tumrapping jagad. Sedaya tiyang pitados kadadosaken para putraning Allah. Yokanan 1:12-13 mratélakaken bilih sedaya tiyang ingkang pitados dhumateng Panjenenganipun kaparingan wewenang dados para putraning Allah. Putraning Allah ingkang lair mboten karana rah, mboten saking pakaremaning daging, nanging saking Gusti Allah.

Panjenenganipun rawuh mulihaken gesanging manungsa. Lumantar jejer “Wiyosan Mbekta Gesang”, pasamuwan kaatag sageda ngalami saha ngraosaken bilih miyosipun Gusti Yésus dados pangajeng-ajeng ing kawontenan pasang-suruting gesang.

Lumantar pangibadah Minggu kaping kalih sasampunipun Natal punika, saben tiyang pitados kabereg supados “lair” minangka manungsa ingkang anyar. Kanthi pitados lan tansah sumarah dhumateng Sang Kristus, pasamuwan badhé kapulihaken saking raos ajrih lan sumelang ing salebeting gesangipun. Umat kaatag supados tansah sumarah dhumateng Sang Kristus ing sadhéngah lelampahan gesangipun.

KOTBAH JANGKEP

“Wiyosanipun Mbekta Gesang”

Pawartos kalairan, punika satunggaling pawartos ingkang mbingahaken ing satengahing brayat. Mboten namung punika, pawartos kalairan ugi mbekta wontenipun éwah-éwahan

tumrapping brayat punika. Tiyang sesomahan badhé sangsaya wonten indhak-indhakanipun ing bab tanggel jawab minangka tiyang sepuh; anak ingkang sampun kalairaken sadèrèngipun lajeng gadhah “kanca” lan dados kakang utawi mbakyu. Langkung saking punika, wontenipun “anggotaning brayat ingkang anyar” asring dipun pahargya déning brayat, para sedhèrèk lan para kadanging brayat. Limrahipun, sedhèrèk-sedhèrèk sami tetuwi lan malah ugi paring bebingah utawi kadho kanggé bayi ingkang nembé lair punika.

Pranyata wiyosanipun Gusti Yésus ugi mbekta éwah-éwahan ingkang mboten namung karaosaken déning Maryam lan Yusuf, nanging ugi tumrap kita sami. Miyosipun Sang Juru Wilujeng mbekta gesang anyar kanggé kita. Juru Wilujeng punika rawuh lan miyos ing jagad, manjalma dados manungsa. Panjenenganipun rawuh kagem mratélakaken kamulyanipun Allah Rama lan paring pulih sesambetaning manungsa kaliyan Gusti Allah. Pramila samangké kita sedaya ugi kepareng ndhèrèk ngaturaken “bebingah” awit miyosipun punika. Nanging punapa ingkang badhé kita aturaken minangka wujud ing bingah lan sokur kita?

Lumantar waosan lèksionari samangké, kita saged nyumurupi bilih pakaryan anggènipun Gusti Allah nitahaken jagad lan panebusanipun punika minangka satunggaling pakaryan ingkang wetah. Kekalihipun minangka pérangan saking rancanganipun Allah ingkang wetah lumantar Gusti Yésus ing salebeting panguwaosipun Sang Roh Suci. Minangka para putraning Allah, kita katimbalan supados ndhèrèk tumandang damel ing pakaryanipun. Yokanan pratéla bilih, Gusti Allah ingkang sinebat “Sang Sabda” punika minangka ingkang nitahaken lan tuk-ing sedaya agesang. Émanipun, para titah sami nebih saking ingkang nitahaken, temahan mboten sami tepang kaliyan Panjenenganipun. Mila Gusti Allah karsa rawuh kanggé paring pulih tumrapping sedaya manungsa. Anggènipun paring pulih punika mboten karana pepénginanipun manungsa, nanging awit sih katresnanipun lan sih nugrahaning Allah kanggé manungsa sadaya. Lan Panjenenganipun karsa rawuh piyambak ing jagad punika, ngagem sipating manungsa supados manungsa

saged “ngalami” rawuhipun Allah ing salebeting wujud ingkang saged dipun sumurupi lan saged dipun mangertosi déning manungsa.

Gusti Allah karsa ngrengkuh saben umat sarana pakaryan ingkang nyata ingkang sampun katindakaken. Ing Kitab Nabi Yérémia 31:7-14, Panjenenganipun ngetingalaken katresnanipun lumantar kawontenaning sisa-sisanipun (kekarènipun) Israèl ingkang tumpes krana pambuwangan lan pangawulan, salajengipun katunggilaken malih. Bangsa Israèl kapulihaken saking kawontenan ingkang kebak pangadhuh kagentosan surak-surak, saking kekirangan lan panandhang kagentosan suka bingah lan tentrem rahayu. Sang Juru Masmur ugi nyerat pakaryan kawilujenganipun Allah, ing ngriku sinebat bilih Gusti Allah ingkang karsa jumeneng dados pangayom, ingkang paring kasantosan lan ingkang paring pulih tumrapping para umat kagunganNya. Pakaryaning Allah ing Gusti Yésus Kristus ugi kapratélakaken déning Rasul Paulus dhateng pasamuwan ing Èfèsus. Ing seratipun, Rasul Paulus nyerat bilih manungsa pikantuk panebusan lan pangapunten lumantar rahipun ingkang suci. Gusti Allah nitahaken sedaya samukawis punika wonten ing Sang Kristus. Panjenenganipun ngersakaken sedaya ingkang wonten, samiya wangsul dumateng Sang Kristus supados katunggilaken.

Gusti Allah rawuh saperlu mulihaken sesambetanipun manungsa ingkang rusak krana dosa. Panjenenganipun rawuh lan miyos dados bayi papa ingkang kangungan pangrèh ageng tumrap gesangipun manungsa. Rawuhipun mbekta kita dhateng gesang ingkang anyar. Kita sampun kawilujengaken lan kapulihaken minangka titah ingkang anyar. Saèmper kaliyan nalika kita mangayubagya lairipun sedhèrèk-sedhèrèk kita, kita ugi mahargya miyosipun Gusti kanthi tetuwi lan ngaturaken bebingah. Inggih ingkang sepisan, tetuwi punika tegesipun purun ndhatengi lan nyaketi – inggih punika ndhatengi lan nyaketi Panjenenganipun. Kita sami sinau supados saged tepang kaliyan Panjenenganipun. Tepang punika mboten namung ngertos, nanging kita ugi saged ngraosaken patunggilan katresnanipun Sang Bayi, Yésus Kristus. Menawi kita sampun tetuwi, ing

salajengipun kita ngaturaken bebingah. Ing ngriki kita mboten mesthi kedah ngaturaken bebingah awujud arta utawi barang darbé, nanging kita saged ngaturaken dhiri kita minangka pisungsung ingkang gesang. Kita saged ngaturaken dhiri kita awit Gusti Allah ugi sampun langkung rumiyin maringaken sih rahmatipun dhateng kita (Yokanan 1:16). Sih rahmatipun Gusti njalari kita sami gesang anyar, ingkang nyagedaken kita ngladosi sesami srana talénta ingkang kita gadhahi.

Miyosipun Gusti Yésus mbekta kita dhateng gesang anyar:

1. Miyosipun Gusti nggesangaken pangajeng-ajeng tumrap saben tiyang ingkang kablenggu déning pepeteng.
2. Miyosipun Gusti nggesangaken pangreksa lan pangayoman tumrap tiyang ingkang mbetahaken pitulungan.
3. Miyosipun Gusti nggesangaken idhèntitas (tetengering) dhiri lan ancas tujuaning para putranipun Allah.
4. Miyosipun Gusti nggesangaken pepadhang lan gesang langgeng tumraping tiyang pitados.

Sumangga kita gesangi wiyosanipun Sang Kristus, mboten namung minangka tata upacara agami saben tahun. Nanging, langkung saking punika, kita kabereg kanthi andhap asor purun tetuwi lan ngaturaken bebingah srana pepanggihan pribadi kita kaliyan Ingkang Gesang. Minangka manungsa ingkang sampun kalairaken malih dados manungsa anyar, sumangga kita gesang minangka para putranipun Allah ingkang tansah nyunaraken pepadhang, katresnan lan pangajeng-ajeng. Amin.

[gap-ip]



KOTBAH
Minggu Gusti Yésus Kabaptis
Minggu, 11 Januari 2026

Waosan 1: Yésaya 42:1-9,
Tanggapan: Jabur 29,
Waosan 2: Lelakoné Para Rasul
10:34-43,
Injil: Matéus 3:13-17

Saking
Bengawan Yardèn
Nuju Jagad
Ingang Geter
☪☪☪

KOTBAH JANGKEP

**“Saking Bengawan Yardèn Nuju Jagad Ingang Geter:
Rawuhipun Nukulaken Katentreman”**

Dalu punika jawah lan listrik ing kampung alit, ing pinggiran kitha Padang pejah wiwit sonten wau. Siti, Guru Honorer SD ingkang gesang namung kaliyan anakipun ingkang taksih balita lenggah caket cendhéla sinambi ngekep anakipun ingkang kasrepen. Piyambakipun nyawang kawontenan ing sajawining cendhéla, peteng, sepi lan mboten mesthi.

Sawetawis dinten sadèrèngipun, sekolah papan anggènipun mulang pikantuk pangancam saking sapérangan tiyang ingkang nganggep bilih wontenipun guru-guru ingkang agaminipun nyelé saking antawising tiyang-tiyang asli ing ngriku minangka bebaya tumrap “kemurnian budaya lokal.” Siti, dipun dakwa milut para murid kanthi piwulang agami kristen, namung karana piyambakipun mboten ngginakaken simbol-simbol agami mayoritas.

Raos ajrih lan geter tansah nglelimputi gesangipun. Menawi kedah kécalan ayahan dados Guru, lajeng kados pundi anggènipun mbayar kontrakan? Tumbas susu kanggé anakipun? Gesang karaos tintrim lan peteng kados dalu punika.

Nanging, nalika piyambakipun ndedonga ing salebeting manah, najan ta bingung kedah miwiti saking pundi,

piyambakipun dumadakan mireng swanten tètèsing toya saking pyan ingkang tumètès ajeg lan damel jenjem. Tètèsan toya punika kapi reng dados irama ingkang nentremaken manah. Ing kawontenan peteng, Siti rumaos kados wonten ingkang ngrawuhi lan nyapa-aruh piyambakipun. Sanès swanten ingkang sora, sanès cahya ingkang padhang njingglang, namung eninging swasana ingkang sekedhik mbaka sekedhik saged ngicali raos ajrih lan geteripun.

"Ing kawontenan peteng lan nukulaken raos ajrih ugi geter kados ingkang dipun alami Siti, kathah ing antawising kita ingkang asring nggresah: Ana ngendi Gusti? Apa Panjenengané wus ora preduli? Dinten punika kita kaémutaken lumantar prastawa Baptisanipun Gusti Yésus bilih Gusti Allah mboten naté kèndel. Panjenenganipun tansah rawuh. Déné rawhipun punika nyirnakaken ajrih lan geter. Mangga kita sami sesarengan nyinau Sabdanipun, mirungan magepokan kaliyan lelampahan Baptisanipun Gusti Yésus ingkang kaemot ing Matéus 3:13-17.

1. Gusti Allah rawuh ing kaasoranipun karsa nyami rupi kadya manungsa

Matéus 3:13-17 nyathet bab lelampahan baptisanipun Gusti Yésus déning Yokanan Sang Pambaptis ing Bengawan Yardèn. Punika prastawa ingkang penting, ingkang mratandhani wiwitan paladosanipun Gusti Yésus sacara tinarbuka. Kénging punapa dipun baptis? Awit punika pratandha sesuci kados déné ingkang dipun lampahi déning para imam kanggé miwiti ayahan peladosanipun minangka wakiling para umat ing ngarsanipun Allah (Pangentasan 29:4; Kaimaman :24). Baptisan ugi kaagem déning Gusti kanggé cara mapanaken dhiri jajar kaliyan para tiyang ingkang badhé katebus lan kawilujengaken. Panjenenganipun kajajaraken kaliyan manungsa ing sedaya samukawisipun, éwa semanten Panjenenganipun punika mboten dosa. Gusti Yésus kabaptis mboten karana Panjenenganipun dosa. Baptisanipun mratandhani anggènipun karsa mapanaken dhiri jajar kaliyan manungsa dosa sarta minangka anggènipun karsa njangkepi

rancananganipun Gusti. Bab punika katitik saking pangandikanipun: "...amarga iyo mangkono iku patuté Aku lan kowé padha netepi sakèhé kabeneran" (ay.15).

Gusti Yésus rawuh lan kabaptis mboten karana dosa, nanging karana rancangan kawilujenganipun Allah. Baptisanpun ugi saged kawestanan minangka tandha béla raosipun dhateng manungsa dosa. Panjenenganipun karsa mandhap tumuju dhateng toya ingkang reged krana dosaning manungsa, inggih kanggé njangkepi karsanipun Sang Rama. Kanthi mekaten, pamecanipun Nabi Yésaya ing Kitab Yésaya 42:1 jinangkepan. Ing ngriku kapratélakaken bab rawuhipun Ingkang Abdi Kang Piniji déning Allah. Panjenenganipun ngasta kaadilan ingkang tanpa kekerasan, nanging kinanthènan alusing budi. Inggih punika Gusti Yésus, ingkang ngantos ngasoraken dhiri dhateng papan ingkang paling andhap. Bab punika mratélakaken bilih Gusti Allah karsa rawuh mangandhap dhateng jagad saperlu miwiti pakaryan anggènipun paring pulih tumrap jagad.

Rawuhipun Gusti ing satengahing jagad ingkang mbetahaken kawilujengan saking Allah, ibaratipun Satunggaling Raja ingkang karsa paring “bantuan” dhateng rakyatipun. Panjenenganipun mboten namung ngintun “bantuan” punika saking kratonipun, nanging malah karsa lukar busana kamulyanipun lan ngrawuhi piyambak papan-papan pangungsèn, jumeneng ing sangajenging barisan tetedhan, ngusapi luhipun para rakyat lan ngendika, “Aku nunggil ing kowé”.

Ing satengahing kawontenan ingkang mboten pasti ingkang kathah dipun alami déning tiyang kristen ing Indonesia krana jagading *peradilan* taksih kawarnan déning *diskriminasi* (pilih kasih), kados-kados raosipin kita namung piyambakan. Nanging lumantar lelampahan baptisanipun

Gusti Yésus, kita saged nyumurupi bilih Gusti Allah mboten namung kèndélan ing nginggil ngrika. Panjenenganipun karsa rawuh lan njegur ing bladeraning gesang kita. Panjenenganipun pirsá punika. Panjenenganipun ngasoraken dhiri lan nyami rupi kados kita manungsa. Panjenenganipun nunggil kaliyan kita. Punapa panjenengan karsa pitados bilih Gusti rawuh ing kaasoranipun nunggil kaliyan kita?

2. Gusti Allah mratélakaken katresnanipun, rawuh ing tengahing jagad.

Matéus 3:13-17 kapapanaken sasampunipun lelampahan Yokanan Sang Pambaptis ingkang ngundhangaken pamratobat. Ing salebeting ngundhangaken pamratobat, Yokanan meca bab Gusti Yésus ingkang linangkung kuwaos tinimbang dhirinipun. Yokanan memulang bilih piyambakipun mbaptis srana toya, nanging Gusti Yésus badhé mbaptis srana Roh Suci lan latu (Matéus 3:1–12). Panyerat Injil punika mapanaken cariyos punika ing wiwitaning lelampahan pakaryanipun Gusti Yésus kanggé ngetingalaken bilih Gusti punika ingkang jinebadan ing Roh lan ingkang piniji déning Allah minangka Putranipun. "Langit piyak" dados tandha bilih Kratoning Allah rawuh. "Rohing Allah tumedhak pindha manuk dara, anedhaki Panjenengané." punika mratélakaken bilih Gusti Yésus jinebadan lan Roh Suci tansah nunggil ing Panjenenganipun (pir. Yès. 42:1). Lelampahan punika kapungkasan srana wontenipun swanten saking langit ingkang ngendika, "Iki PutraningSun, kekasihingSun, kang ndadèkaké renaning panggalihingSun." Punika pratélaning jati dhirinipun Sang Kristus lan karenaning misinipun Allah. Punika ugi njangkepi pangandika ing Kitab Nabi Yésaya 42:1 lan Jabur Masmur 2:7. Allah Sang Rama mboten ngersakaken menawi manungsa klèntu nepangi Putranipun. Gusti Allah karsa Putranipun kamulyakna. Nalika enering tiyang kathah

tumuju dhateng Yokanan Sang Pambaptis, tiyang-tiyang punika saged klèntu panampi bab Yokanan Pambaptis. Tiyang-tiyang punika saged nganggep Yokanan ingkang mbaptis punika langkung kuwaos tinimbang Gusti Yésus ingkang dipun baptis. Pramila Sang Rama karsa njejegaken pangagep punika srana Swantenipun ingkang kapi reng saking langit. Ing swanten punika, Sang Rama mraté lakaken anggènipun mulyakaken Ingkang Putra. Punika ugi mujudaken bab rawuhipun Allah ingkang ngekahaken.

Nalika Gusti Yésus kabaptis, Gusti Allah karsa mraté lakaken dhirinipun minangka Sang Rama, Putra lan Sang Roh Suci sacara sesarengan. Gusti Allah ngutus Gusti Yésus milujengaken manungsa. Rawuhipun ingkang kinanthènan katresnan punika mbéngkas sedaya raos ajrih lan geter.

Minangka para pendhèrèkipun Sang Kristus, kita nembé wonten ing kawontenan ingkang sarwi mboten mesthi. PHK massal, pameteg ing bab perékonomian, raos ajrih bab *masa depan*ipun anak-anak kita. Ananging menawi Gusti Allah sampun mraté lakaken katresnanipun dhateng Sang Kristus ingkang makili kita, pramila lumantar Panjenenganipun kita ugi mesthi tinresnanan lan dipun kekahaken. Punapa panjenengan kersa pitados bilih Gusti Allah pirsá momotaning gesang panjenengan? Déné katresnanipun tansah rawuh nunggil ing panjenengan, temahan maringaken margining pangluwaran tumrap saben prekawising gesang panjenengan?

3. Rawuhipun Allah mbikak margi kawilujengan dhateng sedayanipun.

Lelampahan baptisanipun Gusti Yésus dados korining peladosanipun Gusti kawi witan. Panyerat Injil Matéus mapanaken cariyos punika wonten ing wiwitan peladosanipun Gusti Yésus kanggé ngantebaken bilih Gusti Yésus punika pancèn ingkang piniji lan jinebadan déning Allah minangka Putranipun. Peladosanipun Gusti mboten

namung winates kanggé tiyang Israèl, nanging ugi kanggé sedaya umat. Para Rasul 10 nyerat bab ingkang penting tumrap lelampahan sujarahing gréja ingkang kawitan, bilih pangundhanging Injil katujokaken dhateng tiyang-tiyang sanès-Yahudi. Perikop punika minangka pérangan saking lelampahanipun Pétrus lan Kornélius, satunggaling opsir penatus prajurit Rum ingkang mursid. Punika lelampahan ingkang penting krana Gusti Allah karsa nélakaken bilih kawilujengan ing Sang Kristus punika tinarbuka kanggé sedaya tiyang, mboten namung kanggé tiyang Yahudi.

Ing satengahing tata gesanging umat ingkang kawarnan déning patrap *diskriminasi*, *persekusi*, lan mboten wonten *kepastian hukum*, isining khotbahipun Pétrus saged dados panglipur lan pangajeng-ajeng krana Gusti Allah nggatosaken sedaya tiyang kalebet tiyang-tiyang ingkang wonten posisi “dipun ajrihi lan dipun singkiri”. Ing cariyos baptisanipun Gusti Yésus (Mat. 3:13–17), lelampahan punika dados pratandha rawuhipun Gusti Allah ingkang ngekahaken bilih Gusti Yésus punika Sang Mesih. Samangké rawuhipun Allah tebanipun saya wiyar dhateng bangsa-bangsa sanès, kalebet dhateng bangsa-bangsa ingkang sewau kaanggep mboten pantes. Mboten namung panglipuran, nanging tiyang kristen ugi tinimbangan kautus supados mboten namung nggatosaken cara gesang ing salebeting pametek, nanging langkung saking punika kautus dados seksinipun, kados Pétrus ingkang tanpa ajrih mbekta kabar kabingahan punika dhateng bangsa sanès.

Yésaya 42:6–7 nyebat Abdinipun Gusti minangka pepadhang tumraping para bangsa, ingkang ngelèkaken mripatipun tiyang wuta, ingkang ngluwari tiyang ukuman saking pakunjaran. Punika misi ingkang kedah kalajengaken déning pasamuwan sedaya, mbekta pepadhang ing tengahing pepeteng. Kadya lilin ingkang namung alit, nanging nalika dipun sumet ing tengahing pepeteng, cahya alit punika saged ngetingalaken bilih pepeteng mboten mimpang. Baptisanipun Gusti Yésus minangka urubing cahya

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

sepisanan saking pepadhang Injil ingkang katerasaken urubipun punika lumantar gesangipun para umat.

Ing Indonesia, tiyang kristen minangka *minoritas* sacara *statistik*, nanging kita sanes *minoritas* ing misinipun Allah. Kita katimbalan supados dados pepadhang ingkang mbekta kaadilan, panglipur ing salebeting raos ajrih lan geter. Awit Allah sampun langkung rumiyin ngrawuhi kita kanthi katresnanipun. Punapa panjenengan kersa katimbalan dados seksinipun, ngundhangaken kabar kawilujengan dhateng bangsa-bangsa, temahan rawuhipun Allah kanggé sedhèrèk-sedhèrèk kita punika ugi saged karaosaken?

Panutup

Nalika Gusti Yésus mandhap nuju dhateng toya baptisan, Panjenenganipun mboten namung miwiti peladosanipun. Panjenenganipun karsa ngetingalaken bilih Gusti Allah rawuh lan preduli. Rawuhipun Allah ingkang mboten ngédap-édapi nanging kebak panguwaos punika mbéngkas raos ajrih lan geter. Kita mboten piyambakan, kita dipun tresnani Gusti ingkang tuhu setya dhateng kita.
Amin.

[hsp-ip]

Mangsa Advèn Natal 2025

“BAHAN LITURGI”

Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan
kawontenan saha kabetahaning geréja utawi
pasamuwan ing ngriki.

BAHAN LITURGI

Minggu Advèn kaping 1

Minggu, 30 Novèmber 2025

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

M: Majelis Geréja

U: Umat

L: Lèktor

**Ngéwahi Pedhang
Kadadosaken
Kejèn
☪**

PACAWISAN

- Juru piranti musik organ/piano ngungelaken lelagon ingkang mbekta pasamuwan ngraosaken ibadah ingkang badhé katindakaken.
- Pasamuwan nyipta wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pawartos pasamuwan kawaosaken.

TIMBALAN NGIBADAH

(Umat Jumeneng)

M1: Para sadhèrèk, sumangga kita mlebet ing pangibadah minggu Advèn kapisan menika kalawan ngonjukaken pamuji kanthi imbal-imbalan atetales **Jabur Masmur 85:8-14**,

“Dhuh Yéhuwah, Paduka mugi karsaa ngatingalaken sihsusetya Paduka dhumateng kawula sadaya, saha karsaa maringi karaharjan Paduka dhumateng kawula sadaya.”

U: **“Aku arep ngrungokaké apa kang dadi pangandikaning Allah, Pangéran Yéhuwah. Rak tentrem rahayu kang bakal didhawuhaké marang umaté lan marang para kekasihé, supaya aja nganti bali marang ing kapunggunané manèh?”**

M1: “Sanyata, karaharjan kang saka ing Pangéran iku cepak tumrap wong kang wedi-asih marang Panjenengané, satemah nagara kita kadunungan kamulyan.”

U: **“Sih lan kasetyan bakal padha tempuk kaadilan lan katentreman bakal padha ambung-ingambung.”**

M1: “Kasetyan bakal tuwuh saka ing bumi, lan kaadilan bakal ngawat-awati saka ing langit.”

U: **“Tur Pangéran Yéhuwah bakal paring samubarang kang becik, sarta nagara kita bakal ngwènèhaké pametuné.”**

M1: “Kaadilané bakal lumaku ana ing ngarsané, sarta tapak-tilasing sampéyané kadadèkaké dalan.”

U: **(Ngidungaken *KPJ 9:1-2*)**

KPJ 9. HÉ SARUPANING PRA UMAT

Do=G $\frac{3}{4}$

1) Hé, sarupaning p'ra umat,
padha mujia m'ring Allah,
Hé, sakèhing para bangsa,
Asmané padha luhurna.

2) Wit sih-kadarmané Allah,
luwih gedhé tumrap kita,
langgeng kasetyané Allah,
Mila pinuji-pujia.

VOTUM

(Umat Lenggah)

PS: Kita mlebet ing pangibadah Minggu Advèn kapisan menika kanthi pangaken: “Pitulungan kita menika pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi dalah saisinipun, ingkang setya netepi prasetyaning kawilujengan ingkang sampun Kapratélakaken.”

U: **(Ngidungaken *Amin, Amin, Amin*) Amin, Amin, Amin.**

SALAM

(Umat Lenggah)

PS: Tentrem rayahu nunggila ing panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

ATUR BEBUKA

(Umat Lenggah)

M2: Tumindak kereng, pasulayan, tuwin pandamel mboten adil, tansah ndhatengaken raos ajrih ing gesangipun

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

manungsa. Manungsa kécalan pangajeng-ajeng awit saking wontenipun raos ajrih menika. Ing satengahing kawontenan sirnaning pangajeng-ajeng, manungsa mbetahaken lelabetanipun péhak sanès ingkang saget mitulungi. Péhak sanès menika wonten saking sesamining manungsa. Ananging ingkang ageng piyambak inggih menika saking pakaryanipun Gusti Allah ingkang mitulungi saha milujengaken manungsa sesarengan kaliyan sadaya titahipun Gusti. sarwa dumadi. Ing salebeting dhirinipun Sang Kristus, Gusti Allah nindakaken pakaryan ingkang milujengaken ing satengahing jagat menika. Sang Kistus maringi pangajeng-ajeng énggal tumrap tatananing gesangipun jagat ingkang kebak kaadilan, kayektosan, saha katentreman. Wonten ing Sang Kristus, raos sengit dipun-éwahi dados sih-katresnan. Memengsahan kagantos dados pasedhèrèkan saha pasulayan kagantos dados katentreman.

U: (*Ngidungaken **KPJ 231:1 – 3***)

KPJ 231. KADOSPUNDI, DHUH GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Kadospundi, dhuh Gusti, nggèn kula sung urmat,
methukken klayan puji mring Ratuning jagad
Mugi Gusti madhang lantaran Roh Suci
Salam kula ndadosna kepareng Paduka.
- 2) Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga
Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra-jalma,
tumut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan,
ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran.
- 3) Punapa kang njalari, dhuh Ratu kang mulya,
Paduka rawuh mriki, karsa nandhang papa,
Inggih piwlas Paduka saha palimirma,
lan katresnan Paduka dhateng tiyang dosa.

PANGAKENING DOSA

(*Umat Lenggah*)

PS: Gusti Allah menika katresnan. Panjenenganipun menika sumbering katresnan ingkang ndhatengaken katentreman. Kita dipun-wulang supados dumunung saha gesang wonten ing sih-katresnanipun Gusti. Ananging émanipun, sih-katresnan kita dèrèng sampurna. Tanduk endhem-endheman, drengki saha raos sengit, taksih karimat wonten ing gesang kita. Awit saking menika wau, sumangga kita ngakeni saben dosa tuwin panerak kita akanthia nyuwun sih-kawelasan menggahing pangapuntenipun Gusti. Kita mlebet ing wekdal ening sawetawis

~ *Wekdal ening sekedhap, saget kairingan déning musik ingkang kaungelaken lirik ~*

PS: Sumangga kita télakaken panelangsaning dosa kita kanthi ngrepèkaken Kidung Pasamuwan Jawi 52:1-3.

U: (*Ngidungaken **KPJ 52:1-3***)

KPJ 52 GUSTI SÈSTU KULA NALANGSA

Do=C 4/4

- 1) Gusti sèstu kula nalangsa, awit asring mbaléla,
damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya.

Reff.: Dhuh, Gusti kawula nyuwun apura,
sinucèkken sing dosa.
Mugi manah kula kaénggalna,
mituhu Paduka.

- 2) Sèstu kula angraosaken awrat déning momotan,
ning awit Paduka nulungi, tan awrat babar pisan.

Reff.:

:

- 3) Sèstu kawula ngraosaken ing katresnan Paduka,
wit Paduka tan négakaken kula kawratan dosa.

Reff.:

PAWARTOS SIH RAHMAT

(*Umat Jumeneng*)

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

PS: Awit saking sih-piwelasipun Gusti ingkang tanpa winates, Panjenenganipun karsa nampèni pratélaning panelangsa tuwin pamratobat ingkang dipun-télakaken kanthi tulus déning saaben manungsa. Mila ingkang Maha-asih maringaken pangapunten lumantar pakaryanipun Gusti. Menika Sabdaning Sih-rahmatipun Gusti:

“9 Kaanan iku tumrap Ingsun kaya ing jamané Nuh: kayadéné anggoningSun wus supaos marang dhèwèké manawa banyu ora bakal nutupi bumi manèh, mangkono uga Ingsun iya wus supaos manawa Ingsun ora bakal duka manèh marang sira lan ora bakal mbendoni sira manèh. 10 Sabab sanadyan gunung-gunung padha ngalih lan tengger-tengger padha gonjing, nanging sih-susetyaningSun ora bakal ngalih saka ing sira tuwin prajanjian-karukunan peparingingSun ora bakal owah gingsir, mangkono pangandikané Pangéran Yéhuwah, kang paring sih-palimirma marang sira.” (Yésaya 54:9-10).

Makaten pangapunten peparingipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

U: (Ngidungaken **KPJ 62:1-2**)

KPJ 62. SIHING ALLAH KANG MAHATRESNA

Do=F 4/4

- 1) Sihing Allah Kang Maha tresna
sung gesang nyata mring kula.
Yéku sih kang ngéram éramna
mring kula tyang kebak dosa.
Mila kula tansah muji
tan kendhat rintén lan ratri
- 2) Yèn Allah nganggep dosa kula
wah lepat klèntuning lampah,
kawula nemahi antaka
wit gesang mung awon tansah.
Nging Gusti lubèr sih-rahmat
kula pepuji tan kendhat.

PALADOSAN SABDA

(*Umat Lenggah*)

PS: (*nDedonga nyuwun panuntuning Roh Suci*)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking Kitab **Yésaya 2:1-5**
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti saking Kitab
Yésaya 2:1-5, kanthi mirengaken pamaosing Kitab **Jabur**
Masmur 122 ingkang makaten.

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking Serat **Roma 13:11-14**
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil saking Injil **Matius 24:36-44**
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih menika tiyang-tiyang ingkang sami mirengaken
saha nggatosaken Sabdanipun Gusti. Maranata.

U: (*Ngidungaken **Maranata** manut ungeling **KPJ 468***)
Maranata, Maranata, Maranata.

Kotbah

“Ngéwahi Pedhang Kadadosaken Kejèn”

Wekdal Ening

Pangaken Pitados

(*Umat Jumeneng*)

M3: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal,
sumangga kita ikraraken saha kita kekahaken malih
menggah menapa ingkang kita imani kanthi sesarengan
ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (Sesarengan ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**)

Pandongga Syafaat (Umat Lenggah)

PS: (Ngonjukaken pandonga syafaat)

PERSEMBAHAN (Umat Lenggah)

M4: Pratélaning sokur ingkang kita wedharaken wonten ing ibadah kathi caos pisungsung wekdal menika, kita talesi sabdanipun Gusti kados ingkang sinerat ing **Matius 5:23-24** makaten:

“23 Mulané menawa kowé lagi lumaku nggawa pisungsung menyang misbyah, mangka banjur kèlingan yèn sadulurmu lagi duwé ganjelan ing atiné tumrap kowé, 24 pisungsungmu tinggalen ana ing ngarepé misbyah kono, nuli maranana sadulurmu mau, rukuna dhisik, sawisé iku banjur balia, nyaosna pisungsungmu.”

U: (Ngidungaken **KPJ 157:1-3**)

KPJ 157 CAOSNA PISUNGSUNG MU

Do=F 2/4

1) Caosna pisungsungmu anèng pasamuwan
klayan lilaning ati, klawan legawa.

Aturna pisungsungmu kanthi sukarena.

Reff.: Caosna pisungsungmu
dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu,
wit sihing Allah.

2) Kamirahaning Gusti tanpa tinandhingan
sarana samubarang saisining bumi,
jer sih-rahmating Gusti tansah binabar.

Reff.: :

3) Pisungsung kagem Gusti dadia sarana
amrih kratoning Allah énggal kelampah.
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring.

Reff.:

Pandongga Pisungsung

(*Umat Jumeneng*)

M4: (*Nuntun ngonjukaken pandonga pisungsung saha Donga Rama Kawula*)

Kidunging Pangutusan

PS: Ing Sang Kristus, Gusti Allah makarya ndhatengaken pakaryaning bedhamèn saha pasedhèrèkan. Lumantar Mangsa Advèn menika, kita tinimbalan kanggé methukaken rawuhipun Sang Kristus. Éwahana pedhang kadadosaken kejèn. Méhaka dhateng gesang, sanès karisakan.

U: (*Ngidungaken **KPJ 439:1-2***)

KPJ 439 ING JAGAD KANG PETENG

Do=Bes 6/4

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa,
kathah tyang kang ngresula.
Karana panandhang, samya nggresah
miwah semplah ing manah.
Reffr.: Sumangga, Gusti ngagem kawula,
mrih ngènetna para kanca,
sengkut makarya nglawan godha
dadosa berkah tumrap tyang kathah.
- 2) Angundhangna sih-rahmaté Gusti
kanthi setya nglampahi
margining luwar saking sangsara,
temah samya raharja.
Reffr.:

PANGUTUSAN

(*Umat Jumeneng*)

PS: Wangsula kanthi bingah, amargi ngènet-ènet Sabdanipun Gusti, bilih Panjenenganipun terus makarya wonten ing gesang Panjenengan. Lampahana gesang kanthi sokur saha setya netepi timbalanipun Gusti. Gusti ngiring gesang panjenengan kanthi Berkahipun.

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

BERKAH

(*Umat Jumeneng*)

PS: “Pangéran Yéhuwah mugè maringana berkah dhateng panjenengan, lan ngayomi panjenengan; Pangéran Yéhuwah mugè nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan, lan maringana sihrahmat; Pangéran Yéhuwah mugè karsaa nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan, lan maringana tentrem rahayu.” Amin.

U: (*Ngidungaken **KPJ 459:1***)

KPJ 459. PINUJIA ALLAH SANG RAMA

Do=D 4/4

- 1) Pinujia Allah Sang Rama
wah Sang Putra lan Roh Suci;
purna pangabekti anèng gréja,
ngrasuk gesang saben ari
Refr.: Payo nindakna kang trusing ati
sabdaning Gusti Sung gesang yekti
sinartan déning berkahing Gusti
sung sih rahmat mring sesami.

[dkp-den]



BAHAN LITURGI
Minggu Advèn kaping 2
Minggu; 7 Dhésèmber 2025

Katerangan:

PS.: Pamedhar Sabda

M: Majelis

U: Umat

L: Lèktor

**“Gesang Prasaja
(Ugahari)
Minangka
Margining Patobat”**
❧❧❧

PACAWISAN (Kajumbuhna kaliyan padatanipun pasamuwan piyambak-piyambak)

- Organis/pianis ngungelaken lagu-lagu ingkang saged mbekta lumebet dhateng swasana panembah ingkang badhé kelamapahan.
- Pasamuwan nyipta suwasana ening minangka cecawis lumebet ing panembah.
- Maosaken sawatawis pawartos pasamuwan.

TIMBALAN PANGIBADAH

(Jumeneng)

M: Kaya swara kang nguwuh-uwuh: “Nyawisna margi kagem Sang Yéhuwah ana ing pasamunan”, makaten ugi manah kawula sami cecengklungen ngantu-antu rawuh Paduka Gusti.

U: **Kawula sadaya badhé sami nglempengaken margi ambah-ambahan Paduka.**

M: Inggih makaten, saben ledhokan lan tenggering manah kawula badhé kawula ratakaken.

U: **Makaten ugi manah kawula ingkang ménggak-ménggok ugi badhé kawula dadosaken papan ingkang rata kanggé mapag rawuh Paduka.**
(umat mujèkaken **KPJ. 21: 1-3**)

**KPJ 21 PARA TITAH SADAYA SAMI
NGREPÈKNA**

1. Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung
Konjuk Hyang Makwasa kang gung ing sih susetya
Haléluya, haléluya.
2. Pujinen Hyang Murbèngrat, Gusti kang gung sih
rahmat
Ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari
Haléluya, haléluya.
3. Allah Kang Mawilasa, wis nylametken manungsa
Slaminya pinuja, wah tansah pinundhia
Haléluya, haléluya.

VOTUM

PS: Sumangga kita sami lumebet ing pangibadah punika
kanthi sesarengan ngakeni bilih:

PS+U: **Pitulungan kita punika namung wonten ing
asmanipun Allah ingkang sampun nitahaken
langit, bumi dalah sadaya isinipun, lan ingkang
tansah setya tuhu netepi janjining kawilujengan
ingkang sampun kaprasetyakaken**

PS+U: (mujèkaken **Amin, Amin, Amin**).

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita
ingkang nglawat jagad sarana sih katresnan lan
kayektènipun nunggila ing panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi**

PAMBUKA

(Lenggah)

M: Kita lumebet ing minggu Advèn ingkang kaping kalih,
inggi punika wekdal kita sami ngantu-antu rawuhipun
Sang Kristus ingkang ngasta tentrem rahayu. Sanadyan
makaten katentreman punika mboten badhé dados
kanyatan tanpa wontenipun patobat. Awit saking punika
sumangga kita cawisaken manah, ngresiki margi kagem
Gusti sarana ngasoraken dhiri wonten ing ngarsanipun

Gusti. Sageda ing salebeting kawontenan ingkang sarwa prasaja punika kita temen-temen saged samapta mapag lawatanipun Gusti.

U: (umat mujèkaken **KPJ 242: 1-3**)

KPJ 242 RAWUHA SANG IMANUÈL

1. Rawuha Sang Imanuèl, ngluwari umat Israèl
Dènnya nandhang kasangsaran,
ngantu-antu pitulungan
Gya suraka, hé Israèl pethukna Sang Imanuèl
2. Rawuha trubus Isai, ngesorken dosa lan pati
Umat kang nandhang sangsara
luwara saking cintaka
Gya suraka, hé Israèl pethukna Sang Imanuèl
3. Sang Surya kang nembé prapta, linipura umatira
Singkirna peteng nglimputi
sarta wewayanganing pati
Gya suraka, hé Israèl pethukna Sang Imanuèl

PANGAKENING DOSA

M: Sumangga kita sami mareg Gusti kanthi tulus lan lembahing manah. Kita sami nyuwun pangapunten awit saking sikep kumalungkung, serakah, saha gesang kita ingkang tebih saking sikep prasaja. Awit saking punika, sumangga kita sami sowan ing salebeting pangaken dosa, sarana ndedonga sesarengan:

Dhuh Gusti, kawula asring nglampahi gesang kebak ing manékawarni pepénginan, kakuwatiran, lan asring namung nengenaken kapreluan kawula piyambak. Kawula asring migunakaken sadaya wekdal kawula namung kanggé mbujeng samukawis ingkang asipat sawatawis kémawon ngantos nyupèkaken Paduka. Mugi karsa ngapunteni kawula, lan mugi kawula sami winulang nglampahi gesang ingkang prasaja, tulus lan sumarah dhateng Paduka. Kasagedna kawula sami

nglampahi gesang tobat ingkang sejati. Wonten ing asmanipun Sang Kristus, kawula sami nyuwun pangapuntenan punika. Amin.

U: (umat mujèkaken **KPJ 59: 1-3**)

KPJ 59 PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH

1. Pinujia tansah Allah Mamirah,
kang gung tresnanira mring salir titah.
Tyang dosa duraka sinung apura
tinebus sing pati, temah basuki
Reff. Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta
Luhurna, mulyakna, Pangruwating dosa
Pasrah maring Allah srana pracaya,
Margining waluya, tentrem raharja
2. Pinuji slaminya, Allah Matresna,
kang ngegungken sabar mring tyang kang nasar,
nuntun mring pitobat srana sih rahmat,
mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci
Reff.
3. Pinuji tan kendhat, Allah Murbèngrat,
kang nunggil wah ngreksa mring kagungan-Nya.
Tyang bekti lan setya sinung nugraha,
gesang langgeng nyata nèng kraton swarga
Reff.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(Lenggah)

PS: Kanthi sih lan kamirahanipun, Allah kepareng maringaken sih nugrahanipun dhateng saben tiyang ingkang sami nyuwun pangapunten wonten ing ngarsanipun. Punika kados ingkang tetéla wonten ing kitab nabi Yésaya 30:15a:

“Sarana mratobat lan sumarah, sira bakal padha kaparingan slamet; kakuwatiranira iku dumunung ana ing ayem lan kumandel”.

Makaten punika janjining kanugrahan tumrap kita

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

sadaya. Ing salebeting patobat lan meneping manah,
Gusti ngrawuhi kita sarana kawilujengan. Pinujia Gusti
kita Kristus!

U : Pinujia Kristus, Ratuning Tentrem Rahayu.

PS : Sumangga kita wujudaken patobat kita ing salebeting
tumindak nyata, sarana gesang samadya dalah purun
andum barang darbé dhateng sesami. Inggih makaten
punika gesang anyar kanggé mapag lawatanipun Gusti.

U: (umat mujèkaken KPJ 185: 1-3)

KPJ 185 SUMARAH MRING ALLAH

1. Sumarah mring Allah, jiwa raga rineksa astanya
Tansah begja. Yèn rinoban sisah, manah datan lesah
Sinung kakiyatan, sing Pangéran
Sinung kakiyatan sing Pengéran
2. Sumarah mring Allah, jiwa raga, mbangun turut Gusti
trusing ati. Yèn ginodha dosa binujuk duraka
Kekah sarta setya ing pracaya
Kekah sarta setya ing pracaya
3. Sumarah mring Allah jiwa raga, rinoban ing berkah
ayem nyata. Yèn nyanggi momotan, dalasan
panandhang, mesthi dèn luwari déning Gusti
Mesthi dèn luwari déning Gusti

PALADOSANING SABDA

(Lenggah)

PS: (Pandonga Epiklésé)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kapendhet saking **Yésaya 11:1-10**.
Makaten Sabdanipun Gusti

U: Puji Sokur konjuk ing Allah

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti kalawau
sarana maos **Mazmur 71:1-7, 18-19** sacara imbal-

imbalan

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking **Rum 15:4-13**
Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji Sokur konjuk ing Allah**

Pamaosing kitab Injil

PS: Pamaosing Injil kapendhet saking **Matius 3:1-12**
Makaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus, ingkang
rahayu inggih punika tiyang ingkang sami mirengaken
sabdaniipun Gusti sarta ingkang sami nindakaken ing
gesang padintenanipun. **MARANATHA**

U: (mujèkaken **MARANATHA**)

Khotbah:

**Gesang Prasaja (Ugahari) Minangka Margining
Patobat**

Wekdal Ening

Pangaken pitados Rasuli *(Jumeneng)*

M3: Sesarengan kaliyan sadaya umat ing sadaya jaman,
sumangga kita ikraraken pangaken pitados Rasuli
ingkang makaten:

U: **(Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados
Rasuli)**

Pandongan Syafaat *(Lenggah)*

PS: (Ngaturaken Pandonga)

ATUR PISUNGSUNG

M4: *Pancèn pangibadah iku manawa dikanthèni pamarem
awèh kauntungan gedhé. Angger wis ana pangan lan
sandhang, wis cukup.*

Makaten Sabdanipun Gusti wonten ing serat 1 Timotius
6:6-8. Sumangga kita sami atur pisungsung mboten awit

kita sampun tirah, nanging karana lembahing manah
kita saha raos sampun kacekapan. Makaten punika
pisungsungipun tiyang ingkang nggadhahi gesang
prasaja kebak raos pamuji sokur.

U: (mujèkaken **KPJ 160: 1-3**)

**KPJ 160 GUSTI KAWULA NGATURKEN BADAN
NYAWA**

1. Gusti kawula ngaturken, badan nyawa kawula
Sumangga Paduka agem, kawula kagunganta
Reff. Bingah sisaha kula, marem nunggil Paduka,
Dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah Paduka
2. Datan wonten andel-andel, namung Paduka Gusti
Mila kawula kumandel, pasrah kang trusing ati
Reff.
3. Raja brana kasugihan, dalasan kasagedan
Kagama dados lantaran, babaring kabingahan
Reff.

Pandongga Pisungsung

(*Jumeneng*)

M4: (Nuntun pandonga pisungsung, pungkasaning
pangibadah lan Donga Rama Kawula)

Kidung Pengutusan

U: (mujèkaken **KPJ 390: 1-3**)

**KPJ 390 GUNAKNA WEKTUMU PARINGÉ
GUSTI**

1. Gunakna wektumu paringé Gusti
Wit uripmu cekak pindha kembang
Endi barang langgeng ing donya iki
Amung katresnan ywa nganti ilang
Reff. Barang kang ana isining donya,
saguning kang éndah bakal musna
Mung katresnanmu demi Sang Pamarta,

Gedhé ajine tan bakal sirna

2. Aja tan migunakaké wektumu
Lipur lan tulungen kang kesasar
Mulyakna Gusti ana ing uripmu,
Dimèn lampumu tansah sumunar
Reff.
3. Pakaryanmu kang demi Yesus Kristus
Bakal tinampi klayan karenan
Katresnan kang kababar kanthi tulus
Ingundhuh mbésuk anèng kaswargan
Reff.

PANGUTUSAN

PS: Sedhèrèk kula sadaya, pangibadah ing griya pamujan
punika sampung rampung, nanging taksih kedah
nglampahi pangibadah ing gesang padintenan kita.
Sumangga kita lampahi gesang padintenan kita punika
sarana mujudaken patobat kita ing salebeting gesang
ingkang sarwa prasaja, kawiwitan saking dhiri pribadi
kita sami, sinambi ngantu-antu rawuhipun Gusti.

PS: Samangké sami ngenerna manah panjenengan
dhumateng Gusti

U : KAWULA NGENERAKEN MANAH KAWULA
DHUMATENG GUSTI

PS: Sami dadosa seksi-seksinipun Sang Kristus,

U: PUJI SOKUR KONJUK ING ALLAH.

PS: Pinujia Gusti,

U: SAMANGKÉ LAN ING SALAMI-LAMINIPUN

PS: Sami nampènana berkahipun Gusti,

BERKAT

PS: Gusti Allah sumbering pangajeng-ajeng mugi ngèbeki
panjenengan kanthi saguning kabingahan lan tentrem
rahayu ing salebeting pangandel panjenengan, supados
sarana kakiyatanipun Sang Roh Suci, panjenengan

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

U : sadaya sami kalubèran ing pangajeng-ajeng. Amin
U: Amin
(Mujèkaken : **Maranata, maranata KPJ 475**)

[sem-ytd]



BAHAN LITURGI
Minggu Advèn kaping 3
Minggu; 14 Dhésèmbèr 2025

Katerangan:

PS.: Pamedhar Sabda
M: Majelis
U: Umat
L: Lèktor

Pracaya
Mboten Naté Sepi
ing
Pitakènan
ꦥꦿꦏꦸꦤ꧀

PACAWISAN (Kajumbuhna kaliyan padatanipun pasamuwan piyambak-piyambak)

- Organis/pianis ngungelaken lelagon ingkang saged mbekta lumebet ing swasana pangibadah
- Pasamuwan cecawis dhiri sarana lumebet ing wekdal ening
- Pamaosing sawatawis warta pasamuwan.

TIMBALAN PANGIBADAH

(Jumeneng)

- M1: Para sadhèrèk pasamuwan ingkang kinasih wonten ing Sang Kristus,
Dinten punika, kita lumebet wonten ing minggu Advèn ingkang kaping tiga. Punika wekdal ngantu-antu rawuhipun Gusti ingkang prelu kita ayati kanthi kebak raos kabingahan. Kabingahan, karana Allah ingkang setya tuhu punika tansah dados sumbering pangajeng-ajeng tumrap lampah gesang kita. Sumangga kita sami memuji Panjenenganipun sarana ngucapaken litani makaten:
- M1: Aku ngalembana marang Sang Yéhuwah, kang paring pitedah marang aku; malah ing wayah bengi aku digegulang déning telenging batinku.
- U: **Aku tansah madhep marang Sang Yéhuwah, manawa Panjenengané jumeneng ana ing tengenku, aku mesthi ora nganti kéguh.**

M1: Mulané atiku bungah-bungah lan nyawaku surak-surak,
malah dagingku bakal manggon kalawan tentrem

U: **Amargi Paduka mboten masrahaken kawula
dhateng ing teleng palimengan. Paduka mboten
marengaken menawi kekasih Paduka ngantosa
sumerep kluwat.**

M1: Paduka ingkang nedahaken margining gesang dhateng
kawula.

U: **Kabingahan pinanggih lubèr wonten ing ngarsa
Paduka, ing asta Paduka ingkang tengen wonten
kanikmatan ingkang langgeng.**

M1: Sumangga kita sami sowan ngabekti dhateng
Panjenenganipun, sumungkem sujud wonten
ngarsanipun Allah ingkang Maha Agung.

U: (Mujèkaken **KPJ 27: 1-3**)

KPJ 27 SAKÈHING TITAH ING BUMI

1. Sakèhing titah ing bumi, padha giranga memuji
Haléluya haléluya, surya prakosa sumunar
Candra kartika kababar, puji Gusti, saben wanci
Haléluya, haléluya, haléluya
2. Angin tan kendhat lumaku, méga lan mendhung
lumintu
Haléluya, haléluya, hawa ketiga ngresepi
Mangsa rendheng kang gumanti, puji Gusti saben
wanci,
Haléluya, haléluya, haléluya
3. Banyu bening resik murni, tambaning ngelak ngresiki
Haléluya, haléluya, geni anget gawé girang
Pangghah tur awèh pepadhang, puji Gusti saben wanci,
Haléluyah, haléluya, haléluya

VOTUM

PS: Pangibadah punika kaleksanan karana pitulunganipun
Allah ingkang Maha Agung, ingkang nitahaken langit

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

kaliyan bumi, dalah saisinipun, saha ingkang tansah setya tuhu dhateng sadaya prajanjinipun.

U: (mujèkaken **Amin, Amin, Amin**)

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita saha saking Gusti kita Yésus Kristus, mugi nunggila ing panjenengan sadaya.

U: **Mugi nunggila ing panjenengan ugi.**

PAMBUKA

(lenggah)

M2: Pasamuwan ingkang dipuntresnani Gusti, ing minggu punika kita lumebet ing Minggu Advèn ingkang kaping tiga. Allah ingkang setya tuhu, ingkang netepi prajanji kawilujenganipun, saèstu ndadosaken kabingahan tumrap kita sadaya, salebetipun ngantu-antu rawuhipun Gusti kita. Pangantu-antu kita sanès wujuding pangajeng-ajeng ingkang palsu, nanging pangajeng-ajeng ingkang sampun pinesthi, ingkang kaparingaken déning Allah ingkang sejati. Saged kémawon, ing salebeting pangantu-antu kita punika pinanggih prekawis-prekawis ingkang anjalari kita sami ngraos tidha-tidha utawi mangu-mangu. Ing salabeting kawontenan ingkang makaten punika, sami pitakèna dhumateng Allah. Sampun sami ajrih nyaketi Panjenenganipun sinartan anggèn kita ngantu-antu paring wangsulanipun Gusti.

Sumangga kita sami ngantu-antu ing salebeting pitados ingkang kebak kabingahan. Jejer ing pitados ingkang tansah ngraketaken sesambetan kita kaliyan Allah, ingkang mboten sepi ing pitakènan, supados kita sami saged nggesangi karsanipun Gusti ing jagad punika.

U: **(mujèkaken KPJ 232: 1-3)**

KADOSPUNDI DHUH GUSTI

1. Kados pundi dhuh Gusti. Nggèn kula sung urmat

Methukken klayan puji, mring ratuning jagad
Mugi Gusti madhangi, lantaran Roh Suci
Salam kula ndadosna, kepareng Paduka

2. Saking dhampar kang mulya, lan kluhuran swarga
Gusti tedhak ing donya, nunggil lan pra jalma
Tumut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan
Ngrukunken tiyang dosa, dhumateng Pangéran
3. Punapa kang njalari, dhuh Ratu kang mulya
Paduka rawuh mriki, karsa nandhang papa
Inggihi piwlas Paduka, saha palimirma
Lan katresnan Paduka, dhateng tiyang dosa

PANGAKENING DOSA

PS: (nuntun pandonga pangakening dosa) Minangka umat ingkang nedheng-nedhengipun ngantu rawuhipun Gusti, mesthi kémawon kathah prekawis ingkang sampun sami kita penggalihaken punapadéné kita tindakaken. Mesthi kémawon kathah prekawis ingkang mboten ndadosaken renanipun galihipun Gusti, malah ugi ingkang ndamel sakiting manah sesami kita.

Awit saking punika, sumangga kita sami ndedonga sacara pribadi kanggé ngakeni sadaya dosa tuwin panerak kita sadaya. Mangké badhé kita pungkasi sarana pandonga sesarengan.

U: (mujèkaken **KPJ 58: 1-3**)

KPJ 58 PANGLUWAR KANG SEJATI

1. Pangluwar kang sejati, myarsakna pasambat kula
Gusti mugi ngresiki, manah kula sadaya
Reff. Gusti mugi rah Paduka,
nucèkken manah kawula
Temah suci saèstu,
wah sirna najising kalbu
Suci sèstu, suci sèstu,

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

temah suci saèstu
wah sirna najising kalbu

2. Pangluwar kang sejati, paringa kiyat mring kula
Setya ing lampah suci, ngetut wingking Paduka
Reff.
3. Pangluwar kang sejati, mugi nuntun gesang kula
Mbangun turut mring Gusti, tansah ngèstokken
sabda
Reff.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(Jumeneng)

PS Kanthi sesarengan jumeneng, sumangga kita tampèni
pangapunten ingkang saking Gusti, kados ingkang tetéla
wonten ing kitab Jabur Mazmur 13:6 ingkang makaten:
*“Nanging kawula kumandel dhumateng sih-kadarman
Paduka, manah kwula abingah-bingah margi saking
pitulungan Paduka. Aku arep kekidungan kagem Sang
Yéhuwah, amarga wus paring kasaénan marang aku.”*
Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah!**

PS: Tentrem rahayunipun Gusti wontena ing panjenengan
sadaya

U: **Lan wontena ing panjenengan ugi**

U: (Mujèkaken **KPJ 222: 1-3**)

KPJ 222 DUMELING KAPYARSI

1. Dumeling kapyarsi, sabawa sung warti
Supados sami sadhiya, rawuhnya Njeng Gusti
Reff. Gusti paringa, manah kang suci
Kénging kanggé ngormati,
rawuhnya njeng Gusti
2. Kabingahan amba, saèstu nglangkungi
Jalaran rawuhing Gusti, jagad dèn resiko
Reff.

3. Kasucèning manah, karesikaning tyas
Dédé saking labet amba, kajawi mung sih-Nya
Reff.

PELADOSANING PANGANDIKA

(Lenggah)

PS: (Pandonga Epiklésé)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kapendhet saking **Yésaya 35:1-10**,
Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita sami sesarengan ngucapaken **Masmur 146:5-10**

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking **Yakobus 5:7-10**
Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil kapendhet saking Injil **Matius 11:2-11**
Makaten Injilipun Gusti kita Yesus Kristus, ingkang
rahayu inggih punika ingkang sami mirengaken
Sabdanipun Gusti lan ugi sami kaèstokaken wonten ing
gesang padintenanipun. Maranatha.

U: (mujèkaken '**Maranatha**')

Khotbah

**“PRACAYA MBOTEN NATÉ SEPI ING
PITAKÈNAN”**

Wekdal Ening

Pangakening Pitados

(Jumeneng)

M3: Sesarengan kaliyan sadaya umat pitados ing sadaya jaman, sumangga kita sami ikraraken lan kekahaken pitados kita sarana ngucapaken pangaken Pitados Rasuli ingkang makaten:

U: **(Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)**

Pandonga Syafaat

(Lenggah)

PS: (Ngturaken pandonga syafaat)

ATUR PISUNGSUNG

M4: Para sadhèrèk pasamuwan ingkang kinasih,
Minangka atur panuwun dhumateng sadaya sih-
katresnanipun Gusti, sumangga kita sami ngempalaken
pisungsung kita konjuk dhumateng Gusti,

Pangandikanipun Gusti lumantar Jabur Masmur 84:12
mratélakaken,
*“Amarga Pangéran Yéhuwah Allah iku dadi sesurya lan
tetamèng; Panjenengané maringi sih lan kamulyan.
Wong kang lakuné tanpa cacad ora dicukengi ing bab
samubarang kang becik.”*

U: (mujèkaken **KPJ 226: 1-3**)

KPJ 226 HOSIANA GUSTIKU

1. Hosiana Gustiku, rawuh saking ngaluhur
Hosiana Gustiku, rawuh saking ngaluhur
Pra manungsa sajagad, dèn paringi sih rahmat
Gedhé cilik ywa kliwatan, payo muji Pangéran
2. Hosina Gustiku, rawuh saking ngaluhur
Hosiana Gustiku, rawuh saking ngaluhur
Pra manungsa sadonya, samya amanembrama
Samangkya sajagad bingah, wit katresnaning Allah
3. Hosiana Gustiku, rawuh saking ngaluhur

Hosiana Gustiku, rawuh saking ngaluhur
Pra manungsa sabumi, samya atur pamuji
Samangkya samya ngabekti, maring Sang Kristus
Gusti

Pandonga Atur Pisunngsung (Jumeneng)

M4: (Atur pandonga pisunngsung, panutuping pangibadah lan
Donga Rama Kawula)

Kidung Pengutusan (Jumeneng)

U: (Mujèkaken KPJ 427: 1-2)

KPJ 427 BEGJA SEJATI

1. Begja sejati, ngabdi mring Gusti
Yéku gesang kang pangaji,
Dadya lantaran, mrih karukunan
Katentreman kelampahan
Reff. Mung Sang Kristus Yésus Gusti
Panebus kula sejati,
gesang kawula kagem asmanya,
nggih martosken sih-rahmat-Nya
2. Begja sanyata, gesang nèng donya
Lelados mring Sang Pamarta
Dipun bélani, sabar ing kardi
Temah kalis ing bilahi
Reff.

PENGUTUSAN (Jumeneng)

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Allah

U: **Kawula nggeneraken manah kawula dhumateng
Allah**

PS: Sami madega dados seksinipun Sang Kristus ingkang
mratélakaken sih-katresnanipun kanthi suka bingah

U: **Kawula samapta mratélakaken sih-susetyanipun
Gusti**

PS: Pinujia Gusti Allah kita

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

U: **Samangké lan ing salaminipun**

PS: Mengkera kanthi kebak kabingahan, lan sami èngetana Sabdanipun Gusti bilih Panjenenganipun tansah cecaketan kaliyan kita lan dados wangsulan ingkang ngiyataken pitados kita. Ing satengah-tengahing gesang ingkang mboten ènthèng punika, samia pitados bilih Allah badhé tansah nedhaki lan ngamping-ampingi kita sarana mratélakaken sih-susetyanipun.

LUMUNTURING BERKAH

PS: Sih-rahmatipun Allah ingkang nglangkungi sadaya nalar budi mugi ngrimati manah lan nalar kita wonten ing patunggilanipun Sang Kristus Yésus. Lan awit saking pitulunganipun Sang Roh Suci, mugi panjenengan sadaya sami tansah lubèr ing pangajeng-ajeng. Amin.

U: (mujekaken **Maranatha, Amin!**)

[ht-ytd]



BAHAN LITURGI

Minggu Advèn kaping 4

Minggu, 21 Dhésèmber 2025

Katrangan:

PS.: Palados Sabda

Prdt: Pradata

Umt: Umat

Lkt: Lèktor

**Namung
Sang Kristus
Pangajeng-ajeng
Kula!**



PACAWISAN (kajumbuhaken padatan pasamuwan piyambak-piyambak)

- Organis/pianis ngungelaken kidung-kidung ingkang nuntun umat ngraos-raosaken pangibadah ingkang badhé kaladosaken.
- Umat lumebet ing wekdal ening murih pacawisan pribadi.
- Warta Gréja kawaosaken.

TIMBALAN NGIBADAH

(jumeneng)

Prdt 1 : Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing patunggilanipun Gusti, ing satengahing kawontenan gesang ingkang boten gumathok, jiwa kita asring ngraosaken kamomotan lan garing – boten namung satata kajasmanèn, nanging ugi satata batos. Kita ngantu-antu rawuhipun Gusti Allah ingkang ngrembakakaken malih daya gesang ingkang wiwit lambat-lambat. Kados déné sangsam ngorong maring lèpèn ingkang lumintu toyanipun, makaten ugi manahipun tiyang pitados ingkang kangen dhumateng Gusti Allah, sang Etuking Gesang. Winengku ing raos kangen punika, sumangga kita sowan marek ngarsanipun Gusti. Mugi-mugi kita panggah ing kapitadosan satemah pangajeng-ajeng kita dhumateng Gusti Allah boten muspra.

Sumangga kita miwiti pangibadah punika kanthi ngulukaken Jabur Masmur 42:6 kanthi sesautan:

“Duh nyawaku, yagéné kok tumungkul,

Umt : **lan ngolang-ngaling ana ing jeroku?**

Prdt 1 : Ngarep-arepa marang Allah, awit Panjenengané bakal dakpuji,

Umt : **Panjenengané kang dadi Pitulunganku lan Allahku!”**

Prdt 1 : Kita luhuraken asmanipun Gusti Allah, sang Juru Pitulung kita.

Umt : (ngrepèkaken kidung pambuka) **KPJ. 237 “NYAWAKU MUJI ALLAH”**

1. Nyawaku muji Allah, sukma ku bungah-bungah.
wit saka peparingé Allah marang abdiné.

Déné karsa ngudanèni asoring kawulanya,
nganti saliring bangsa ngarani aku rahayu.
-tanpa interlude-

2. Aku sinungan berkah saka astaning Allah
déné suci asmané, lan gedhé mukjijaté,
kawelasané dhumawuh
mring kang padha ngéringi,
wis mesthi dèn berkahi tumeka turun-tumurun.

VOTUM

PS : Sumangga kita murwakani pangibadah Minggu Advèn IV punika kanthi pangaken bilih, “Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi, lan saisinipun; saha ingkang setya netepi prasetyaning kawilujengan ingkang sampun kababaraken.

Umt : (lagu aklamasi) **KPJ. 461 “AMIN”**

SALAM

PS : “Tentrem rahayu saking Gusti Yésus Kristus, Sang Mesih ingkang badhé rawuh, nunggilah ing (kita) panjenengan!

Umt : **Wontena ing panjenengan ugi.**

PRATÉLAN PAMBUKA

(lenggah)

Prdt 2 : Atetales panglenggana déné kita punika manungsa ingkang sarwa winates lan ringkih, boten kuwagang jinggleng mangsa ngajeng kanthi gumathok. Nanging ing satengahing karingkihan punika kita kaènggetaken bab sihipun Gusti Allah ingkang boten kèndel kémawon. Kanthi kuwaos katresnanipun, Panjenenganipun rawuh manunggil saha nganthi. Boten namung mirsani saking tebih, nanging sayektosipun rawuh lumebet ing jagad kita. Panjenenganipun manjalma, miyos winengku karingkihan, rawuh ing papan lelimengan, lan samuning donya. Dinten punika, ing Minggu Advèn ingkang kaping sekawan, kita ngriyayakaken pancasan gumathok inggih punika Gusti Allah nunggil kaliyan kita. Ing satengahing kawontenan ingkang mrihatosaken, kita boten piyambak. Winegku ing panandhang, wonten pepanggihan nengsemaken. Lan ing satengahing lampah gesang ingkang awrat, kalair kakiyatan atetales pangajeng-ajeng wonten ing Sang Kristus.

Sumangga nyawisaken manah murih mahargya rawuhing Panjenenganipun, Sang Imanuèl–Gusti Allah ingkang nunggil kaliyan kita. Namung Sang Kristus dados pangajeng-ajeng kita, ing satengahing lelimengan punapa déné pajar, ing sungkawa makaten ugi rahayu.

Umt : (ngrepèkaken kidung pamuji) **“SANG KRISTUS
PIANDEL KULA”**

Original song: *“In Christ Alone”* by Keith Getty & Stuart Townend; diterjemahkan oleh Pdt. Juswantori Ichwan

Hanya Kristus Harapanku

"In Christ Alone": Stuart Townend, terj.Ind: Juswantori Ichwan/Keith Getty

Do = F^b 3/4 ♩ = 84

0	0	5	6	.	1	1	.	5	6	1	2	0	3	2	1							
1.		Ha	-	nya	Kris	-	tus		ha	-	rap	-	an	-	ku,	Di	-	a	te	-		
2.		Ha	-	nya	Kris	-	tus		yang	ber	-	se	-	<u>dia</u>		tu	-	run	men	-		
	6	3	2	.	1	1	0	5	6	.	1	1	.	5	6	1						
	rang	dan	ku	-	at	-	ku.		Ba	-	tu	pen	-	ju	-	ru	yang	te	-			
	ja	-	di	ma	-	nu	-	<u>sia</u> .		Da	-	tang	s	'la	-	mat	-	kan	u	-	mat	-
	2	0	3	2	1	6	3	2	.	1	1	0	1	3	5							
	guh,	di	ka	-	la		ba	-	dai	men	-	de	-	ru.		Ka	-	sih	dan			
	Nya,	wa	-	lau	di	-	hi	-	na	di	-	cer	-	ca.		Sam	-	pai	<u>Dia</u>			
	6	.	6	5	3	2	0	1	1	7	6	.	6	5	3							
	da	-	mai	-	Nya	be	-	sar,		ka	-	lah	-	kan	ta	-	kut	dan	gen	-		
	ma	-	ti	di	-	sa	-	lib,		me	-	nang	-	gung	mur	-	ka	i	-	lah	-	
	2	0	5	6	.	1	1	.	5	6	1	2	0	3	2	1						
	tar.	Peng	-	hi	-	bur	-	ku,		Na	-	u	-	ngan	-	ku,	da	-	lam	ka	-	
	i.	Se	-	<u>mua</u>	do	-	sa	-		ku	di	-	te	-	bus.	Kar	-	na	ma	-		
	6	3	2	.	1	1	.	.	.	.												
	sih	-	Nya	ku		te	-	duh.														
	ti	-	Nya	ku		hi	-	dup.														

“SANG KRISTUS PIANDEL KULA”

Cakepan: Pdt. Dr. Uri Christian Sakti Labèti, S.Si. M.Sn.

1. Mung Sang Kristus kang satuhu
etuking pajar karosan,
punjer gesang ingkang teguh
bètèng gesang kang santosa.
Sih-tresnanya tan wangenan
ndayani ing giris sum'lang.
Sang Pangayom nggih Panglipur
berkahnya tansah sempulur.
-tanpa interlude-
2. Sang Pamarta mbabar karsa
tedhak manjalma ing donya,
milujengken nggih umat-Nya,
ngantos koncatan ing nyawa.
Ginantung ing kajeng salib

ingéwan-éwan wit sengit.
Temah dosa myang cilaka,
tinebus kababar swarga.

-interlude ~ modulasi-

3. Sisah, nandhang, ugi pejah
kula tan ajrih tan semplah,
prasetyannya dèn tetepi
mrih titah nunggil ing swargi.
Tan wonten saged ngalangi
nggèn kula ngugemi janji.
Gesang langgeng miwah baka,
nggih badhé binabar nyata.

PANGAKEN DOSA

PS : Para sadhèrèk ingkang kinasih, sumangga kita nyowanaken dhiri kita kanthi andhap asoring manah ing ngarsanipun Gusti lan ngakeni bilih kita asring boten tumemen suméndhé dhumateng Sang Kristus inggih etuking pangajeng-ajeng lan karahayon kita.

(ening sawatawis ngakeni sacara pribadi)

Dhuh Gusti ingkang Maha Tresna, kawula ngakeni déné asring boten suméndhé sawetahipun dhumateng Paduka. Winengku raos kuwatos lan nemahi pacobaning gesang kawula asring ngandelaken dhiri kawula piyambak, tiyang sanès, kepara kakiyataning jagad punika; suméndhé dhumateng Paduka sang Etuking Gesang Sajati kawula wawas sanès prakawis wigati. Pangajeng-ajeng kawula wiwit lambat-lambat nuju ical nalika kawontenaan boten sami kaliyan pikajeng kawula lan gampil nutup mripat ing bab pakaryan katresnan Paduka ingkang tansah kababar ing sauruting gesang kawula.

Karsaa Paduka ngapunteni kawula. Paduka karsaa neguhaken kapitadosan kawula murih panggah pitados déné Paduka boten badhé nilaraken kawula. Wonten ing asmanipun Gusti Yésus Kristus, kawula nyuwun welas-asih saha pangapuntening sadaya dosa panerak kawula. Amin.

Umt : (ngrepèkaken kidung panalangsa) **KPJ. 244**
“SAJRONING PEPETENG”

4. Sajroning pepeteng ing donya,
sumunar cahya minulya
amadhang bangsa sajagad;
sadaya nampi sih-rahmat.
Rawuhé nyingkirken pepeteng;
sirna wayangan ing pati.
Bumi nampani gesang langgeng,
krana pepadhang nelahi.
-tanpa interlude-
5. Nadyan Paduka amberkahi,
bandha donya anglubèri,
sanyata datan maédahi;
tan kwasa nentremken ati.
Datan ana gunging panènan
nuwuhaken katentreman
tumrap wong kang nyingkur Pangéran;
koncatan ing karaharjan.

PAWARTOS SIH-RAHMAT *(jumeneng)*

PS : Nampènana warta sih-rahmat saking Gusti
“Pangandikané Sang Yéhuwah mangkéné: Lah, bakal tumeka ing mangsané anggoningSun bakal nuhoni prasetya, kang Sunparingaké marang tedhak turuné Israèl lan Yéhuda. Ing wektu lan ing mangsa iku Ingsun bakal nuwuhaké Trubusing kaadilan tumrap Dawud, kang bakal nindakaké kaadilan lan kabeneran ana ing nagara. Ing wektu iku Yéhuda bakal linuwaran lan Yérusalèm uripé bakal tentrem.

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

Lan kalawan jeneng iki, iku bakal padha sinebut:
Sang Yéhuwah iku kaadilan kita” (Yérémia 33:14-16).
Makaten sih-rahmat saking Gusti.

Umt : **Puji sokur konjuk Gusti.**
(ngrepèkaken kidung tanggapan) **KPJ. 235**
“LINTANG WÉTAN”

1. Lintang Wétan samangkya andhadhari,
cahyanya gumebyar anyunari.
Wijil Paduka lir asung pawarti,
nèng cakrawala panglipur ati.
-tanpa interlude-
2. Wonten pundi wiyosipun Gusti?
Punapa anèng panggènan adi?
Sumaréné napa dèn aji-aji?
Napa èstu niku Jrubasuki?
-interlude ~ modulasi-
3. Lah suwawi sujud dhateng Gusti;
asumungkem asaos pamuji.
Amba tan darbé kang minangka bukti,
namung amba sumuyud mring Gusti.

PALADOSAN PANGANDIKA *(lenggah)*
PS : (Donga badhé nampèni Sabda)

Waosan Kapisan

Lkt 1 : Waosan kapisan kapethik saking **Yésaya 7 : 10 - 16**
Makaten Sabdanipun Gusti.

Umt : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Masmur Tanggapan

Lkt 2 : Sabdanipun Gusti kita tanggapi sesarengan. Kita
waos sesautan **Jabur Masmur 80 : 1 - 7, 17 - 19.**

Waosan Kalih

Lkt 3 : Waosan kalih kapethik saking **Rum 1 : 1 - 7**
Makaten Sabdanipun Gusti.

Umt : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Waosan Injil

PS : Waosan Injil, kapethik saking **Matéus 1 : 18 - 25**
Makaten Injiling Yésus Kristus, “Ingkang rahayu
inggih punika tiyang ingkang mirengaken
pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken.”
MARANATHA

Umt : (lagu aklamasi) **KPJ. 475 “MARANATHA”**

Kotbah

“Namung Sang Kristus Pangajeng-ajeng Kula!”

Wekdal Ening

Pangaken Pitados

(*jumeneng*)

Prdt 3 : Sesarengan umatipun Gusti Allah ing sauruting
wekdal, sumangga kita pratélakaken lan kita
teguhaken malih ingkang kita pitadosi; sesarengan
kita ucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

Umt : (Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)

Donga *Syafaat*

(*lenggah*)

PS: (Mimpin donga *syafaat*)

PISUNGSUNG

Prdt 4 : Para sadhèrèk ingkang kinasih, kita matur
dhumateng Gusti makaten: “Paduka badhé kawula
puji klayan gumolonging manah, wonten ing
ngajengipun para allah kawula badhé ngidung
masmur kagem Paduka. Kawula badhé sujud
madhep ing padaleman Paduka ingkang suci, saha
memuji dhumateng asma Paduka, awit saking sih-
kadarman lan kasetyan Paduka, déné asma saha
prasetya Paduka, Paduka damel nglangkungi
samukawis” (Jabur Masmur 138:1-2).

Para sadhèrèk ingkang kinasih, samangké kita badhé ngaturaken pisungsung, inggih punika wujud sokur kita awit saking katresnan saha pangrimatipun Gusti ing gesang padintenan kita. Sumangga kita ngaturaken pisungsug kanthi tulus éklasing manah winengku kabingahan, minangka pérangan saking pangibadah kita dhumateng Panjenenganipun. Mugi pisungsung punika mranani galihipun Gusti lan dados berkah tumrap paladosaning gréja tumrap sesami punapa déné jagad.

Umt : (ngrepèkaken kidung pisungsung) **KPJ. 215**
“ANÈNG SALUMAHING BUMI”

1. Anèng salumahing bumi
sru ngumandhang pamuji.
Anèng ngaré miwah ardi,
kidunging bala swargi,
Refrein: *Gloria in excelsis Deo!*
Gloria in excelsis Deo!
-interlude-
2. Pra pangon ing ara-ara,
memuji manembrama,
kagem Raja kang wus prapta,
ngumandhang suka-rena.
Refrein:
-interlude-
3. Wus miyos Juru-basuki, yèku isining puji,
pangunggung kalayan urmat,
mring Gusti Ratu jagad,
Refrein:
-interlude-
4. Payo kita samnya muji
sareng lan bala swargi,
srana kidunging pamuji,
kanthi tulusing ati,
Refrein:

Donga Pisungsung

(jumeneng)

Prdt 4 : (Mimpin donga pisungsung)

Kidung Pangutusan

Umt : **KPJ. 240 “PARA PANGON KANG WINARTANAN”**

1. Prapangon kang winartan
gung begja king swarga,
yogya kaéraman,
angumbar girang ing manah;
dé nyata wartanya Kristus sampun babar.
-interlude-
2. Ja wedi mring padhang mulya,
dumadak ngetingal
ing tengah dalunya,
pasemon tedhak ing padhang
sing swarga mring donya,
jer Kristus wus prapta.

PANGUTUSAN

(jumeneng)

PS : Mengkera saking pangibadah punika lan tetap setya
ngugemi prasetyanipun Gusti!

Umt : **Kita pitados dhumateng Sang Kristus, |
ing kang nglangkungi sadhéngah
pangertosan, | sampun rawuh saha nunggil
kaliyan kita. | Prasetya panunggilipun Gusti, |
boten namung pangajeng-ajeng, | nanging
kababar nyata ing gesang padinten.**

BERKAH

PS : Nampènana berkahipun Gusti *(karepèkaken manut
PKJ. 180 – Cakepan: Pdt. Dr. Uri Christian SL, S.Si., M.Sn)*

“Sihing Gusti tansah anganthi,
lar sih-rahmat tansah ngayomi,
astanipun Gusti ngrengkuh mring sudara;
gumregah wit cahya tresnanya.”

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

Umt : (lagu aklamasi) **KPJ. 475 “MARANATHA”**

[vi-ucsl]



BAHAN LITURGI
nDalu nDungkap Natal
Rebo, 24 Dhésèmber 2025

Katrangan:

PS: Palados Sabda
Prdt: Pradata
Umt: Umat
Lkt: Lèktor

nDika
Lumampah
Boten
Piyambakan
ꦭꦸꦩꦩꦥꦲ

**PACAWISAN (kajumbuhaken padatan pasamuwan
piyambak-piyambak)**

- Organis/pianis ngungelaken kidung-kidung ingkang nuntun umat ngraos-raosaken pangibadah ingkang badhé kaladosaken.
- Umat lumebet ing wekdal ening murih pacawisan pribadi.
- Warta Gréja kawaosaken.

TIMBALAN NGIBADAH

(jumeneng)

Prdt 1 : Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing patunggilanipun Gusti, ing madyaning kawontenan gesang ingkang nggegirisi, Panjenenganipun rawuh mbabar Dhiri Sajati. Rawuhipun Gusti wonten ing gesang kita nedahaken anggènipun Gusti boten naté ngèndelaken kita lumampah piyambakan. Awit saking punika, rinengga raosing manah ingkang rena saha bingah, sumangga kita mulyakaken asmanipun Gusti Allah!

Umt : (ngrepèkaken kidung pujèn) **KPJ. 232**
“KAMULYAKNA”

Kamulyakna Hyang Maagung
ing suwarga, ing suwarga, ing suwarga.
Tentrem rahayu ana ing bumi,
ing manungsa kang sinarjonan.
Kluhurna Allah nèng swarga,

kluhurna Allah nèng swarga!
Tentrem rahayu ana ing bumi,
tentrem rahayu ana ing bumi,
ing manungsa, ing manungsa kang sinarjonan,
ing manungsa kang sinarjonan, kang sinarjonan!
Pinujia, pinundhia Hyang Maagung
ing suwarga lan ing bumi.
Tentrem rahayu ana ing bumi,
ing manungsa kang sinarjonan. Amin, amin!

VOTUM

PS : Pangibadah Minggu Advèn IV punika kita purwakani kanthi pangaken bilih, “Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi, lan saisinipun; saha ingkang setya netepi prasetyaning kawilujengan ingkang sampun kababaraken.

Umt : (lagu aklamasi) **KPJ. 461 “AMIN”**

SALAM

PS : “Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus, wontena ing (kita) panjenengan sadaya.”

Umt : **Ugi nunggil kaliyan penjenengan. Amin.**

PRATÉLAN PAMBUKA

(lenggah)

Prdt 2 : Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing patunggilanipun Gusti, anggèn kita nglampahi gesang punika asring aben-ajeng kaliyan kawontenan ingkang winengku ing raos was sumelang, pameteg ingkang sangsaya awrat, rumaos boten gadhah daya nemahi prakawising gesang, kepara rumaos samun piyambakan nglampahi gesang punika. Nanging ing ndalu ndungkap Natal kita kaengetaken bilih Gusti Allah boten kèndel kémawon ing satengahing kawontenan gesang ing jagad ingkang winengku was sumelang lan raos

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

kuwatos. Wonten ing Sang Kristus ingkang miyos tumrap kita; Panjenenganipun rawuh, tindakan lumampah sesarengan kita, lan nuntun kita kanthi tentrem rahayunipun. Dalu punika kita kaatag ngriyadinaken sih-katresnanipun Gusti Allah ingkang boten ngèndelaken umatipun mlampah piyambakan. Kanthi kayakinan bilih Sang Immanuèl badhé nunggil kaliyan kita salaminipun. Sumangga sesarengan kita mapag mahargya rawuhipun Gusti...

Umt : (ngrepèkaken kidung pujèn) **KPJ. 242 “RAWUHA SANG IMANUÈL”**

1. Rawuha Sang Imanuèl ngluwari umat Israèl,
dènnya nandhang kasangsaran;
ngantu-antu pitulungan.
Refrèn: Gya suraka! Hé, Israèl!
Pethukna Sang Imanuèl.
-tanpa interlude-
2. Rawuha trubus Isai ngesorken dosa lan pati.
Umat kang nandhang sangsara
luwara saking cintraka.
Refrèn:
-tanpa interlude-
3. Sang Surya kang nembé prapta,
linipura umatira.
singkirna peteng nglimputi
sarta wayanganing pati.
Refrèn:
-interlude ~ modulasi-
4. Tedhaké Daud, rawuha
mbikak gapuraning swarga;
tinutup lawanging satru,
mring umat tentrem-rahayu.
Refrèn:

PANGAKEN DOSA

PS : Para sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing patunggilanipun Gusti, ndalu ndungkap Natal

ngènetaken kita bilih Gusti rawuh manunggil umatipun. Nanging asring kelampahan raméning gesang padintenan njalari kita lirwa panunggilipun Gusti ing sauruting lampah gesang kita. Kita langkung éklas manah winengku déning raos ajrih saha sumelang, kados-kados kita nembé mlampah piyambakan. Ing kawontenan dalu samun anteng lan kanthi andhap asoring manah, sumangga kita ngakeni anggèn kita gesang taksih tebih saking kasampurnan satemah kita prelu nyuwun pangapuntening dosa dhumateng Gusti.

Umt : (ngrepèkaken kidung panalangsa) **KPJ. 231**
“KADOS PUNDI, DHUH GUSTI”

1. Kadospundi, dhuh Gusti,
nggèn kula sung urmat,
methukken klayan puji
mring Ratuning jagad?
Mugi Gusti madhang lanteran Roh Suci.
Salam kula ndadosna kepareng Paduka.
-tanpa interlude-
2. Saking dhampar kang mulya
lan kluhuran swarga,
Gusti tedhak ing donya
nunggil lan pra-jalma,
tumulut nandhang sangsara,
ngrembat kasisahan,
ngrukunken tiyang dosa
dhumateng Pangéran.
-interlude-
3. Punapa kang njalari,
dhuh Ratu kang mulya,
Paduka rawuh mriki,
karsa nandhang papa?
Inggih piwlas Paduka saha palimirma,
lan katresnan Paduka dhateng tiyang dosa.

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

PS : Awit sih-rahmatipun Gusti Allah kababara katresnan saha pangapunten. Pramila tumrap kita ingkang kanthi keduwung ngakeni dosa lan purun mbikak manah tumrap Panjenenganipun, mangga panjenengan tampi sih-rahmat lumantar **Yésaya 9:5** ingkang makaten: “Amarga ana Bayi kang wus miyos kanggo kita, ana Putra kang wus kaparingaké marang kita, lambanging papréntahan ana ing pamidhangané, lan asmané sinebut: Penaséhat Élok, Gusti Allah kang prakosa, Rama kang Langgeng, Ratuning Katentreman.” Makaten sih-rahmat saking Gusti.

Umt : **Puji sokur konjuk Gusti.**
(ngrepèkaken kidung kabingahan) **KPJ. 229**
“KABINGAHAN KANG SEJATI”

1. Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki,
pasamuwan regeng yekti sesarengan angabekti.
memuja, misungsung,
ngakeni dosa, lan nyenyuwun,
bingah-bingah trusing manah.
Sung kabegjan dhateng liyan,
numrahna raharja wit wus prapta Sang Pamarta.
-tanpa interlude-
2. Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki,
brayat sami tetunggilan wah ngabekti sesarengan.
ngundhangna Injilnya
mrih salir tyang gesang nyata.
Ngluwarana tyang sangsara
wah mbélani tyang prihatin,
mrih samya rahayu,
wit Sang Kristus sampun rawuh.
-interlude ~ modulasi-
3. Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki,
pepanggihan lan pra mitra
sesarengan anèng gréja,
memuji mring Gusti
wah leladi mring sesami,

angrukunna tyang conggrahan
wah nyirnakna kamitégan,
ngegungna sih-tresna.
Kristus Gusti sampun prapti.

PALADOSAN PANGANDIKA

(lenggah)

PS : (Donga nampèni Sabda)

Waosan Kapisan

Lkt 1 : Waosan kapisan kapethik saking **Yésaya 9:2-7**.
Makaten Sabdanipun Gusti.

Umt : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Masmur Tanggapan

Lkt 2 : Masmur tanggapan kapethik saking **Jabur Masmur 96**. Sumangga kita waos kanthi sesautan (utawi dipun lagokaken)

Waosan Kalih

Lkt 3 : Waosan kalih kapethik saking **Titus 2:11-14**.
Makaten Sabdanipun Gusti.

Umt : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Pamaosing Injil

PS : Waosan Injil dinten punika kapethik manut paseksining **Lukas 2:1-14**.

Makaten Injiling Yésus Kristus, “Ingkang rahayu inggih punika ingkang sami mirengaken Pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken.” HALÉLUYA!

Umt : (lagu aklamasi) **KPJ. 472 “HALÉLUYA! AMIN”**

Kotbah: “nDika Lumampah Boten Piyambakan”

Wekdal Ening

Pangaken Kapitadosan

(jumeneng)

Prdt 3 : Sesarengan umatipun Gusti Allah ing sauruting jaman, kita pratélakaken saha teguhaken malih

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

isining kapitadosan kita kanthi ngucapaken
Pangaken Pitados Rasuli.

Umt : (Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)

Donga Syafaat (lenggah)

PS : (Mimpin donga syafaat)

PISUNGSUNG

Prdt 4 : Gusti rawuh ing saben kababaring katresnan ingkang kita tampèni ing gesang padintenan kita. Panjenenganipun tansah rawuh nyarengi saha ngamping-ampingi lampah kita. Rawuhipun asring sanget nyirep prahara gesang ingkang kita temahi. Awit saking punika, sumangga kita ngucap sokur ngèngeti Pangandikanipun Gusti ing **Ibrani 13:15-16** ingkang makaten: “Kang iku payo kita padha tansah saos kurban pamuji sokur marang Gusti Allah lumantar Panjenengané, iya iku kang arupa wohing lambé kang ngluhuraké asmané. Sarta aja lali nindakaké kabecikan lan awèh pitulungan, jalaran iya kurban-kurban kang mangkono iku kang ndadèkaké keparengé Gusti Allah.

Umt : (ngrepèkaken kidung pisungsung) **KPJ. 227 “IBA ÉNDAH CAHYÈNG RATRI”**

1. Iba éndah cahyèng ratri kang nyunari jagad rat;
duk praduta swarga prapti
ngundhangaken sih-rahmat.
Raharja, prajalma kang sinungan kawaluyan,
lantaran Sang Pamarta, lantaran Sang Pamarta.
-interlude-
2. Puji konjuk Hyang Maluhur
kang melasi mring jalma;
nglepataken saking ukum, mitulungi raharja.
Pra jalma sayogya ndhèrèk muji Hyang Masuci,
langgeng ing salaminya, langgeng ing salaminya.

Donga Pisungsung

(jumeneng)

Prdt 4 : (Mimpin donga pisungsung)

PANGUTUSAN

(*tetep jumeneng*)

PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti
Umt : **Kawula nggeneraken manah dhuateng Gusti**
PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus
Umt : **kawula sumadhiya dados seksinipun Sang Kristus**
PS : Pinujia Gusti Allah kita
Umt : **Samangké éngga salaminipun**
(ngrepèkaken kidung pangutusan) **KPJ. 236**
LINUHURNA! GUSTI PAMARTA

1. Linuhurna! Gusti Pamarta
karsa rawuh ing donya.
Linuhurna! Gusti Pamarta
karsa rawuh ing donya.
Jagad bilai, Kristus ngrawuhi,
daweg kanca, dèn pepuja!
Rawuhé Gusti datan ngadili,
malah nulungi tyang dosa.
-tanpa interlude-
2. Linuhurna! Gusti Pamarta
karsa mlasi tyang dosa.
Linuhurna! Gusti Pamarta
karsa mlasi tyang dosa.
Jagad bilai, Gusti ngrawuhi
karsa nucèkken tyang dosa,
drapon muktia saha mulyakna
asmané Hyang Mawilasa.

BERKAH

PS : “Pangéran Yéhuwah mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan. Pangéran Yéhuwah nyunari panjenengan kanthi cahyaning wadananipun lan maringi sih-rahmat. Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

Umt : (lagu aklamasi) **KPJ. 467 “HALÉLUYA,
HALÉLUYA, HALÉLUYA”**

(ykk-ucsl)



**BAHAN LITURGI
NATAL**

Kemis, 25 Dhésèmber 2025

Katrangan:

PS : Pelados Sabda
P : Pradata
U : Umat
L : Lèktor

**Rawuhipun Allah
Nanggulangi Raos
Ajrih**
ꦫꦸꦃꦶꦥꦸꦤ꧀ꦭꦏꦸꦭꦒꦶꦫꦂꦫꦺꦴꦱꦶꦗꦂꦶ

PACAWISAN

*(kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan
piyambak-piyambak)*

- Organis/Pianis ngungelaken lelagon ingkang mbekta umat lumebet ing swasana pangibadah.
- Umat sami tidhem, ngeningaken manah minangka pacawisan pribadhi ing pangibadah.
- Pamaosing pawartos pasamuwan (menawi wonten)

TIMBALAN PANGIBADAH

(Jumeneng)

P1: “Pangéran Yéhuwah iku Raja, salumahing bumi karebèn surak-surak, pulo-pulo karebèn akèh kang padha sukarena!”

U : **Kawula sami bingah-bingah awit Allah ngrawuhi umatipun.**

P1: “Wartakna marang putri Sion: Lah karahayonmu teka; lah kabèh kang dadi pituwasing rekaosé padha bareng kalawan Panjenengané.”

U : **Rawuhipun Allah sampun kalampahan, lan raos ajrih sumingkir saking gesang kawula.**

P1: Sumangga kita methukaken Sang Juru Wilujeng srana manah ingkang kebak pamuji.

U : **Sumangga kita ngluhuraken Panjenenganipun. Sang Kristus ingkang miyos kanggé jagad.**

P1: *(umat kasuwun ngidungaken KPJ 247:1-3 “Sugeng*

Rawuh Gusti”)

U : (*ngidungaken*) **KPJ 247:1-3** “**Sugeng Rawuh Gusti**”

1. Sugeng rawuh, Gusti, Ratuning swarga
kang tumedhak nèng donya krana kula,
Sugeng rawuh, Gusti saking dalemé Rama,
rawuhé nèng donya nunggil lan pra jalma.
Salam, salam!
2. Gusti ingkang dadya tukung sih-rahmat;
adreng panyuwun kula klayan urmat.
Kang ibu Maryam tansah manggiya widada,
kang sampun dadya srana miyos Paduka.
Salam, salam!
3. Pra pangèn gumrégah, cahya nelahi,
nulya nampi pawartos saking swargi;
Gusti Yésus wus miyos, anèng kandhang kéwan
nulya ginedhong sumèlèh ing palungan.
Salam, salam!

VOTUM

PS: Sumangga kita purwakani Pangibadah Natal punika
kanthi pangaken bilih: Pitulungan kita punika wonten ing
asmanipun Gusti Allah ingkang nitahaken langit lan
bumi, ingkang tansah setya tumrap prasetyan
kawilujengan ingkang sampun kababar.

PS+U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin**

$\overset{D}{1} \cdot \overset{G}{2} \overset{D}{3} | \overset{G}{4} \cdot \overset{D}{3} \cdot | \overset{A}{2} \cdot \overset{Bm}{1} \cdot | \overset{Em}{4} \cdot \overset{A}{2} \cdot | \overset{D}{1} \cdot \cdot \cdot ||$
A - min, a - min, a - min.

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita,
saha saking Gusti kita Yésus Kristus nunggila ing
panjenengan sadaya.

U : **Nunggila ing panjenengan ugi.**

LITANI PAMBUKA

(Lenggah)

P2: Bengi kang peteng ndhedhet wus padha kaplethèkan pepadhang gedhé.

U : **Kristus Pepadhanging Jagad, wus miyos kanggo kita!**

P2: Malaékat ngandika marang para pangon, "Aja padha wedi, Ing dina iki wus miyos Juruslametmu, yaiku Kristus, Gusti."

U : **Ing dinten punika kawula sami ngriyadinaken wiyosanipun, ingkang nguwalaken raos ajrih kawula.**

P2: Yèrusalèm ingkang naté dados jugrungan, sapunika mireng pawartos kabingahan “Lah karahayonmu teka!”

U : **Kawula sami suka-bingah, krana Gusti Allah ngrawuhi umatipun srana sih-setyanipun.**

U : *(ngidungaken)*

KPJ 230:1,4 “Kabingahan Kang Sejati”

1. Kabingahan kang sejati sumrambah sa bumi.
Ratu Adil sampun prapta, sinung gesang mulya,
sinung gesang mulya, sinung, sinung gesang mulya
2. Warta adi kang satuhu saking Kang Makwasa.
Kristus Gusti mbikak swargi, begja tyang pracaya,
begja tyang pracaya, begja, begja tyang pracaya

PANGAKEN DOSA

(Lenggah)

PS: Sumangga sowan kanthi andhap-asoring manah, ngakeni dosa lan raos kuwatos kita ing ngarsaning Gusti Allah. *(Ening sawetawis)*

PS: Gusti ingkang Mahatresna, kawula asring nglampahi gesang salebeting raos ajrih: ajrih dhateng wekdal ingkang dèrèng kalampahan, ajrih gagal, ajrih kécalan, ugi ajrih ngadepi dosa-dosa kawula piyambak. Nyuwun pangapunten, paringana kawula kakiyatan srana katresnan Paduka.

U : **Dhuh Gusti, nyuwun kawelasan! Kawula**

**ngakeni, bilih manah kawul kéguh lan pangandel
kawula ringkih.**

U : (*ngidungaken*)

KPJ 213:1,2 “Allah Ngesorken Srira”

- Allah ngesorken srira, wit nglabuhi jalma.
Manungsa tan keduga ngandelken dhirinya.
Mung karana tresna, gesang tentrem raharja.
Tyang dosa pinurih tobat, cinadhang sihrahmat.
- Allah tedhak ing donya, wit gunging sih-tresna;
ngrukunaken manungsa klayan sariranya.
Mila tyang pracaya sami manggih raharja;
kang sami olah katresnan sinihan Pangéran.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(*Jumeneng*)

PS: Gusti punika saèstu welas-asih. Gusti Allah karsa paring
sih-rahmatipun tumrap kita sadaya ingkang nyuwun
pangapunten saking Gusti. **Rum 8:28** paring
pangandika makaten:

”Saiki kita padha sumurup, yèn Gusti Allah uga
makarya ana ing samubarang kabèh, njalari beciké
wong kang padha tresna marang Panjenengané, yaiku
para kang tinimbangan miturut ing pepesthèning
Allah.”

U : Punika panglipuran kawula: Gusti Allah mboten
nilaraken kawula, napa malih salebeting karingkihan
saha kaprihatosan.

PS : Srana wiyosanipun Kristus, Gusti Allah mbabaraken
katresnanipun ingkang sampuna. Panjenenganipun
makarya ing sejarah gesang kita kanggé ngrawuhaken
katentreman lan pangajeng-ajeng.

U: Rawuhipun Allah nanggulani raos ajrih kawula, krana
Kristus sampun rawuh ngasta kawilujengan.

PS: Sumangga kita gesang salebeting kapitadosan: punapa
mawon ingkang kalampahan, Gusti Allah makarya kagem
kebecikan kita.

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

U: Puji sokur konjuk Gusti Allah. Wonten ing Kristus, kawula nampèni sih-rahmat, tentrem-rahayu, lan kabingahan langgeng. Haléluya! Amin.

U: *(ngidungaken)* **KPJ 216:1-2** “**Bètléhèm ing Éfrata**”

1. Bètléhèm ing Éfrata, sanyata prasaja,
kang cilik ing Yéhuda nging pinilih Gusti.
Ya anèng kandhang kéwannya,
miyosing Sang Pamarta.
Allah sung waluya, tan mawang manungsa.
2. Pra pangon wong kang ringkih, asor, melas-asih,
winartanan mlaékat marganing sih-rahmat;
dé kang sinungan waluya, mung kang nlangsani dosa.
Allah Mahaasih mbélani wong ringkih

PALADOSAN SABDA

(Lenggah)

PS: (Pandonga Èpiklésé)

Waosan Kapisan

L1: Waosan Kapisan saking **Yésaya 62:6-12**
Mekaten pangandikanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Waosan Kapisan kalawau srana
Jabur Masmur 97:7-12
(saged kawaos sacara sesautan utawi kadasaraken)

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosang Kaping Kalih saking **Titus 3:4-7**
Mekaten pangandikanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil saking **Lukas 2:8-20**
Mekaten Injiling Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih
menika ingkang mirengaken saha nggatosaken
pangandikanipun Gusti. Haléluya!

U: *(ngidungaken)* **HALÉLUYA**

$\overline{1} \ 1 \mid 3 \ 3 \ 0 \ \overline{3 \ 3} \mid 5 \ 5 \ 0 \ \overline{5 \ 5} \mid 6 \ . \ 5 \ 4 \mid 3 \ . \ . \parallel$
Halé - lu-ya, Halé - lu-ya, Halé - lu - ya.

Khotbah: “Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

Wekdal Ening

PANGAKEN PITADOS

(Jumeneng)

P3: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ikraraken saha kita santosakaken malih punapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)

PANDONGA SYAFAAT

(Lenggah)

PS: (nuntun Pandonga Syafaat)

PISUNGSUNG

P4: Sumangga kita misungsung kanthi manah suka-rena, ampun kanthi raos ajrih kécalan, awit Gusti Allah sampun ngrawuhi lan mberkahi kita.

U: (ngidungaken) **KPJ 233:1-3 “Kanca Agiyaka”**

1. Kanca agiyaka! Ing kandhang Bèthlèhèm karawuhan Rohing Pangéran.
Sang Bayi miyos pinaringken kita
Ref: Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud ngabekti maring Gusti, Pamarta.
2. Pamartaning jagad, Putra kang tumurun sumèlèh anèng pamakanan.
Yéku wujudnya prasetyaning Allah.
Ref:
3. Sang Ratuning Jagad dahat kinurmatan, rawuhé mbabar sih-kawelasan

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

marang manungsa kang samnya pracaya
Ref:

Pandonga Pisungsung (Jumeneng)

P4: (nuntun Pandonga Pisungsung)

KIDUNG PANGUTUSAN

U: (ngidungaken)

KPJ 215: 1-2 “Anèng Salumahing Bumi”

3. Anèng salumahing bumi sru ngumandhang pamuji
Anèng ngaré miwah ardi, kidunging bala swargi,
Gloria in èxcèlsis Déo! Gloria in èxcèlsis Déo!
4. Pra pangen ing ara-ara, memuji manembrama,
kagem Raja kang wus prapta, ngumandhang suka-
rena
Gloria in èxcèlsis Déo! Gloria in èxcèlsis Déo!

PANGUTUSAN

PS: Para sadhèrèk, ampun nglampahi gesang srana raos ajrih malih. Krana Allah sampun ngrawuhi kita wonten ing Kristus. Mengkera kanthi mbekta kabingahan Natal, dadosa seksi rawuhipun Gusti ing satengahing para tiyang ingkang sumelang, kécalan greget, lan kangen dhateng pitulunganipun Gusti.

U: Kula sami sumadya gumrégah nanggulangi raos ajrih, lan sesarengan mbudidaya nyingkiraken uwas-sumelang, mitulungi ingkang pepes saha ingkang sisah.

BERKAH

PS: “Pangéran Yéhuwah maringana berkah dhateng panjenengan (*kita*) lan ngayomana panjenengan (*kita*); Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan (*kita*) lan maringi sih-rahmat; Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan (*kita*) lan maringi tentrem rahayu.”

U : Amin.

Prosesi Panutup

U : *(ngidungaken)*

KPJ 230 : 3 “Kabingahan Kang Sejati”

3. Karaharjan kang sanyata pinaringken jalma.
Kristus prapta olah-tresna, tentrem kang pinanggya,
tentrem kang pinanggya, tentrem,
tentrem kang pinanggya

[ap-hw]



BAHAN LITURGI

Minggu I Sasampunipun Natal

Minggu; 28 Dhésèmber 2025

Katrangan:

- PS : Pelados Sabda
P : Pradata
U : Umat
L : Lèktor

Pinanggih Kaliyan Allah ing Salebeting Raos Ajrih Kita

☪☪☪

PACAWISAN

*(kajumbuhaken kaliyan padatanipun pasamuwan
piyambak-piyambak)*

- Organis/Pianis ngungelaken lelagon ingkang mbekta umat lumebet ing swasana pangibadah.
- Umat sami tidhem, ngeningaken manah minangka pacawisan pribadhi ing pangibadah.
- Pamaosing pawartos pasamuwan *(menawi wonten)*

TIMBALAN PANGIBADAH

(Jumeneng)

- P1 : Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, ing dinten Minggu sapisan sasampunipun Natal punika sumangga kita raosaken rangkulaning katresnanipun Gusti ingkang raket lan suci. Sumangga kita lumebet ing pangibadah punika srana kebak pangajeng-ajeng ingkang bakuh, bilih namung Gusti ingkang setya ngrimati gesanging umatipun srana katresnan. Ing satengahing manéka lelampahan gesang, kita kasagedaken mranata raos ajrih lan ndadosaken kakiyatan nglampahi gesang. Pramila sumangga sesarengan kita ngluhuraken Gusti srana **Jabur-Masmur 27: 1-5.**
- P1 : Sang Yéhuwah kang dadi pepadhangku lan pamartaku, sapa kang dakwedèni?
- U : **Sang Yéhuwah kang dadi bebètènging uripku, sapa kang marakaké aku gumeter?**

- P1 : Nalika para durjana padha nempuh marang aku arep mangan dagingku, yaiku sakèhing satruku lan mungsuhku banjur padha kajengklok lan tiba.
- U : **Sanadyan akèh bala kang padha ngedegaké tarub ngepung aku, atiku ora giris,**
- P1 : Sanadyan tuwuh peperangan, atiku tetep pracaya.
- U : **Saprakara kang wus daksuwun marang Sang Yéhuwah, yaiku kang dakpéngini muga bisa manggon ana ing padalemané Sang Yéhuwah ing salawasé urip,**
- P1 : Nyawang kadamane Sang Yéhuwah sarta ngrasakaké nikmaté ana ing pasucèné.
- P1+U : **Sabab Pangéran ngayomi aku ana ing pasanggrahané, manawa ana bebaya; ngaling-alingi aku ana ing papan kang ndhelik ing sajroning tarubé. Panjenengané mrenahaké aku ana ing sadhuwuring parang.**
- P1 : Kanthi suka-sokur kita luhuraken Gusti salebeting pepujèn KPJ 225:1-3 “Haléluya! Yésus Kristus”
- U : *(ngidungaken)*
KPJ 225:1-3 “Haléluya! Yésus Kristus”
1. Haléluya! Yésus Kristus ngrawuhi manungsa.
Padhanging kamulyanipun kawuryan nèng donya.
 2. Haléluya! Rawuhipun awit welasipun,
mring para umat sadarum, amrih gesangipun.
 3. Haléluya! Yésus Kristus dados Juru Slamet,
Panutan kang setya tuhu tuwin Ratu Langgeng.

VOTUM

- PS: Kita purwakani pangibadah Minggu sapisan sasampunipun Natal punika kanthi pangaken bilih: Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi dalah saisénipun, saha ingkang

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

setya tuhu netepi prasetyaning kawilujengan ingkang sampun katetepaken.

U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin**

5 6 ' | 5 6 ' | 5 4 | 3 . ||
A - min A - min A - min.

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, tuwin saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing para sadhèrèk (kita) sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

ATUR PAMBUKA

(*Lenggah*)

P2: Pasamuwan ingkang kinasih, Allah karsa ngrawuhi jagad lumantar Gusti Yésus Kristus. Srana Natal kita ngriyadinaken wiyosanipun ing jagad. Kristus punika sumbering kabingahan kita. Wonten ing Panjenenganipun kita ngraosaken kabingahan lan tentrem-rahayu. Srana kabingahan lan tentrem-rahayu punika, kita sadaya kasagedaken ngadepi raos ajrih ingkang asring dumunung ing salebeting batos. Sumangga ngulukaken raos sokur srana pepujèn:KPJ 96:1,2 “Tyas Kita Dimèn Slamanya Bungah”

U: (*ngidungaken*)

KPJ 96:1,2 “Tyas Kita Dimèn Slamanya Bungah”

1. Tyas kita dimèn slamanya, bungah lan sukarena,
déné Sang Rama ing swarga,
nganggep putra mring kita.
Ref: Mara tansah abebungah, saben dina antuk trang
Dalaning urip éndah apadhang,
mara tansah dèn girang
2. Hyang Agung kang njangkung kita,
rineksa ing panggoda.
Sih-rahmatnya kang anglipur,

paring kuwat-santosa

Ref:

PANGAKEN DOSA

PS: Sumangga sesarengan kita ngakeni bilih kita taksih kémawon mangu-mangu dhateng kuwaosipun Allah ingkang sampurna lan langgeng, temah gesang kita taksih dipun kuwaosi raos ajrih. Sumangga nyuwun pangapunten dhumateng Allah krana kita kirang ngendelaken kuwaosipun Allah lan nglilakaken dipun kuwaosi déning raos sumelang, mangu-mangu, lan raos ajrih. Sumangga ngakeni bilih kita saèstu mbetahaken pitulunganipun Gusti satemah kuwang ngadhepi bingah-sisahing gesang ing salebeting panuntunipun Gusti. Sumangga kita télakaken panelangsa, pamratobat lan panyuwunan kita srana ngrepèkaken KPJ 52:1,3 “Gusti Sèstu Kula Nalangsa”

U: (*ngidungaken*)

KPJ 52:1,3 “Gusti Sèstu Kula Nalangsa”

1. Gusti sèstu kula nalangsa, awit asring mbaléla, damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya.

Ref: Dhuh Gusti, kawula nyuwun apura,
sinucèkken sing dosa.
Mugi manah kula kaénggalna,
mituhu Paduka

2. Sèstu kawula ngraosaken ing katresnan Paduka, wit Paduka tan négakaken kula kawratan dosa

Ref:

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(*Jumeneng*)

PS: Gusti Allah karenan mirengaken pamratobat saha panelangsa kita. Allah karenan paring pangandika dhateng kita kanggé ngiyataken gesang saha mranata raos ajrih srana tansah suméndhé dhumateng Panjenenganipun. Minangka pratandha Allah

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

nggatosaken kita, pawartos sih-rahmat kawartosaken dhateng kita srana **Jabur-Masmur 34:5-6:**

“Aku wus ngupaya Pangéran Yéhuwah, banjur diparingi wangsulan, sarta diluwari saka sabarang kang marakaké girisku. Padha mandenga marang Pangéran Yéhuwah, ulatmu mesthi bakal padha dibingaraké, sarta mesthi ora bakal padha kawirangan.”

Mekaten pawaros sih-rahmat saking Gusti.

U: Puji sokur konjuk Gusti Allah!

U: (*ngidungaken*)

KPJ 145. “Yèn Praharaning Urip Anerjang”

Yèn praharaning urip anerjang,
lan pacobané nyerang ngrusuhi,
mung sajuga pengarep arepmu,
prasetyané Gusti iku tangguh.

Nadyan gunung gunung padha jugrug
tengger tengger kabèh padha horeg,
ninging kasetyané Gusti ngayomi,
rumeksa; jiwamu tetep teguh.

Ngendelna prasetyaning Gusti,
aja nganti uwal rina kalawan wengi.
Singkirna wedi lan kuwatir,
Gusti kang ndarbèni uripmu,
Nadyan gunung - gunung dha gumingsir,
sarta tengger-tengger padha horeg,
ninging kasetyané Gusti ngayomi
lan tansah rumeksa rina wengi
lan tansah rumeksa rina wengi.

PALADOSAN SABDA

(*Lenggah*)

PS: (*Pandong a Èpiklésé*)

Waosan Kapisan

L1: Waosan Kapisan saking **Yésaya 63:7-9**

Mekaten pangandikanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapé Waosan Kapisan kalawau srana
Jabur-Masmur 148

(saged kawaos sacara sesautan utawi kadasaraken)

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosang Kaping Kalih saking **Ibrani 2:10-18**

Mekaten pangandikanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil saking **Matius 2:13-23**

Makaten Injiling Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih
menika ingkang mirengaken saha nggatosaken
pangandikanipun Gusti. Haléluya!

U: *(ngidungaken)* HALÉLUYA

1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 | 3 . . ||
Halé - lu-ya, Halé - lu-ya, Halé - lu - - ya.

Khotbah:

“Pinanggih Kaliyan Allah ing Salebeting Raos Ajrih Kita”

Wekdal Ening

PANGAKEN PITADOS RASULI

(Jumeneng)

P3: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting jaman,
sumangga kita ikraraken tuwin kita antebaken malih
menggah punapa ingkang kita imani kanthi sesarengan
ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: *(Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)*

PANDONGA SYAFAAT

(Lenggah)

PS: *(Ngonjukaken pandonga syafaat)*

PISUNGSUNG

- P4: Sumangga kita unjukaken panuwun sokur awit kasaénan saha kamirahanipun Gusti ingkang tansah lumintu. Sumangga kita kempalaken pisungsung srana pangaken awit pangrimatipun Gusti kados Sabdanipun ing **Jabur-Masmur 23:1-6**.

“Masmur anggitané Prabu Dawud. Sang Yéhuwah iku pangèuku, aku ora kekurangan apa-apa. Aku diplegungaké ana ing pangonan kang akèh suketé, aku digiring menyang ing banyu ing panggonan kang tentrem; nyawaku diayemaké, sarta dituntun ing dalaning kabeneran marga saka asmané. Malah sanadyan lumaku ana ing jurang palimenganing pati, aku ora wedi marang bilai, margi Paduka ingkang nganthi kawula; teken Paduka saha lantaran Paduka punika sami nglipur kawula. Paduka nata pasegahan kanggé kawula, wonten ing ngajengipun satru kawula; sirah kawula Paduka jebadi kaliyan lisah, tuwung kawula kebak mancep-mancep. Amargi namung kabegjan lan kadarman thok ingkang badhé ngirid lampah kawula, salaminipun gesang, saha kawula badhé manggèn wonten ing padalemaning Sang Yéhuwah ing salaminipun.”

- U: (*ngidungaken*)
KPJ 103:1,2 “Allah Yéku Pangén Satuhu”

1. Allah yéku pangén satuhu,
pangrèhnya nentremken kalbu.
Kula tansah rinimatan
srana saguning kamirahan.
Ref: Ing juranging pati tan wedi bilai,
wit Gusti pribadi kang nganthi.
Nadyan mengsah kathah, manah datan semplah,
wit berkahnya rumentah.
Mung kabegjan saha kadarman,
ngiring salaminipun gesang,
sarta kula badhe manggèn tansah

ing dalemé Sang Yéhuwah

2. Ayem manah lan nyawa kula
ing ayoming sihé Gusti,
sarta tinuntun astanya
ing kayektosan kang sejati
Ref:

Pandangan Pisungsung *(Jumeneng)*

P4: *(Mimpin Pandonga Pisungsung lan Rama Kawula)*

KIDUNG PANGUTUSAN

U: *(ngidungaken)*

KPJ 124:1,2 “Kula Sèstu Ndhèrèk Gusti”

1. Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan.
Tetep setya dugèng janji, tan wigih karibedan.
Ref. Dhuh nyawaku, ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir.
Tut-wuria salaminya ing satindaké Gusti.
2. Kula sèstu ndhèrèk Gusti martosken Injil suci.
Datan ajrih ing sangsara, wit Gusti nganthi kula
Ref.

PANGUTUSAN

PS: Tetep setya, gondhèlan bakuh ing astanipun Gusti, saha enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.

U: **Kawula nggeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus.

U: **Kawula cumawis dados seksi kagem Sang Kristus!**

PS: Pinujia Gusti Allah kita.

U: **Samangké ngantos salami-laminipun!**

PS: Mengkera kanthi bingah, émuta Sabdanipun Gusti, bilih Panjenenganipun tansah makarya wonten ing gesang panjenengan. Lampahana gesang panjenengan kanthi

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

kebak pangajeng-ajeng, adhepana sadaya raos ajrih panjenengan sesarengan Gusti. Samektaa nindakaken timbalanipun Gusti. Gusti ngiring lampahing gesang panjenengan srana berkahipun.

BERKAH

PS: “Pangéran Yéhuwah mugi maringana berkah dhateng panjenengan (*kita*), lan ngayomi panjenengan (*kita*); Pangéran Yéhuwah mugi nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan (*kita*), lan maringana sihrahmat; Pangéran Yéhuwah mugi karsaa nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan (*kita*), lan maringi tentrem rahayu.” Amin.

U: (*ngidungaken*) **KPJ 472 Haléluya! (5X) Amin! (3x)**

[bw-hw]



BAHAN LITURGI

Pungkasaning Warsa

Rebo, 31 Dhésèmber 2025

Katerangan:

PS.: Palados Sabda

P: Pradataning Pasamuwan

U: Umat

**Pepadhang
Béngkas Raos
Ajrih**
❧❧❧

PACAWISAN (kajumbuhaken kaliyan pakulinan ingkang sampun lumampah)

- Organis/pianis ngungelaken lelagon, ndhèrèkaken pasamuwan lumebet ing swasana pangibadah.
- Pasamuwan sami tidhem minangka pacawisan pribadi.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

TIMBALAN NGABEkti

(Jumeneng)

P1: Para sêdhèrèk, warsa 2025 badhé énggal rampung. Sumangga sumêné sawetawis saking bot-repoting gesang sowang-sowangan. Sumangga ngèmuti malih, kadospundi anggèn kita miwiti lan nggêgêsang dinten-dinten sadanguning warsa 2025. Punapa panjenengan sampun rumaos mongkog nglampahi gesang dumugi wekdal samangké? Kedah dipun akèni bilih gesang punika boten saged kaambalan malih. Awit saking punika, ingkang bakèn inggih punika kasagahan kanggé tansah nganyaraken dhiri lan nyinau saking kanyatan-kanyatan ingkang sampun kelampahan. Sumangga kita lumebet ing pangibadah pungkasaning warsa punika akanthi manah ingkang ngener dhumateng Gusti Allah, caos sokur lan masrahaken dhiri.

U: **(Ngidung KPKL 135: 1 – 3 Gusti Pananggal Kula)**

- 1 Aku rèhné sèkèng Ngungsi maring Gusti
Déné rahé kang suci Mbirat dosa mami

Refr.: Gusti wus nyaur Pundhat utangku
Dosaku luwih agung Nging Gusti kang nglebur

- 2 Namung kwasa Tuwan Dhuh Gusti Pamarta
Ingkang saged ngluwari Kula saking dosa.

Refr.:

- 3 Nggèn kula nyenyuwun Kang dados landhesan
Dédé labet kawula Anamung sih Tuwan.

Refr.:

VOTUM

PS: Sumangga pangabibadah punika kita sêngkêr kanthi pengaken,

PS+U: “Sang Yêhuwah kang nitahaké bumi sarana kakiyatané, kang njêjêgaké bumi sarana kawicaksanané lan mbèbèr langit kanthi kalimpadané.” (Yérémia 10:12)

SALAM

PS: Sihrahmat lan tentrem rahayu saking Gusti nunggil ing panjenengan (kita).

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

CECALA

(Lenggah)

P2: Ing pangertosaning kathah kapitadosan lan budaya, pepadhang utawi cahya ngemu teges ingkang saé. Pepadhang nglambangaken kasaénan, kayektosan, kawicaksanan, pangajeng-ajeng, kabingahan, lan gesang. Kosok wangsulipun, peteng utawi pepeteng nglambangaken dosa, kasungkawan, sedhih, lan pangawak dursila.

Jêjêr pangibadah dinten punika inggih punika “Pepadhang Bêngkas Raos Ajrih”. Ing salebeting jêjêr punika, kita sesarengan badhé nyuraos bab rawuhipun Sang Kristus minangka pepadhang ingkang sayekti, ingkang nedya madhangi gesang kita. Sinarengan kaliyan punika, kita kabereg kinèn tansah mlampah ing pepadhang, inggih punika kanthi tumindak adil, leres, lan ngabekti dhumateng Gusti Allah.

U: (Ngidung **KPJ 101: 1, 2 ALLAH KANG DADOS PEPADHANG**)

Versi 1

1

Allah kang dados pepadhang nuntun dhateng kraharjan.
Astanya sèstu santosa, ngreksa tyang kang pracaya.
Pepadhang ing Allah nganthi, ngirid ing ngajeng lan wuri,
ngantos dumugèng swargi.

2

Allah kang dados pepadhang peparing klayan loma.
Sabdanya kebak pangwasa, sung pangayoman nyata.
Sèstu pepakèning Allah nyegerken manah kang lesah,
wah ngiyatken ing lampah.

PENGAKENING DOSA

PS: Ing Injil Yokanan 3: 19 Gusti Yésus ngandika, “*Anadéné mungguh paukuman mau mangkéné: Sang Padhang iku wus rawuh ing jagad, nanging manungsa padha luwih rumaket marang pepeteng, tinimbang karo pepadhang, amarga panggawé-panggawéné ala.*”
Kanthi ngilo ing pangandikanipun Gusti, sumangga kita nggetuni dosa kita lan nyuwun pangapunten ...

U: Ngidung **KPJ 245: 1 – 3 SANG PEPADHANG SEJATI**

1

Sang pepadhang sejati samangya wus prapti,
nyirnakna rehing pati, mrih jalma basuki.

2

Sang pepadhang sayekti wus rawuh ing bumi
mbirat kwasaning dosa, sung tentrem-raharja.

3

Sang pepadhang sanyata manjalma mangungsa
ngasoraken pepeteng, sung gesang kang langgeng.

PAWARTOS SIHRAHMAT

(Jumeneng)

PS: Inggihi awit katresnanipun tumrap manungsa, Sang Kritus kersa rawuh ing jagad. Panjenenganipun ngandika, “Aku wus teka ing jagad dadi pepadhang, supaya sok wonga kang pracaya marang Aku, aja tetep ana ing pepeteng.” (Injil Yokanan 12: 46).

Makaten pawartos sihrahmat saking Gusti.

U: **Puji lan sokur konjuk Gusti.**

U: (Ngidung **KPKA 178: 1, 2 Gusti Pepadhang ing Jagad**)

1

Gusti pepadhang ing jagad gung luber ing sih rahmat
Asih mring salir manungsa Samya dèn wilujengna
tinuntun mring margi padhang manunggil lan Pangéran
gesang mursid yekti tansah mbangun turut mring Allah.

2

Gusti pepadhang sejati nggih kang nganyarken budi
nglipur tyang susah ing manah ngiyatken tyang kang
semplah
nyantosakken ing pracaya mrih unggul nglawan dosa
mring Allah tansah ngabekti wah nresnani sesami

PALADOSAN SABDA

(Lenggah)

PS: (Nuntun pandonga pacawisan)

Waosan kaping sepisan

L1: Waosan kaping sepisan saking **1 Para Raja 3: 5-14**
Makaten pangandikanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Mazmur Tanggapan

L2: Maos **Jabur 20** sacara sesautan (utawi kalagokaken)

Pamaosing Injil

PS: Waosan Injil kadhasaraken ing **Yokanan 8: 12-19**
Mekaten Injilipun Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih
punika saben tiyang ingkang mirengaken
pangandikanipun Gusti lan ngèstokaken. Haléluya!

U: (Ngidung **NKB 222: HALELUYA!**)

Khotbah: “Pepadhang Bengkas Raos Ajrih”

Wekdal Tidhem

Pandonga Rama Kawula (PS)

Pengaken Pitados (Jumeneng)

P3: Sumangga ngantepaken kapitadosan kita kakanthi
nglisanaken Sahadat Kalih Welas sesarengan ...

U: (Sesarengan nglisanaken Sahadat Kalih Welas)

Pandonga Syafaat (Lenggah)

PS: (Nuntun pandonga syafaat)

PISUNGSUNG

P4: Gusti Allah sampun berkahi lan ngrimati gesang kita
dumugi wekdal punika. Awit saking punika, sumangga
ngonjukaken raos sokur dhumateng Gusti kanthi
kalandhesan pangandika punika, “Padha ngunjukna
panuwun ing sabarang kang tinemu, awit iku kang
dikarsakaké déning Gusti Allah ana ing Sang Kristus
Yésus tumrap kowé.” (1 Tésalonika 5: 18)

U: **Ngidung KPJ 171 MANGGA SAOS PISUNGSUNG**

1

Mangga saos pisungsung mring Allah
Maagung krana gunging sihrahmat
kang lubèr tan kendhat

2

Misungsung kanthi loma cihnaning panuwun,
dé gesang tansah begja wit Allah kang nuntun.

3

Bandha, arta pethingan kang katur mring Gusti,
bludaging kabingahan wit berkah tan sepi.

4

Saos pisungsung kathah cacahnya tan timbang,
lan gung berkahing Allah tan kénging winilang.

Pandonga Pisungsung *(Jumeneng)*

P4: (Nuntun pandonga pisungsung lan mungkasi pangibadah)

Kidung Pangutusan

U: **Ngidung KPJ 125 : 1 – 3 LAMUN KULA
MLAMPAH**

1

Lamun kula mlampah nèng margining Allah,
kula sèstu ngraosken bingah.

Kula yakin èstu, Gusti nuntun tamtu
mring tyang kang pitados satuhu.

Mung sawiji kabegjan sejati,
nggih pitados mring Gusti wah manut lan bekti.

2

Yèn peteng ing manah, kabidhung ing sisah,
kula nilingken sabdèng Allah.

Uwas lan kuwatir wus tamtu sumingkir,
angger pasrah kang trusing manah.

3

Iba begja kula, sajroning ginodha
kiniyatken déning sabdanya.

Rineksa rinimat tan dhawah tan lesah,
wit saking sih-rahmating Allah.

PANGUTUSAN

(Jumeneng)

PS: Ngenerna manah dhumateng Gusti.

U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti.**

PS: Sami lumampaha ing pepadhanging katresnanipun
Gusti.

U: **Kawula badhé lumampah ing pepadhang
katresnanipun Gusti.**

PS: Pinujia Asmanipun Gusti!

U: **Samangké lan salaminipun.**

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

BERKAH

PS: Sami mengkera kanthi bingah lan nampenana
berkahipun Gusti,

“24 Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah
marang kowé, lan ngayomana kowé; 25 Pangéran
Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané
marang kowé, lan maringana sihrahmat; 26
Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké
wadanané marang kowé, lan maringana tentrem
rahayu.” (Wilangan 6: 24-26)

U: (*Ngidung*) **HALELUYA! AMIN!**

[ery-mgk]



**BAHAN LITURGI
WARSA ÉNGGAL**

Kemis, 1 Januari 2026

Katerangan:

PS.: Palados Sabda

P: Pradataning Pasamuwan

U: Umat

L: Lèktor

**Ing Salebeting
Katresnan,
Gusti
Anjenengi**
☸☸

**PACAWISAN (kajumbuhaken kaliyan pakulinan
ing kang sampun lumampah)**

- Organisme/pianis ngungelaken lelagon, ndhèrèkaken pasamuwan lumebet ing swasana pangibadah.
- Pasamuwan sami tidhem minangka pacawisan pribadi.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

TIMBALAN NGABEKTI

(Jumeneng)

P1: Sadaya puji lan urmat katur Gusti Allah, Kang Kagungan wekdal. Awit saking sihrahmatipun, dinten punika kita kaparingan wêwêngan lumebet ing warsa 2026. Awit saking punika, lumebet ing warsa anyar punika kita katimbangan marak lan ngraosaken kabingahan ing Gusti Yésus. Jumangkah kanthi suka-bingah ing dinten-dinten, minggu-minggu, lan wulan-wulan candhakipun. Sumangga kita papag warsa anyar punika kanthi memuji saking KPKA 334:1-3 “Pamuji Warsi Anyar”

U: (Ngidung **KPKA 334: 1 – 3 Pamuji Warsi Anyar**)

1

Pinuji puji Gusti sih rahmatnya gung yekti
sajroning warsi lami kita rineksa sing pati
nadyan tinempuh panggodha nging mantep pracaya,
wit kinanthi ing Gusti temahan tansah basuki

2

Ginunggung Hyang Maagung gung luber ing pitulung,

sajroning warsa lami kula tansah dèn rimati,
nadyan awrat sanggèn kathah tan semplah ing manah,
cekap ing kabetahan wah misungsung mring Pangéran.

3

Kluhurna Hyang Makwasa kang langgeng kasetyannya,
ing warsa anyar niki nggih mesthi tansah berkahi,
mung karaharjan sanyata ngiring lampah kula,
mila tan kendhat muji wah mbangun turut mring Gusti.

VOTUM

- PS: Pitulungan kita inggih ing Samanipun Gusti,
U: **Ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.**
PS+U: (*Ngidung*) **Amin, Amin, Amin.**
PS: Gusti nunggil ing panjenengan
U: **Ugi nunggila ing panjenengan.**

PANDONGA WIWITANING WARSA (*Lenggah*)

- PS: Dhuh Gusti, kawula ngonjukaken raos sokur awit sih-
katresnan Paduka ingkang tansah nuntun gesang kawula
sadinten-dinten. Boten wonten telasipun sih-katresnan
Paduka. Panjanging wekdal ingkang kawula lampahi,
tansah dados pitakènan. Éwasemanten kanthi sarèh
Paduka mranata, murih nyumêrêpi sedaya punika manut
tata-wekdalipun. Kawula kakiyataken rikala rumaos
boten kuwawi ngadhepi parêdèn momotan kawula.
Kawula ngaturaken raos sokur ugi awit sedaya
panggulawenthah ingkang kawula raosaken awit
pitulunganipun Gusti. Kalebet pulihing sesambetan
kawula ing satengahing brayat, sedhèrèk patunggilan, lan
ing satengahing gesang ing bebrayan agung. Kawula
ngrumaosi Gusti, bilih boten sedaya badhé pinanggih
nêngsêmakên rikala kawula nilar gesang kawuri. Taksih
kathah kekirangan, mligi nalika gesang punika kedah
nélakaken katresnan lan gesangipun Gusti tumrap
sesami. Mugi Paduka ngapunteni kawula, dhuh Gusti.
Katur Gusti Allah ingkang yasa dinten kawuri lan ing

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

mangsa ngajeng, kawula caosaken pandonga punika.
Amin. (*kapertal manut SAP-2013*)

U: (Ngidung) **KPKA 336: 1 – 2 Gusti Kang Nganthi**

1

Mangsa mesthi silih gumanti, wanci rina ganti ratri,
swau kita tetunggilan samangkya kita pepisahan,
Refr.: Gusti kang nganthi, Gusti kang nganthi,
temah kita tansah basuki,
Gusti kang ngreksa, Gusti kang ngreksa,
temah kita tansah raharja.

2

Mangsa nyebar gantos panénan sisah gantya kabingahan,
nèng griya wah kekésahan sadaya ing rèhing Pangéran,
Refr.:

PAWARTOS SIHRAHMAT

(*Jumeneng*)

PS: “9 Amarga Pangéran Yéhuwah iku dadi pangayomanmu,
Kang Mahaluhur iku wus kokdadèkaké pangaubanmu, 10
Kowe ora bakal katempuh ing bilai, sarta ora ana wewelak
kang nyedhaki tarubmu; 11 awit Pangéran bakal
ndhawuhi para malaékaté ing ngatasé kowé, supaya
rumeksa marang kowé ana ing sakèhing dalanmu. 12
Kowé bakal ditadhahi ing tangané, supaya kowé aja
nganti kesandhung ing watu.” (Mazmur 91:9-12)
Mekaten pawartos sihrahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

PS: Sami nggesangana katresnan!

U: Amargi ing katresnan, Gusti Allah rawuh.

U: (Ngidung **KPJ 320: 1,2 KANG NUNTUN LAKU UTAMA**)

1

Kang nuntun laku utama
yéku sabdaning Allah.
Wulangna mring brayat ira
tan kendhat saben wayah.

Refr.: Gya undhangna sabdèng Allah
babaring sih rahmatnya,
mring saguning pra tumitah,
amrih tentrem raharja.

2

Brayat di tansah angudi nilingké sabdèng Gusti
sarta padha anindakna kanthi tulusing driya.

Refr.:

PALADOSAN SABDA

(Lenggah)

PS: (Nuntun pandonga pacawisan)

Kapurwakani *Nyanyian Taize* “**Di Dalam Cinta dan Kasih**”

(kapertal déning Pdt. Mardita GK)

Di dalam cinta dan kasih,

Di dalam cinta, hadirlah Tuhan.

Sajroning tresna-tinresnan,

Sajroning tresna, Gusti makuwon.

Pamaosing Kitab Suci

L. (Lèktor maos waosan kaping sepisan) Kohèlèt 3:1-13,
Mekaten sabdanipun Gusti.

U. **Puji sokur konjuk Gusti.**

L. (Lektor maos Jabur 8, saged ngagem cara sesautan utawi
kalagokaken)

L. (Lektor maos waosan kaping kalih II) **Wahyu 21: 1-6a**,
Mekaten sabdanipun Gusti.

U. **Puji sokur konjuk Gusti.**

PS. (Maos Injil) Matéus 25 : 31-46,

“Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken lan ngreksa
pangandikanipun Gusti. Haléluya!”

U. (Ngidung **KJ 473b: Haléluya, Haléluya, Haléluya!**)

Khotbah

“Ing Salebeting Katresnan, Gusti Anjenengi”

Wekdal Tidhem

Pengaken Pitados

(Jumeneng)

P3: Sesarengan pasamuwanipun Gusti Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita antepaken malih tékad kapitadosan kita, kanthi nglisanaken Sahadat Kalih Welas.

U: (Sesarengan nglisanaken **Sahadat Kalih Welas**)

Pandonga Syafaat

(Lenggah)

PS: (Nuntun pandonga syafaat)

PISUNGSUNG

M4: Sumangga nélakaken raos sokur katur Gusti kanthi sawetahing jiwa kita lumantar pisungsung. Sumangga têtélaning raos sokur punika kita tunggilaken kaliyan karsanipun Gusti Allah ingkang ngandika kados ing Jabur 107: 15, 22: Wong iku karèbèn padha ngaturaké panuwun marang Pangéran Yéhuwah awit saka sih-susetyané, lan kaélokané marang para anaking manungsa; sarta karebèn padha nyaosaké kurban pamuji sokur tuwin nyaritakaké pakaryané Gusti Allah kalawan surak-surak.

U: (Ngidung **KPJ 172 MANUNGSA NANEM WIJI**)

1

Manungsa nanem wiji taberi ngrimati,
nging tuwuh miwah suburnya Allah kang mberkahi.
Pangéran paring jawah lan sunaring surya,
temah mbiyet wohira kathah tan kinira.
Refr.: Sagung kang prayogi nugrahaning Gusti.
Mila sumangga memuji kanthi trusing ati.

2

Saliring kang cinipta agal wah alusa,
ardi gung miwah samodra sarta wanawasa,

datan kalirwakaken wus tamtu rinimat.
Tedha kula lumintu, mboten naté kendhat.
Refr.:

3

Atur panuwun kula konjuk mring Sang Rama
dé sampun paring nugraha sandhang miwah tedha
datan saged winical krana kanthahira.
Pujia Sang Rama Mamirah wah loma.
Refr.:

Pandongang pisungsung

(Jumeneng)

M4: (Nuntun pandonga pisungsung, mungkasi pangibadah,
lan pandonga Rama Kawula)

Kidung Pengutusan

(Jumeneng)

U: (Ngidung) **KPJ 428: 1 – 3 BINGAHA, SISAHA,
GUSTI KULA PUJI**

1

Bingaha, Sisaha, Gusti kula puji,
kang mranata gesang kula
Kula rinimatan klayan katresnan,
mila kula pasrah pangrèhnya
Refr.: Pasraha! Pasraha
ing sapangrèhè Kang Makwasa.

2

Sapinten awrating momotan kawula
godha-rencana myang sisah,
yèn kawula ènggal mulat Sang Putra,
manah kula ènthèng lan bingah.

3

Sanadyan kawula kasinungan drajat,
kaluhuran, miwah pangkat,
tebih kula saking raos gumunggung.
ninging tumungkul mring Kang Maagung.

PANGUTUSAN

(jumeneng)

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

- PS: Para sedhèrèk, katresnan punika langgeng. Sami gesanga salebetipun, nebihana sedaya ingkang singlar saking katresnan. Mujudna katresnan kanthi sangsaya kanthah nglampahana kasaénan tumrap saben tiyang. Mugi gesang kita tansaha dadosaken langit, bumi, lan saisinipun mèsem lan bingah.
Sami ngenerna manah dhumateng Gusti.
- U. : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti.**
- PS. : Dadosa juru seksi kagem kamulyaning Allah.
- U. : **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**
- P. : Tansah pinujia Asmanipun Gusti.
- U. : **Samangké ngantos salaminipun.**

BERKAH

- PS. : Gusti mberkahi:
asta ingkang ngrangkul lan ngekep,
asta ingkang ngelus-elus lan ngasih-asih,
asta ingkang ngrangkul lan ngemèk-emèki,
asta ingkang maringi lan nampèni,
asta ingkang mangèstoni lan mberkahi,
asta ingkang santosa lan sèngklèh,
asta ingkang ngrengkuh lan ngapunteni,
Amargi asta punika mulihaken.

Mugi rangkulan-katresnanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci ngekahaken, nglipur, nyekapi, lan milujengaken panjenengan (kita). Amin.

- U. : (Ngidung) **Haléluya** [5x], **Amin** [3x].

[wsn-mgk]



BAHAN LITURGI

Minggu II Sasampunipun Natal

Minggu; 4 Januari 2026

Katrangan:

PS.: Pelados Sabda

P: Pradataning Pasamuwan

U: Umat

L: Léktor

**Wiyosanipun
Mbekta
Gesang**
ꦮꦶꦪꦱꦤꦶꦥꦸꦤ
ꦩꦧꦏꦠꦏ
ꦒꦱꦁ

PECAWISAN (saged miturut tata adat saben ingkang sampun lumampah)

- Organis/pianis ngungelaken kekidungan ingkang saged nutun lumebet ing swasana pangibadah.
- Umat ngeningaken manah, nyawisaken dhiri.
- Pawartosing Pasamuwan.

TIMBALAN PANGIBADAH

(Jumeneng)

P1: Para sedhèrèk ingkang tinresnanan ing Gusti, dinten punika kita lumebet ing Minggu Kaping Kalih sasampunipun Natal. Kita sami ngucap sokur awit sih kamirahanipun Allah sampun paring kawilujengan. Sumangga kita sami lumebet ing pangibadah punika kanthi ngraos-ngraosaken saèstu bilih namung Gusti Allah punika ingkang setya tuhu ngreksa lan paring pulih tumrap kawontenaning gesang kita. Sumangga sesarengan memuji asmanipun Gusti kanthi sesahutan ngundhangaken Jabur 34: 2 – 6.

P1: Pangéran Yéhuwah arep dakpuji ing salawasé;

U: **pepujian marang Panjenengané tetep ana ing cangkemku.**

P1: Marga saka Sang Yéhuwah nyawaku rumangsa mulya;

U: **wong kang lembah manah cikbèn padha krungu lan padha bungah.**

P1: Payo padha ngluhuraké Sang Yéhuwah bareng karo aku,

U: **payo padha bebarengan nyuwuraké asmané!**

- P1: Aku wus ngupaya Pangéran Yéhuwah, banjur diparingi wangsulan,
U: **sarta diluwari saka sabarang kang marakaké girisku.**
P1: Padha mandenga marang Pangéran Yéhuwah,
U: **ulatmu mesthi bakal padha dibingaraké, sarta mesthi ora bakal padha kawirangan.**
P1: Para sedhèrèk ingkang dipun tresnaning déning Gusti Yésus, mugè swasananing Natalipun Sang Kristus tansah wonten ing manah kita sami. Sumangga ngunjukaken pamuji kanthi kidung KPJ 236: 1,2 “Linuhurna Gusti Pamarta”
U: Ngidungaken **KPJ 236:1,2 “LINUHURNA GUSTI PAMARTA”**
1. Linuhurna! Gusti Pamarta karsa rawuh ing donya.
Linuhurna! Gusti Pamarta karsa rawuh ing donya.
Jagad bilai, Kristus ngrawuhi,
daweg kanca, dèn pepuja!
Rawuhé Gusti datan ngadili,
malah nulungi tyang dosa.
2. Linuhurna! Gusti Pamarta karsa mlasi tyang dosa.
Linuhurna! Gusti Pamarta karsa mlasi tyang dosa.
Jagad bilai, Gusti ngrawuhi
karsa nucèkken tyang dosa.
draupon muktia saha mulyakna
asmané Hyang Mawilasa.

VOTUM

- PS: Sumangga kita miwiti pangibadah minggu ingkang kaping kalih sasampunipun Natal punika kanthi pengaken: Pitulungan kita ingkang sejati pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi lan sedaya isinipun, lan ingkang setya netepi prasetyan kawilujengan ingkang sampun kapratélakaken.
U: (ngidungaken **Amin, Amin, Amin**)

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah, Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing para sedhèrèk sedaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi**

PAMBUKA

(Lenggah)

P2: Para sedhèrèk, wiyosanipun Gusti Yésus saèstu nyata lan saged kita raosaken wonten ing gesang kita. Panci gesang punika mboten sarwi gampil lan mbingahaken. Tarkadhang kita ugi kedah ngraosaken kecut lan paiting gesang. Saking punika sedaya, kita kedah tetep ngucap sokur awit lumantar wiyosanipun, gesang kita kapulihaken. Wiyosanipun ing jagad punika minangka wujuding katresnanipun Allah ingkang mboten naté éwah gingsir lan tansah kapratélakaken ing gesang kita. Rawuhipun ing jagad karsa paring pulih, paring kasarasan lan paring pangajeng-ajeng tumrap saben tiyang ingkang pitados lan sumarah dhateng Panjenenganipun.

U: (ngidungaken **KPJ 239:1,3 “Pinuji Tansah”**)

KPJ 239:1,3 PINUJI TANSAH

1. Pinuji tansah Allah Mamirah
kang asih mirma maring manungsa,
nladani kita welas asih ira
mring tyang kang ringkih nandhang sangsara.
3. Pinuji Gusti Kang Maha Kwasa
tedhak manjalma nandhang sangsara,
nldhani kita nresnani pepadha,
temah tiyang papa manggih raharja.

PENGAKENING DOSA

PS: Mangga sesarengan kita tampèni Sabdanipun Gusti ingkang sinerat ing 1 Yokanan 1:9, mekaten: “*Manawa kita padha ngakoni dosa kita, Panjenengané iku setya*

tuhu lan adil, témah bakal ngapura sakèhing dosa kita, sarta ngresiki sakèhing piala kita.”. Temtu mboten wonten setunggal tiyang ing antawising kita ingkang saged netepi pangandika punika kanthi jangkep. Kita sadhar bilih kita langkung asring nengenaken dhiri pribadi, mila mangga kanthi tulusing manah, kita télakaken pamratobat kita ing ngarsanipun Gusti lan sesami kanthi ngidung saking KPJ 242: 1- 2

U: (ngidungaken **KPJ 242:1-2**)

KPJ 242: 1,2 “RAWUHA SANG IMANUÈL”

1. Rawuha Sang Imanuèl ngluwaré umat Israèl,
dénnya nandhang kasangsaran;
ngantu-antu pitulungan
Reff.: Gya surak a! Hé, Israèl!
Pethukna Sang Imanuèl.
2. Rawuha trubus Isai ngesorken dosa lan pati.
Umat kang nandhang sangsara
luwara saking cintraka.
Reff.:

PAWARTOSING SIH RAHMAT

(Jumeneng)

PS: Krana Sih rahmatipun Gusti ingkang tanpa wangenan, Panjenenganipun karsa nampèni pamratobating para umat. Pamratobat ingkang kinanthenan manah ingkang tulus mesthi mulihaken. Mila ingkang Maha Asih karsa paring pangapunten lan nebus dosa-duraka kita kanthi pakaryan ingkang agung lan mulya. Samangké tampènana sabdanipun ingkang sinerat ing 1 Yokanan 4 : 9 “*Sihé Gusti Allah iku kababaraké ana ing antara kita, iya iku déné Gusti Allah wus ngutus Kang Putra ontang-anting ngrawuhi jagad supaya kita padha urip marga déning Panjenengané.*”. Miyosipun minangka wujud tresnanipun ingkang tanpa wangenan punika. Mila

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

sampun ngantos muspra pangorbananipun dhateng kita.
Tansaha setya ing salami-laminipun.
Mekaten pawartos sih rahmat saking Gusti.

U: Puji sokur konjuk Gusti

U: (Ngidungaken KPJ 233: 1,3)
KPJ 233: 1,3 “KANCA AGIYAKA”

1. Kanca agiyaka! Ing kandhang Bèthlehèm
karawuhan Rohing Pangéran.
Sang Bayi miyos pinaringken kita.
Rèff.: Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud
ngabekti maring Gusti, Pamarta
3. Sang Ratuning Jagad dahat kinurmatan,
rawuhé mbabar sih-kawelasan
marang manungsa kang samnya pracaya.
Rèff.:

PALADOSAN SABDA

(Lenggah)

PS: (Donga Paladosan Sabda)

U: (Ngidungaken KPJ 205: 1,2 Lèktor mapanaken dhiri)

1. Sabdèng Allah makarti wradin salumah bumi.
Kita kang tinimbalan tampi kawilujengan.
2. Sabdèng Allah Hyang Widi ngrimat sagung dumadi
nuntun srana nimbali tumrap kang nyimpang margi.

Waosan Sepisan

L1: Waosan sepisan saking Yérémia 31:7 – 14
Mekaten sabdanipun Gusti

U: Puji Sokur konjuk Gusti

Masmur Tanggapan

L2: Mangga tita tanggapi pangandikanipun Gusti, srana
maos **Jabur Masmur 147:12 – 20** kanthi sesautan.

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Èfesús 1 : 3 – 14**

Mekaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Yokanan 1 : 10 – 18**

Mekaten Injilipun Gusti Yésus. Ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken ing gesang padintenanipun. HALÉLUYA.

U: (ngidungaken: **HALÉLUYA**)

Khotbah

Wekdal Ening

Pengakening Iman

(Jumeneng)

P3: Sesarengan kaliyan sedaya umat kagunganipun Gusti ing ing sadhéngah wekdal, mangga kita pratélakaken lan kita kekahaken malih punapa ingkang kita pitadosi kanthi sesarengan ngucapaken Pengakening Iman Rasuli.

U: (Sesarengan ngucapken **Pengakening Iman Rasuli**)

Pandongan Syafaat

(Lenggah)

PS: (Ngunjukaken pandonga syafaat)

PISUNGSUNG

P4: Wujuding sokur ingkang kita télakaken ing pangibadah punika, kita landhesi srana pangandikanipun Gusti, kados ingkang sinerat ing Matéus 2 : 11 “Banjur padha lumebu ing omah lan ndeleng Sang Timur karo Maryam kang ibu, nuli padha sumungkem sujud marang Panjenengané. Banjur padha mbukaki pethiné raja-brana, Panjenengané disaosi pisungsung arupa mas, menyan lan blendok mur.”

U: (ngidungaken **KPJ 247:1,4**)
KPJ 247:1,4 “SUGENG RAWUH GUSTI”

1. Sugeng rawuh, Gusti, Ratuning swarga
kang tumedhak nèng donya krana kula,
"Sugeng rawuh, Gusti saking dalemé Rama,
rawuhé nèng donya nunggil lan pra jalma"
Salam, salam!
4. Pra pujangga rawuh, lintang kang nganthi
nedya angaturken pangabekti;
mas lan blendok mur sinaosaken mring Gusti
kanthi yakin, yéku Sang Jurubasuki.
Salam, salam!

Donga Pisungsung (Jumeneng)

P4: (Nuntun donga pisungsung lan panutup, sarta Donga
Rama Kawula)

Kidung Pangutusan (Jumeneng)

U: (ngidungaken KPJ 390:1,2)
**KPJ 390:1,2 GUNAKNA WEKTUMU PARINGÉ
GUSTI**

1. Gunakna wektumu paringé Gusti,
wit uripmu cekak pindha kembang.
Endi barang langgeng ing donya iki,
amung katresnan ywa nganti ilang.
Reff.: Barang kang ana, isining donya;
saguning kang éndah bakal musna.
Mung katresnan mu dhemi Sang Pamarta,
gedhé ajiné tan bakal sirna.
2. Aja tan migunakaké wektumu,
lipur lan tulungen kang kesasar.
Mulyakna Gusti ana ing uripmu,
dimèn lampumu tansah sumunar

PANGUTUSAN

(Jumeneng)

- PS: Tetepa setya supados gesang panjenengan kapulihaken lan enerna manah panjenengan dhumateng Gusti.
U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti.**
PS: Dadosa seksining Sang Kristus
U: **Kawula sumadya dados seksining Sang Kristus.**
PS: Pinujia Allah kita.
U: **Samangké lan ing salamai-laminipun.**
PS: Wangsula kanthi suka bingah, ènetana Sabdanipun Gusti, bilih miyosipun mbekta pemulihan kanggé kita sami. Lampahana gesang kanthi kebak sokur lan tetepa setya nglampahi timbalanipun. Gusti Allah nuntun gesang panjenengan kanthi maringaken berkah.

BERKAH

- PS: Gusti Allah mberkahi panjenengan (kita) lan ngayomi panjenengan (kita). Gusti Allah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi sih rahmat. Gusti Allah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan(kita) lan maringi tentrem rahayu. Amin.
U: (ngidungaken **“Haléluya, Amin”**)

[gap-ip]



BAHAN LITURGI

Minggu Gusti Yésus Kabaptis

Minggu; 11 Januari 2026

Katrangan:

PS.: Pelados Sabda

P: Pradataning Pasamuwan

U: Umat

L: Lèktor

**Saking
Bengawan Yardèn
Nuju
Jagad Inggang Geter**
☪☪☪

PECAWISAN (saged miturut tata adat saben inggang sampun lumampah)

- Organis/pianis ngungelaken kekidungan inggang saged nutun lumebet ing swasana pangibadah.
- Umat ngeningaken manah, nyawisaken dhiri.
- Pawartosing Pasamuwan.

TIMBALAN PANGIBADAH

(Jumeneng)

- P1: Para sedhèrèk inggang tinresnanan ing Sang Kristus, dinten punika kita mèngeti Baptisanipun Gusti Yésus, inggih nalika Gusti Allah mratélakaken katresnan lan pangutusanipun. Ing tengahing jagad inggang kebak raos ajrih lan geter punapa déné sarwi mboten maton, sumangga kita miwiti pangibadah punika kanthi mratélakaken iman bilih Gusti Allah sampun karsa ngrawuhi umatipun kanthi kebaking panguwaos lan katresnan inggang paring pulih. Mangga kita nguwuh dhateng Panjenenganipun srana litani inggang mekaten:
- P1: Dhuh Gusti, Paduka punika Allah inggang tansah mratélakaken Sih Susetya Paduka, lumantar Abdi inggang Paduka piji lan Paduka jebadi.

- U: **Paduka mboten badhé munggel rayung ingkang pepes tumelung, lan mejahi uceng-uceng ingkang namung melik-melik.**
- P1: Swanten Paduka kadya gludhuk ing sanginggiling toya, kamulyan Paduka nglimputi bumi dalasan langit.
- U: **Nanging Paduka karsa nyaket kanthi alusing budi, ngrawuhi jagad kanthi katresnan ingkang nundhung raos ajrih lan geter.**
- P1: Dhuh Gusti, ing satengahing jagad ingkang kebak karupekan lan kakisruhan, kawula sami sowan Paduka, ngupadi tentrem rahayu.
- U: **Rawuh Paduka punika panglipur tumrap kawula, déné katresnan Paduka punika kekiyatan kawula.**
- P1: Mangga mangibadah ing ngarsanipun, manembah dhateng ingkang Maha Agung.
- U: (Ngidungaken **KPJ 11 “Kula Ngaturken Sembah”**)
- 1) Kula ngaturken sembah, dhuh Pangéran Yéhuwah, nggunggung asma Paduka Kang Maluhur Mamulya; Gustining makluk samya, klayan bingahing driya
 - 2) Dhuh, Sang Yéhuwah, Gusti. Paduka kula puji, ing dalu dalah rina. Agung sih kawlasanta, lubèr berkah Paduka tumrah mring titah wrata.

VOTUM

- PS: Pangibadah punika lumampah awit pitulunganipun Gusti Allah ingkang ngrawuhi para Kagunganipun, inggih Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi lan sedaya isinipun, sarta ingkang setya tuhu dhateng prasetyan kawilujengan ingkang sampun kapratélakaken.
- U: (ngidungaken **Amin, Amin, Amin**)

SALAM

- PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah, Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing para sedhèrèk sedaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi**

PAMBUKA *(Lenggah)*

P2: Pasamuwan ingkang tinresnanan ing Gusti, ing dinten punika kita mahargya Dinten Minggu Baptisanipun Gusti Yésus. Inggih ing nalika Gusti Allah ngekahaken Ingkang Putra dhateng jagad punika. Panjenenganipun sampun miji srana Sang Roh Suci lan swantening sih saking swarga. Ing tengahing jagad ingkang kebak kakuwatan, kawontenan tata ékonomi ingkang mboten maton, kawontenan gawat ing babagan kamanungsan, lan raos ajrih tumrapping mangsa ingkang badhé kelampahan, Gusti Allah karsa ngrawuhi kita wonten ing Sang Kristus Yésus. Panjenenganipun ngantebaken kita bilih kita sami dipun tresnani, dipun timbali, lan dipun reksa. Sumangga kita bukani pangibadah punika kanthi manah ingkang kebak pangucap sokur lan pitados, awit Gusti Allah sampun karsa ngrawuhi kita, ugi nunggil lan ngekahaken kita.

U: (ngidubgaken **KPJ 298:1,2,4**)
KPJ 298:1,2,4 “GUSTI KULA MAHA TRESNA”

1. Gusti kula Mahatresna, Juru Pangèn utami;
kanthi setya pangreksanya,
mrih gesang kula suci.
2. Manah sisah dados bingah, wit Gusti kang mberkahi.
Nadyan rempu miwah semplah,
nggih Gusti kang ngrimati.
4. Gusti kula Pangèn mulya puruging gung pasambat.
Kula pasrah mring Paduka,
kalubèring sih-rahmat.

PANGAKENING DOSA

PS: Para sedhèrèk, nalika Gusti Yésus rawuh nedya kabaptis, Panjenenganipun mboten dosa. Namung mekaten, Panjenenganipun karsa milih lumebet ing barisanipun tiyang-tiyang dosa. Pakaryanipun punika mratandhani bilih Panjenenganipun rawuh ing antawising kita. Panjenenganipun karsa nanggil lan mikul momotan kita.

Ing pangibadah punika, Gusti Allah maringaken wewengan dhateng kita supados wantun jujur lan tinarbuka, ngakeni sedaya dosa lan kekurangan kita. *(umat kaaturan ndedonga sacara pribadi).*

Sumangga, kanthi andhap asoring manah, kita sowan Gusti ngakeni sedaya dosa lan karingkihan kita, saé ingkang kita sadhari punapa déné ingkang mboten kita sadhari. Kanthi tulus lan kanthi sawetahing manah, kita sami mratobat ing ngarsanipun Gusti lan sesami kanthi ngidungaken kidung KPJ 56: 1, 2 “Muliha Anggèr”.

U: (ngidungaken **KPJ 56: 1,2**)

KPJ 56:1,2 “MULIHA ANGGÈR”

1. Muliha anggèr, muliha dèn énggal!
Paranmu wus adoh, lakumu kesasar
Adhuh cilaka anggèr muliha!
Dèn énggal muliha!
2. Élinga sira, wong dosa tobata.
Ramamu kang asih nganti klawan sedhih.
Adhuh, cilaka sira wong dosa,
dèn énggal tobata.

PAWARTOSING SIH RAHMAT

(Jumeneng)

PS: Para sedhèrèk ingkang kinasih, pengakening dosa kita mboten naté kandheg ing satengahing manah ingkang pepes, awit Gusti Allah ingkang Maha Suci punika ugi Allah ingkang kebak welas asih. Panjenenganipun

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

ngrawuhi umat kagunganipun mboten kanggé njeksani, nanging karsa milujengaken lan ngangkat kita saking bladering dosa.

Wonten ing Sang Kristus, Sang Abdi ingkang kautus déning Gusti Allah, ingkang kabaptis kanggé mratélakaken béla raosipun kaliyan manungsa dosa, kita nampèni bab ingkang pasti, bilih pangapunten punika nyata.

Pirengna pawartosing sih rahmat kados ingkang kapratélakaken ing Kitab Nabi Yésaya 1:18 ... *Sanadyan dosanira abang kaya gluga, bakal dadi putih kaya salju; sanadyan rupané abang kaya jarit sumba bakal padha dadi putih kaya wulu wedhus gèmbèl..*

Mekaten pawartosing sih rahmat saking Gusti.

U: Puji sokur konjuk Gusti

U: (Ngidungaken **KPJ 225:1-3**)
KPJ 225: 1-3 “HALÉLUYA! YÉsus KRISTUS ”

1. Haléluya! Yésus Kristus ngrawuhi manungsa.
Padhanging kamulyanipun kawuryan nèng donya.
2. Haléluya! Rawuhipun awit welasipun
mring para umat sadarum, amrih gesangipun.
3. Haléluya! Yésus Kristus dados Juru Slamet,
Panutan kang setya tuhu tuwin Ratu Langgeng.

PALADOSAN SABDA

(Lenggah)

PS: (Pandonga Paladosan Sabda)

U: (Ngidungaken **KPJ 205: 1,2**. Lèktor mapanaken dhiri)

3. Sabdèng Allah makarti wradin salumah bumi.
Kita kang tinimbalan tampi kawilujengan.
4. Sabdèng Allah Hyang Widi ngrimat sagung dumadi
nuntun srana nimbali tumrap kang nyimpang margi.

Waosan Sepisan

L1: Waosan sepisan saking **Yésaya 42:1-9**,

Mekaten sabdanipun Gusti

U: **Puji Sokur konjuk Gusti**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita undhangaken **MaSmur 29**

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Lelakoné Para Rasul**

10:34-43

Mekaten sabdanipun Gusti

U: **Puji Sokur konjuk Gusti**

Pamaosing Injil

PS: Waosan Injil, saking **Matéus 3:13-17**

Mekaten Injilipun Gusti Yésus. Ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken ing gesang padintenanipun. HALÉLUYA.

U: (ngdungaken: **HALÉLUYA**)

Khotbah

“Saking Bengawan Yardèn Nuju Jagad Ingkang Geter”

Wekdal Ening

Pengakening Iman

(Jumeneng)

P3: Sesarengan kaliyan sedaya umat kagunganipun Gusti ing sadhéngah wekdal, mangga kita pratélakaken lan kita kekahaken malih punapa ingkang kita pitadosi kanthi sesarengan ngucapaken Pengakening Iman Rasuli.

U: (Sesarengan ngucapken **Pengakening Iman Rasuli**)

Pandongan Syafaat

(Lenggah)

PS: (Ngunjukaken Pandonga syafaat)

PISUNGSUNG

P4: Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, kita sampun mireng Injil, bilih Gusti Allah karsa ngrawuhi umatipun wonten ing Sang Kristus Yésus, mboten supados njeksani, nanging karsa ngekahaken lan milujengaken. Kita ingkang sewanipun gesang ing salebeting raos ajrih lan geter, samangké kaangkat dados putra-ptranipun Allah.

Minangka tanggapan awit katresnan lan kasaénanipun Allah punika, sumangga kita wujudaken sokur kita lumantar pisungsung. Punika sanès kuwajiban nanging pangucap sokur awit kita sampun ngalami tentrem rahayu lan pangajeng-ajeng saking Gusti.

Pangandikanipun ing Jabur Masmur 96:8-9 ngémutaken kita:

*Pangéran Yéhuwah caosana kamulyaning asmané,
nggawaa pisungsung lan sebaa marang ing platarané.
Padha sujuda marang Sang Yéhuwah kalawan
manganggo kasucèn, hé sawrataning bumi kabèh,
gumetera ana ing ngarsané.*

U: (ngidungaken **KPJ 34:1-7**)
KPJ 34:1-37 “ULUKNA PAMUJI”

1. Ulukna pamuji kanthi trusing ati,
hé titah, mring Gusti Allah kang setya
lan maha mirah; wit sira rinoban berkah.
2. Saosa panuwun kanthi masmur kidung
hé sira, wong kang pracaya
mring Allah sumbering berkah;
wit sira sinung raharja.
3. Aturna panggunggun dalasan pisungsung

mring Allah, hé para umat,
kang setya paring sih-rahmat,
tan ngétang dosaning jagad.

Pandongang Pisungsung

(Jumeneng)

P4: (Nuntun donga pisungsung lan panutup, sarta Donga Rama Kawula)

Kidung Pangutusan

Jumeneng)

U: (Ngidungaken **KPJ 439: 1,2**)

KPJ 439: 1,2 “ING JAGAD KANG PETENG”

1. Ing jagad kang peteng krana dosa
kathah tyang kang nggresula
Karana panandhang, samya nggresah
miwah semplah ing manah.
Reff.: Sumangga, Gusti, ngagem kawula,
mrih ngènetna para kanca
sengkut makarya nglawan godha,
dadosa berkah tumrap tyang kathah
2. Angundhangna sih rahmaté Gusti
kanthi setya nglampahi;
margining luwar saking sangsara,
temah samya raharja.
Reff:

PANGUTUSAN

(Jumeneng)

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti.

U: Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti

PS: Dadosa seksining Sang Kristus

U: Kawula sumadya dados seksining Sang Kristus.

PS: Pinujia Allah kita.

U: Samangké lan ing salami-laminipun.

PS: Wangsula kanthi suka bingah, ènetana Sabdanipun
Gusti, bilih Gusti Allah karsa ngrawuhi kita. Ing
satengahing bladering karibetan, gesang sangsaya awrat,

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

pitadosa bilih Gusti Allah karsa rawuh ngréncangi kita,
supados kita tetep sagah mratélakaken kaluhuraning
Allah.

BERKAH

- PS: Gusti Allah mberkahi panjenengan lan ngayomi
panjenengan. Gusti Allah nyunaraken cahyaning
wedananipun dhateng panjenengan lan maringi sih
rahmat. Gusti Allah nungkulaken wedananipun dhateng
panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.
- U: (ngidungaken “**Haléluya! Amin!**”)

[hsp-ip]



Mangsa Advèn Natal 2025

“BAHAN RIYAYA NATAL”

Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan
kawontenan saha kabetahaning geréja utawi
pasamuwan ing ngriki.

Bahan Kotbah Riyaya Natal Adiyuswa 2025

Waosan: 2 Korinta 4:16, Lukas 2: 25-32

Kakekep lan Ngekep

Katrangan

Bahan punika minangka pamawas kanggé Natal Adiyuswa lan saged kaéwahi (katambah utawi dipun kirangi) miturut kabetahanipun pasamuhan piyambak-piyambak.

Warga adiyuswa ingkang kinasih déning Gusti Yésus Kristus,

Kita sedaya temtu naté mireng tembung ing basa Indonesia *merana* lan *merona*. Sanadyan setléraman ketinggal saèmper, kalih tembung punika nggadhahi makna ingkang bènten utawi kosokwangsulipun. Tembung “*merana*” nggambaraken satunggaling kawontenan gesang ingkang kebak kaprihatosan, kasedhihan, panandhang lan malah raos sesek ingkang sakelangkung panjang. Bènten kaliyan “*merona*”, tembung “*merona*” langkung ngarah dhateng kawontenan pasuryan ingkang sumringah. Limrahipun gegayutan kaliyan pasuryan lan ugi werni abrit ingkang “*merona*”. Sanadyan kathah maknanipun, nanging ugi “*merona*” asring kagandhèng-cènèngaken kaliyan kawontenanan bingah ingkang ketinggal ing pasuryan. “Pasuryanipun sumringah awit bingahipun”. Menawi kita nampi pitakènan bab kalih prekawis punika, kinten-kinten kita punika miji ingkang pundi? “*Merana*” utawi “*merona*”? Pundi ingkang langkung asring kita raosaken ing antawis kekalihipun? (Kaaterna wekdal tumrap para warga adiyuswa nerangaken pamawasipun bab “*merona* lan *merana*” ingkang naté karaosaken).

Serat ingkang kaping kalih saking Rasul Paulus dhateng pasamuwan ing kitha Korinta bab 4 ayat 16 nuntun kita nampèni bilih kamanungsan ingkang lair mila sangsaya risak.

Sanadyan mboten sacara langsung ndumuk ing wekdal adiyuswa, nanging kawontenan raga ringkih ingkang nembé

karaosaken déning Rasul Paulus punika temtu saged ugi dipun raosaken déning para adiyuswa. Tembung risak saged kita tampèni ing manéka maknanipun, kadosdéné tèks (seratan) asli Yunani ingkang ngginakaken tembung διαφθείρω (diaphthéirō). Tembung punika saged dipunmaknani minangka *risak, remuk, dados lemes, gerang, lan dangu-dangu pejah*. Mekaten punika Rasul Paulus nggambaraken kawontenan raga utawi gesangipun sacara jasmani ingkang sangsaya ringkih, ngalami pameteg, kaprihatosan, panandhang, lan pungkasanipun badhé pejah. Sanadyan mekaten, Rasul Paulus mbabar paseksi bilih ing kawontenan ingkang risak, piyambakipun boten semplah. Tembung semplah manahipun ing kathah prekawis dipun jarwakaken kanthi tanpa pengajeng-ajeng, sayah ingkang sakelangkung, aliting manah nglokro, kesel, bunek. Kanthi tembung sanès, Rasul Paulus mboten nglokro, mboten alit ing manah lan kécalan pengajeng-ajeng, nanging tetep kiyat nalika ngadhepi semplahing gesangipun. Kawontenan raga ingkang risak boten dipun adhepi kanthi manah ingkang semplah. Prekawis punika saèmper kaliyan pangandikanipun Erik H. Erikson satunggaling ahli psikoanalisis kelairan Frankfurt ingkang kagungan pemangguh bilih ing yuswa adi punika wonten ing *fase integritas* (tataran jujur, saged dipun pitados) lelawanan kaliyan raos semplah. Kagayuhipun kawontenan *integritas* (jujur, saged dipun pitados) menawi ing wekdal yuswa adi dipun lampahi ing satengahing brayat ingkang purun mangertos, purun nampi, purun nyengkuyung kawontenaning gesangipun. Wonten ing wekdal yuswa adi punika, tetep badhé tansah dados wekdal ingkang ageng aosipun, kebak kawicaksanan, lan wonten maknanipun. Nanging menawi mboten kasil lan dhawah ing raos semplah, piyambakipun badhé tansah ngraosaken raos pait lan ajrih ing bab pungkasaning gesangipun. Pribadi ingkang nggayuh *integritas* punika dados gegadhanganipun saben adiyuswa.

Para adiyuswa ingkang kinasih déning Gusti Yésus Kristus,

Dados pribadi ingkang kebak *integritas* punika badhé nglampahi manéka warni pambengan. Ing kawontenan gesang minangka warga adiyuswa, Tan Shot Yen, satunggaling dokter, panyerat, lan tiyang ingkang nggatosaken tata cara gesang séhat, nyerat buku kanthi jejer “*Resep Menjalani Masa Tua yang Sehat, Kuat dan Bahagia*”, kagungan pemanggi bilih ing yuswa sepuh badhé wontenipun lampah **pepisahan, pangingseran**, lan **kawontenan saya randhat**. Ing yuswa ingkang adi punika, tiyang badhé ngraosaken kécalan, badhéa punika sémah, kanca sabarakan, malah ugi putra utawi wayah ingkang késah nglembara. Kejawi punika, pepisahan kaliyan tanggel jawab *peran social* (lelabetanipun ing bebrayan agung) ingkang kala semanten kasandhang, kadosta lelabetanipun minangka tiyang ingkang *aktif* (mempeng) makarya, kagungan wewenang mendhet pancasan utami, utawi punjering kawigatosanipun brayat. Prekawis punika saged nuwuhaken raos sepen utawi kécalan makna menawi mboten dipun-wékani kanthi wicaksana. Pangingser saged ateges éwah-éwahan lelabetanipun lan dunungipun ing brayat dalah masarakat, ingkang kala rumiyin dados “ingkang maringi” samangké dados “ingkang nampèni”; kala rumiyin mimpin, samangké langkung kathah anggènipun ngetut wingking. Kadosta, tiyang sepuh ingkang sadèrèngipun dados sesirahing brayat, samangké wiwit gumantung dhateng para putra ing bab ékonomi, kasarasan utawi bab mendhet pancasan. Pangingser punika kedahipun saged katampi minangka kalimrahan, sanès pratandha “kiranging pangajinipun dhiri”.

Prekawis randhat ugi sangsaya caket ing dhiripun para adiyuswa. Raga lan pamikir lumampah sangsaya randhat sacara alami. Reflèks, daya pangémut-émut, *stamina* (kakiyataning badan), lan ugi rikatipun mlampah mboten kiyat kadosdéné sadèrèngipun. Wonten ing prekawis punika, randhat mboten ateges mandheg, nanging punika péranganing prosès nuju sepuh ingkang limrah. Awit saking punika, ing wekdal randhat para tiyang sepuh kaajak linangkung saged ngraosaken *ritme* (wiramaning) gesang, linangkung anteng, lan paring kekiyatan ing *kualitas* (kwalitèt), sanès *kuantitas* (kwantitèt).

Ing sisih sanès, yuswa sepuh dipun akeni minangka wekdal lampah randhating *fungsi organ-organ* (ginanipun piranti-pirantining) raga. Raga dalah sèl-sèlipun risak amargi sampun dangu kaginakaken lan sacara lumintu ing sauruting gesang lan ndadosaken raga ringkih. Raga ingkang ringkih punika nuntun risaking ati, ginjel, padharan, sarta kulit. Wonten ing prosès nuju sepuh punika sangsaya karaosaken kanthi sekedhik mbaka sekedhik icalipun kesagedan *sistem jaringan* kanggé ndandosi karisakan utawi nggantosi dhirinipun, lan ngiyataken *struktur* sarta fungsi normalipun satemah mboten saged kiyat ngadhepi *infèksi*.

Punapa ingkang kedah kita lampahi supados saged dados pribadi ingkang kagungan *integritas* lan mboten dhumawah ing raos nglokro? Siméon nggéndhong bayi Yésus. Punika conto ingkang nyata bilih adiyuswa tetep kagungan pengajeng-ajeng. Simeon, satunggaling adiyuswa ingkang gesangipun kebak pangantu-antu. Peyambakipun ngantu-antu prasetyanipun Gusti Allah kangge saged mirsani Sang Mesih saderengipun seda. Kitab Injil Lukas 2: 25-32 paring katrangan bilih prasetyanipun Gusti Allah kaleksanan. Siméon mbopong bayi Yésus, kanthi kebak panuwun lajeng memuji Gusti, unjukipun: “Dhuh, Pangéran, sapunika Paduka marengaken kawula késah kalayan temrem rahayu...” (Luk. 2:29).

Warga Adiyuswa ingkang kinasih ing Gusti,

Tumindakipun Rama Simeén ingkang mbopong bayi Yésus saèstunipun mboten namung tumindaking raga, nanging ugi mralambangaken panampining Sang Kristus kanthi kebak kapitadosan. Siméon mboten namung mirsani, nanging ugi ngekep Sang Juru Wilujeng nélakaken tumindak masrahaken dhiri sacara pribadi dhateng Gusti Yésus. Langkung saking punika, sayektosipun kita sinau bilih ing wekdal Siméon mbopong bayi Yésus, saèstunipun piyambakipun ingkang kagéndhong lan kakekep déning Gusti Allah piyambak. Prosès nggéndhong punika ngginakaken pangraos lan mboten namung tata jasmani ingkang karaos caket. Ing wekdal Siméon nggendhong bayi Yésus, piyambakipun ngraosaken raos tentrem

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

ing mangsa adiyuswanipun. Raos tentrem amargi kakekep Gusti Allah punika ndadosaken raos ayem anggènipun mapag dinten sédanipun. Kasédan jati asring kapirsanan minangka prekawis ingkang ndadosaken raos ajrih katampi kanthi ayem ing manah, sedaya prekawis ingkang badhé dipun lampahi temtu mboten badhé ndadosaken nguwasaken malih. Tentrem rahayu sampun nyrambahi ing dhirinipun Siméon. Piyambakipun mbabar dhiri minangka adiyuswa ingkang kagungan *integritas* kanthi batos ingkang ayem tentrem.

Para Adiyuswa ingkang dipun kasihi Gusti,

Natal ngemutaken dhateng kita, bilih kita sedaya nembé lan tansah dipun-kekep déning Gusti Allah. Saking kekepan-Ipun punika, ndayani wontenipun ayem tentrem ingkang ndadosaken kita sagah ngadhepi sedaya karingkihan kanthi kabingahan lan pengajeng-ajeng. Kekepan-Ipun Gusti Allah punika nyagedaken kita ngekep para putra wayah kanthi kebak katresnan lan kabingahan. Lajeng, kita badhé kasagedaken ngekep para tiyang punika kanthi nyariyosaken sedaya kasaénanipun Gusti Allah ingkang mboten wonten telasipun. Kanthi mekaten para putra wayah kita ugi kasagedaken ngadhepi éwah-éwahaning jaman kanthi kebak kekendelan. Amin.

[bw-ww]



Liturgi Riyaya Natal Adiyuswa (Komisi Adiyuswa)

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

Prdt: Pradata

U: Umat

L: Lèktor

N: Narator (tiyang ingkang ngandharaken)

Cathetan:

1. Tata pangibadah saged kajumbuhaken kaliyan kawontenan ing saben pasamuwan murih lumampah selaras kaliyan ancas ingkang badhé katuju.
2. Swasana Pangibadah Riyaya Natal katata sacara *dialogis* (wawan ginem) kaliyan warganing pasamuwan ingkang sami rawuh.

Kakekep lan Ngekep



1. TIMBALAN PANGIBADAH- VOTUM lan SALAM

Narator 1 (N1) lan Narator 2 (N2)

N1: Wilujeng rawuh Éyang Kakung, Éyang Putri ing pahargyan Natal Adiyuswa (Komisi Adiyuswa) samangké. Puji panuwun konjuk Gusti ingkang sampun paring berkah lan kasarasan dhateng kita sedaya satemah kita saged sami kekempalan ing papan punika. Kita sedaya pitados bilih Gusti tansah nuntun kita kanthi katresnanipun Gusti ingkang langgeng. Sesarengan kita mahargya sih susetyanipun Gusti ingkang boten naté telas, malah ugi dumugi ing yuswa sepuh kita. Sumangga kita kita

ngraosaken sauruting acara ing pahargyan punika kanthi kebak kabingahan.

N2: Éyang Kakung, Éyang Putri, Opa, Oma, ingkang binerkahan déning Gusti, Dinten punika, sumangga kita mahargya Natal kanthi manah ingkang kebak panuwun, amartgi kita kakekep déning katresnanipun Gusti. Selajengipun kita katimbangan samidéne ngekep, dalah ngiyataken dumugi ing pungkasaning gesang kita. Kanthi manah ingkang kebak kabingahan, sumangga kita miwiti pangibadah riyaya Natal punika kanthi pengaken bilih Gusti Allah ingkang nitahaken langit lan bumi punika tukung pitulungan kita, sih rahmat lan berkah ingkang mboten naté telas badhé tansah nyrambahi kita sedaya.

2. RESPONS TIMBALAN PANGIBADAH/KIDUNG PAMBUKA

U: (Ngidung **KPJ 242. Rawuha Sang Imanuèl.**
*Saged kakidungaken gentosan, pada 1 sesarengan,
pada 2 adiyuswa kakung, pada 3 adiyuswa wanita,
pada 4 sesarengan*)

KPJ 242. RAWUHA SANG IMANUÈL.

1. Rawuha Sang Imanuèl, ngluwari umat Israèl,
dènnya nandhang kasangsaran;
ngantu-antu pitulungan.
Gya suraka! Hé, Israèl!
Pethukna Sang Imanuèl.
2. Rawuha trubus Isai, ngesorken dosa lan pati.
Umat kang nandhang sangsara,
luwara saking cintraka.
Gya suraka! Hé, Israèl!

Pethukna Sang Imanuèl.

3. Sang Surya kang nembé prapta, linipura umatira.
singkirna peteng nglimputi,
sarta wayanganing pati.
Gya suraka! Hé, Israèl!
Pethukna Sang Imanuèl.
4. Tedhaké Daud, rawuha, mbikak gapuraning
swarga;
tinutup lawanging satru,
mring umat tentrem-rahayu.
Gya suraka! Hé, Israèl!
Pethukna Sang Imanuèl.

3. LITANI PANUWUN SOKUR

- N1: Para sedhèrèk ingkang kinasih, Natal punika
pratandha bilih Gusti Allah rawuh ing ndonya kanggé
ngekep kita kalawan katresnan-Ipun.
- U: **Kawula ngaturaken panuwun, awit Gusti
Allah ngekep kawula kanthi katresnan
ingkang mboten naté wonten telasipun.**
- N2: Ing wekdal enèm, ing wekdal diwasa, malah ugi
ngantos adiyuswa, katresnanipun Gusti tetep sami.
- U: **Panjenenganipun ngekep kita sedaya,
sanadyan raga punika ringkih lan jangkah
mboten rosa.**
- N1: Siméon ingkang sampun yuswa sepuh, mboten
kécalan pengajeng-ajeng. Piyambakipun ngekep Bayi
Yésus, Sang Juru Wilujeng.
- U: **Kawula sedaya sumadya ngekep Gusti Yésus
wonten ing manah lan gesang kawula.**

N2: Hana, satunggaling nabi wanita ingkang sampun sepuh, tetap setya ndedonga lan atur panuwun, amargi Gusti Allah netepi prasetyan-Ipun.

U: **Kawula sadaya sumadya setya tuhu lan pitados menawi kawula kakekep déning katresnanipun Gusti, lajeng ngekep sesami wonten ing katresnan.**

N1: Ing riyadi Natal punika, sumangga kita ngèneti: Gusti Allah ingkang miyos minangka Bayi Suci ing Bèthlèhèm, inggih punika Gusti Allah ingkang ngekep kita sedaya kanthi tentrem rahayu.

U: **Kawula sumadya lumampah kanthi tentrem rahayu, samidéné ngiyataken, samidéné ngekep dumugi ing pungkasaning gesang kawula.**

N2: Punika kabingahan Natal: kakekep déning Gusti Allah ingkang setya, lan ngekep sesami wonten ing katresnanipun Sang Kristus.

Sesarengan: **Pinujia Sang Kristus, Juru Wilujengipun jagad. Haléluya!**

4. KIDUNG PANUWUN

U: (Ngidungaken **KPJ 238:1-3 “Para Jalmi, Giranga”**)

KPJ. 238. PARA JALMI, GIRANGA

1. Para jalmi, giranga, mujia, pramudita
Ratunira wus prapta jumeneng Ratu Salam.
para jalmi, giranga, mujia, pramudita.
2. Kaluhurna kang Putra, kekasihing kang Rama,
mbangun karatonira, jumeneng Ratu Mulya.
Para jalmi, giranga, mujia, pramudita.

- 3 Kamulyakna Pamarta, kang rawuh ing pra umat,
Pambirating duraka, jumeneng Juruslamet.
Para jalmi, giranga, mujia, pramudita.

5. **DONGA PAMBUKA**

P1: (Ngonjukaken donga pambuka)

6. **PISUNGSUNG**

P2 (Sabda landhesan atur pisungsung: **Kidung Pangadhuh 3:21-23**)

“Nanging iki kang dakrasakaké, lan kang njalari aku
duwé pangarep-arep: Sih-kamirahané Pangéran
Yéhuwah iku tanpa pedhot, lan sih-kawelasané ora
ana entèké. Tansah lumintu, ganti-gumanti saben
ésuk. Saèstu ageng kasetyan Paduka punika!”

7. **KIDUNG ATUR PISUNGSUNG**

U: (Ngidung **KPJ. 233:1, 4 KANCA AGIYAKA**)
KPJ 233. KANCA AGIYAKA

1. Kanca agiyaka! Ing kandhang Bèthlèhèm
karawuhan Rohing Pangéran.
Sang Bayi miyos pinaringken kita.
Refr. Lah payo mrana sujud,
lah payo mrana sujud
ngabekti maring Gusti,
Pamarta
4. Panebus sejati kang rawuh ing bumi
mrih manungsa sinung basuki.
Nulya sowana sarwi sumuyuda.
Refr. ...

8. **DONGA ATUR PISUNGSUNG lan PALADOSAN
SABDA**

P2: (Ngonjukaken donga atur pisungsung saha paladosan Sabda)

9. **PELADOSAN SABDA**

PS: (Ngladosaken Sabda)

- a. Pemaosing Kitab Suci: **2 Korinta 4:16, Lukas 2: 25-32**
- b. Kotbah: **Kakekep lan Ngekep**
- c. Wekdal Ening

10. **DONGA SYAFAAT lan DONGA RAMA KAWULA**

PS: (Ngonjukaken donga syafaat lan Donga Rama Kawula)

11. **KIDUNG PANGUTUSAN**

U: (Ngidung **KPJ 217:1,2 DALU SANTI**)
KPJ 217. DALU SANTI

1. Dalu santi, abyor cahyèng kartika;
dalusuci miyosing Pamarta.
Jagad raya kang risak wit duraka
dèn pulihken pindha Pirdus mulya.
Pra manungsa kang sangsara wit dosa,
linuwaran mrih tentrem raharja.
Refr. Swawi sujud saos bekti mring Gusti.
Dalu santi, Panebus wus manjalma;
dalusuci, dalu, dalu santi.
- 2 Dalu santi, lintang panjer sung cahya;
dalusuci, rawuhing Sang Putra.
Bayi suci rinengga kaapesan,
karsa mbikak korining kaswargan;
angrukunken Allah klayan manungsa,
wah sung gesang sejati, sampurna.
Refr.

10. PANGUTUSAN

- PS: Eterna manah panjenengan dhateng Gusti!
U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhateng Gusti**
PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus!
U: **Puji Sokur konjuk Gusti!**
PS: Pinujia Gusti!
U: **Samangké lan selami-laminipun!**

11. BERKAH

- PS: Allah Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci tansah mberkahi gesang panjenengan, kanthi kebak kabingahan, sarta nyagedaken panjenengan mbabar kabingahan dhateng sesami, samangké lan selami-laminipun.
PS+U: **Amin.**

12. KIDUNG PANUTUP

- U: (Ngidung KPJ 217:3 DALU SANTI)
KPJ 217 DALU SANTI

3. Dalu santi, putra tedhak nèng donya;
dalusuci, mlaékat sung puja.
Kang Mamulya karsa ngesorken srira,
ngrengat dosa mrih jagad slameta.
Dayaning pati mangkya ingasorken,
pra manungsa sinung gesang langgeng.
Refr. Swawi sujud saos bekti mring Gusti.
Dalu santi, Panebus wus manjalma;
dalusuci, dalu, dalu santi.

[bw-ww]



Mangsa Advèn Natal 2025

**“BAHAN PANGGULAWENTHAH
INTERGENERASIONAL”**

Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan
kawontenan saha kabetahaning geréja utawi
pasamuwan ing ngriki.

**BAHAN
Panggulawenthah
Intergenerasional 1**

Waosan:
Lukas 21:25-36

**Advèn Lan
Cecalaning
Pagesangan**
❧❧❧

Cecala

1. Kawiwitana kaliyan kekidungan ingkang nuwuhaken grengseng lan rumaket ing antawisipun pasamuwan.
2. Andhapuk sapantha alit (kelompok) ingkang ngemot sedaya peranganing yuswa.
3. Nalikanipun wonten ingkang dèrèng sami wanuh, prayogi kaparingan wekdal pitepangan sawetawis.
4. Mbangun pirembagan ingkang prayoga lan blatèr. Sedaya pamawas katampia klawan legawa lan jangkep; sampuna ngantos kapunggel.
5. Pirantining pirembagan saged dipun waos déning satunggal warganing pasamuwan ingkang rawuh.
6. Mungkasi pirembagan klawan repining kidung mangsa Advèn lan donga-dinonga satunggal lan sanèsipun.

Katranganing Pirembagan

Pinuju kekésahan nglangkungi radosan ageng, padatan kita mrangguli wontenipun *rambu-rambu lalulintas*, murih anggènipun kekésahan lancar, rancak lan boten wonten alangan. Blegeripun *rambu-rambu lalu lintas* punika manéka warni. Wonten ingkang awujud gambar, aksara punapa déné angka. Wondéné ginanipun inggih punika maringi cecala; badhéa dhawuh, awisan punapa déné wewaler murih para-para ingkang langkung saged dumugi papan kanthi wilujeng.

Mbok menawi gesangipun manungsa punika apindha tiyang ingkang mlampah, mesthinipun ugi kathah cecala

(rambu-rambu) ing pagesangan. Jer Gusti Allah maringi manéka warni cecalaning gesang. Wonten ingkang asipat pitedah, angger-angger, awisan punapa déné wewaler. Kanthi cecalaning pagesangan punika, saben tiyang sageda gesang ing salebeting kawaspadan. Kadospundi gesanging manungsa ditansah waspada? Amargi tiyang ingkang waspada punika, tiyang ingkang samekta ing gati, sawéga ing dhiri. Sumadya ngadhepi sawernining pérangan ingkang boten kanyana lan boten gumathok. Srana kawaspadan, manungsa tangsah émut (éling). Laras kaliyan bebasan éling, waspada lan jumaga.

Samangké, pasamuwanipun Gusti lumebet wonten ing mangsa Advèn. Kawula sedaya dipun émutaken malih kaliyan pangandikadipun Gusti murih kawula migatosaken kawaspadaning gesang. Nanging sadèrèngipun niti priksa cecalaning pagesangan saking Gusti Allah, kapareng langkung rumiyin mangertosi punapa werdinipun Minggu Advèn. Tembung Advèn ateges pangantu-antu. (*penantian*). Tumraping para pitados ngemu teges, inggih punika:

1. Mbereg kita mèngeti kerawuhanipun Gusti Yésus ing jagad, ingkang miyos wonten ing Bètlèhèm.
2. Nyawisaken kerawuhan-Ipun malih wonten ing jagad ing jaman kang wekasan.

Pagesanganing umat samangké, wonten ing mangsa Advèn kekalihipun. Miturut pananggalan (almenak) liturgi, pasamuwan nyawisaken gesang ngriyadinaken wiyosan dalem Gusti Yésus, sesarengan punika; ngantu-antu kerawuhan-Ipun ingkang kaping kalih wonten ing pungkasaning jaman. Wondéné kapan wekdalipun, boten wonten ingkang pirsá. Laras kaliyan pratélaning kitab suci. Pramila menawi wonten tiyang ingkang kumowantun mesthèkaken lan nyumurupi dinten rawuhipun, kepara wekdal lan papanipun, temtu kémawon tiyang punika boten mengertosi wedharing pangandika ing Kitab Suci kalawan pramana. Makaten ugi ingkang kumandel ing bab kapan wekdal rawuh-Ipun, ugi boten nyumurupi pangandikanipun Gusti. Awit Gusti Yésus piyambak boten mratélakaken klawan cetha bab dinten, wekdal lan ing pundi anggènipun badhé rawuh.

Wondéné tumrap para-para ingkang pitados ing Panjenengané, Gusti Yésus namung paring sesorah, bilih para pitados kedah ngetutaken lan ngestokaken cecalaning gesang ingkang dipun tedahaken.

Wonten ing Injil Lukas 21:25-26, pangandikanipun Gusti nélakaken cecalaning gesang ingkang kelampahan, ngrumiyini lan ngajengaken kerawuhanipun Anaking Manungsa, inggih punika, *“Apadéné bakal ana ilapat-ilapat ing srengéngé, ing rembulan lan ing lintang-lintang, sarta ing bumi para bangsa bakal padha wedi lan bingung marga saka gumlegering sagara lan alun. Wong-wong bakal padha semaput déning giris amarga kuwatir marang apa kang bakal nekani jagad; amarga kabèh panguwasaning langit bakal gonjing.”* (ayat 25-26). Pratélaning cecala ingkang dados cirining sastra Apokaliptik, ing pundi asring gegayutan kaliyan sastra Èskatotlogis. Sanajan mengku péranganing prewakis ingkang ngédab-édabi, pagègèr ageng lan karibedan ingkang nuwuhaken sumelang lan pagiris, Gusti Yésus nggigah para pamiyarsan-Ipun supados ngadhepi samukawisipun kalawan tanggon lan mantep.

Pramila makaten, pandhèrèkipun Gusti Kristus samesthinipun nguningani cecalaning gesang punika klawan lantip. Inggih punika nggadhahi pamawas lan kandel ing kapitadosan dhumateng Gusti Yésus. Inggih punika waspada/jumaga (Lukas 21:34), satemah sami koncatan ing raos sumelang. Raos sumelang punika tuwuhing was lan ajrih ingkang ingkang boten dipun mangertosi sebabipun. Raos sumelang ugi njurungi sawernining pandamel. Badhéa punika pandamel ingkang nyimpang punapadéné pandamel ingkang nylenèh. Inkang kekalihipun minangka wujud pangguleting manah awit wontenipun raos sumelang punika.

Jumaga-jaga nggadhahi pangertosan, pandamel ingkang sawéga sadèrèngipun winarah (*antisipatif*) tumrap pérangan punapa déné prekawis ingkang saged kémawon kelampahan wonten ing tembé. “Jaga-jumaga” ugi ngewrat bab nyawisaken gesang kanggé nglajengaken lampah. Wosipun, minangka abdinipun Gusti, samesthinipun kita ditansah nyawisaken

manah lan mranata lampah nyawisaken sedaya ingkang badhé kelampahan ing tembé.

Mangsa Advèn inggih punika pangantu-antu tumrap kerawuhipun Gusti Yésus, ing saben wekdal lan wayah. Pérangan ingkang tansah mbereg kawula anggènipun tansah jaga-jumaga. Kanthi pandonga, kawula badhé santosa. Pangandikanipun Gusti nélakaken: *“Padha tansah jumagaa lan ndedongaa, supaya kowé diparingana kakuwatan kang njalari kowé padha ora bakal katempuh déning apa kang bakal kalakon iku lan supaya kowé padha bisa tahan anggonmu ana ing ngarsané Putraning Manungsa.”* (ayat 35)

Wonten sesanti makaten, *“Life is fragile, handle with prayer”*, paring pémut dhumateng kawula sedaya bilih gesanging manungsa sejatosipun ringkih, pramila kedah dipun kendhalènan kalawan pandonga. Kados pundi pandonga dados piranti ingkang bakuh kanggé mranata gesanging manungsa ingkang ringkih? Awit pandonga punika pambudidayaning dhiri pribadi, kagem nuwuhaken kawigatosan tumrap kawasésan ingkang pinunjul inggih punika Gusti Allah piyambak.

Klawan pandonga lan jaga-jumaga, kawula kepareng nampèni kawicaksanan ingkang adamel kawula satiti lan ngati-ati, nupiksani cecalaning gesang. Wondéné tiyang ingkang satiti lan ngati-ati nupiksani cecalaning gesang, sumadya mapag kerawuhanipun Gusti Yésus malih kinanthènan berkah lan kesaénanipun Gusti ing saben dintenipun.

Pirembagan

1. Ngatak-atak warganing pasamuwan ingkang sami rawuh, ngrembag bab wigatosing Advèn!
2. Punapa kémawon ingkang katindakaken déning warganing pasamuwan ing mangsa Advèn?
3. Punapa werdinipun Advèn minangka cecalaning gesang ing pagesangan jaman samangké?

Pandamel (kagiyatan)

Saben tiyang adamel cathetan pandamel (kagiyatan) punapa kémawon ingkang katindakaken saben dintenipun minangka

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

wujud mapag kerawuhanipun Gusti Yésus ingkang kaping kalih?
Pandamel punapa kémawon ingkang saged katindakaken
sesarengan?

Pepanggihan panggulawenthah kapungkasan kalawan donga-
dinonga.

Pepujèn

1. Swawi Ta Kanca Kula (KPJ 33)
2. Lah Ta Padha Mawasa (KPJ 168)
3. Kadospundi, Dhuh Gusti (KPJ 231)
4. Aku Mbok Caritanana (KPJ 212)
5. Sakjégé Aku Dhèrèk Gusti

[wsn-aj]



BAHAN
Panggulowenthah
Intergenerasional 2

Waosan:
Matéus 1: 18-25

Ngadhepi Raos
Ajrih
ଓଠ

Cecala

1. Andhapuk kelompok alit ingkang dhapukanipun saking:
 - a. Sedaya péranganing yuswa badhéa laré, muda taruna, diwasa saha kasepuhan.
 - b. Wargaming pasamuwan ingkang péranganing yuswanipun sami saget dados satunggal.
2. Kawiwitana kaliyan pitepangan mawi cara: nama kula, kula ajrih (saged péranganing kawontenan utawi prekawis). *Tuladha: Nama kula Agung Jatmiko, kula ajrih ngadhepi ujian. Nama kula Ilham. Kula ajrih dipun mingsahi kanca-kanca.*
3. Saksampunipun rampung anggènipun pitepangan, pasamuwan kasuwun saged jlèntèhaken mula bukanipun sagedipun kadunungan raos ajrih. Wondéné sanèsipun sami nyemak lan boten kepareng njeksani.
4. Pasamuwan mirengaken andharaning pirembagan.

Katranganing Bahan Pirembagan

Saben tiyang mesthi naté ngraosaken ajrih. Badhéa punika ajrih kaliyan satunggaling barang utawi kawontenan ingkang dipun adhepi. Satunggaling mudha taruna ajrih nalikanipun mapan tilem ing kawontenan peteng. Punika kelampahan awit nalikanipun taksih laré naté dipun kurung wonten ing senthong ingkang kakunci rapet lan boten wonten dimar. Pramila ngantos diwasa, ngraosaken boten nyaman (sekéca) nalikanipun kawontenan ing sakiwa tengenipun peteng, sinaosa ngajengaken tilem. Saksampunipun **akrama** sesémahan,

pikantuk sisihan ingkang nalikanipun mapan tilem, langkung remen menawi dimaripun dipun pejahi. Wusana piyambakipun kedah wantun ngadhepi raos ajrihipun kalawan ngulinakaken tuwuhing raos nyaman ing papan ingkang peteng.

Wonten ing pirembagan punika, kawula sedaya badhé sinau kados pundi ngadhepi raos ajrih. Mirungganipun sinau saking Yusuf ingkang ngraosaken ajrih nalikanipun ngadhepi pérangan punapadéné kawontenan ingkang dumadakan tumanduk. Pawarta bab Maryam ingkang nggarbini saèstu medal saking panggraitaning Yusuf babar pisan. Piyambakipun rumaos ajrih lan melang-melang. Nalika semanten, kawontenaning masarakat saèstu nengenaken kalenggahaning priya. Wondéné kalenggahaning wanodya, dipun lirwakaken lan dèrèng wonten ingkang sami mbélani. Menawi mbacutaken nggarwa Maryam, mesthi kémawon badhé nampèni panampik saking brayatipun Yusuf amargi rumaos kaasoraken. Pramila makaten, ing panimbangipun Yusuf, badhé medhot sesambetaning pepacangan antawisipun piyambakipun kaliyan Maryam klawan sesidheman.

Dadosna kawigatosan, menawi Gusti Allah maringi kalodhangan tumrap Yusuf anggènipun ngadhepi raos ajrihipun klawan patrap ingkang bènten. Gusti Allah ngandika lumantar malaékat-Ipun. Pangandikanipun Gusti Allah punika tinampi minangka pawartos anyar ingkang nganyaraken pamawasipun lan nitipriksa putusanipun. Mbok menawi awit agenging sih katresnanipun dhumateng Gusti Allah (makaten ugi katresnanipun dhateng Maryam) paring pambereg anggènipun ngadhepi lan mranata raos ajrihipun kalawan tentrem.

Sanajan prekawis ingkang dipun adhepi déning Yusuf punika awrat, piyambakipun suka mirengaken pangandikanipun Malaékatipun Gusti Allah, ing salebeting panyumpenan, lan niti-priksa putusanipun. Wusana pikajengipun anggènipun medhot sesambetaning pepacangan kaliyan Maryam, wurung dipun lajengaken. Yusuf nyawisaken gesangipun tinuntun ing karsaning Gusti. Piyambakipun klawan mantep mbacutaken pepacanganipun ing neningkahan lan suka bingah ngupakara

sarta nggulawenthah Yésus, inggih putraning Gusti Allah ingkang mijil saking guwa garbining Maryam, sémahipun.

Minangka tiyang jaler saking trahipun Daud (saking taler Yéhuda; utawi tiyang Yahudi), Yusuf kagulowenthah ing kabudayan ingkang nengenaken kalenggahaning priya (*patriakhal*). Menawi anggènipun neningkahan sampun nggarbini langkung rumiyin, temtu damel kuceming kalenggahaning Yusuf ing satengahing masarakat. Awit saking punika, Yusuf sampun nggadhahi pikajeng mendhot Maryam sesidheman. Laras kaliyan Injil Matius ingkang pratéla bilih Yusuf punika tiyang mursid (*dikaiosuné*, tiyang ingkang leres lan bangun turut ing paugeran) sarta boten purun mirang-mirangaken Maryam, ing ngarsanipun tiyang kathah, kepareng badhé medhot Maryam, klawan seksi tiyang kalih kémawon.

Minangka titah sawantah, anggènipun Yusuf kepareng badhé adamel putusan, temtu putusan ingkang saged dipun tindakaken lan boten mitunani. Sinaosa makaten, Gusti Allah kepareng ngagem Yusuf minangka piranti kebakaring rancanganipun Gusti Allah ingkang agung. Gesangipun Yusuf boten mligi éndahing asma nanging ugi bab pawartos éndah ingkang kayektènan lumantar Anaking Manungsa ingkang kinandut ing guwa garbaning Maryam, laré ingkang mangkènipun ugi dados larénipun Yusuf. Éwasemanten, Yusuf kepareng mundhut wekdal anggènipun nenimbang lan nggulet putusanipun (ay. 20), lan wekdal nggegilut punika dipun agem déning Gusti, mblakakaken karsa lan rancangan-Ipun (ay. 20-23). Sanyata, Yusuf boten piyambakan ing salebeting nenimbang lan panggulet. Piyambakipun nimbang lan nggulet sesarengan kaliyan Gusti Allah. Piyambakipun sumadya mireng lan tinuntun ing pangandika lan karsanipun Gusti. Satemah, patraping sumadya anggènipun nimbang, nggulet lan nggilut pangandikanipun Gusti, minangka pondhamèn lan pandom ingkang bakuh ing kebakaring pakaryan kawilujenganipun Gusti. Yusuf sumadya dados rowang mitranipun Gusti anggènipun nggelar kawilujengan ing jagad.

Saking cariyos punika kita nguningani bilih Yusuf nimbang lan nggulet putusanipun ing kawontenan ajrih lan rupek ingkang

dipun adhepi. Yusuf suka paring wekdal ing gesangipun piyambak anggènipun nimbang lan nggulet kawontenan ingkang dipun adhepi. Piyampakipun mranata manahipun lan boten kebrongot. Nyaosi papan ing manahipun dhumateng Gusti murih sageda makarya. Piyambakipun nampi kawicaksanan saking Malaékat minangka pawartos ingkang anyar ingkang nuwuhaken pemanggih ingkang bènten. Piyambakipun ugi sumadya ngadhepi sedaya raos ajrih kalawan panimbang ingkang langkung waskita ing manahipun, inggih punika pangandel lan kawicaksanan saking Gusti Allah.

Punapa ingkang dipun lampahi Yusuf punika mitulungi kawula sedaya mangertosi bilih raos ajrih punika pérangan ingkang wajar. Medal saking wontenipun raos ajrih, kawula sinau sepinten kapitadosan kita ing ngarsanipun Gusti. Kawula ugi nglengganani karingkahaning gesang, sesarengan kaliyan punika, ngraosaken kawasésaning Gusti Allah arupi kawicaksanan, tentrem lan samektaning gesang kanggé nimbang, nggulet lan nggilut.

Ing mangsa Natal punika, mbok menawi kita ngraosaken pagiris (raos ajrih ingkang linangkung), ingkang dèrèng saged kita awékani. Natal sangsaya celak, ananging prekawis lan pangguleting gesang dèrèng kepareng rampung. Mugi-mugi pengalaming Yusuf, mbereg kawula sedaya. Nimbang, nggulet lan nggilut sesarengan Gusti Allah. Nyawisana papan kagem Gusti Allah kanggé mratelakaken karsan-Ipun, menggah raos ajrih ingkang kita adhepi. Mbok menawi tuwuhing raos ajrih punika boten ngemungaken wengan anggènipun Gusti Allah mbangun gesang kita, ananging ugi dados pirantining Gusti Allah mratelakaken sih-katresnanipun ingkang agung.

Pirembagan

5. Inggang sami rawuh kasuwuna ngraos-raosaken lampahing gesangipun saha andum pengalaman menggah kadospundi anggènipun Gusti Allah mitulungi para rawuh nanggulangi raos ajrih ingkang dipun raosaken!
6. Menawi dhapukaning kelompok miturut golonganing umur, kacawisana wekdal kanggé saben golonganing umur kanggé

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

andum asiling reflèksi (anggènipun ngraosaken malih menggah punapa ingkang sampun kelampahan ing gesangipun temah pikantuk piwulang prayogi) ing kelompokipun.

Pandamel

Saben pasamuwan keparenga ngasta (ndamel) satunggaling ukara *reflèktif* (ukara ingkang ngewrat piwulang prayogi) ing sawijing kertas alit ingkang mratélakaken kesanggemaning gesang ngadhepi raos ajrih miturut punapa ingkang dipun lampahi Yusuf ing salebeting kapitadosanipun.

Pepujèn

1. Aja Sumelang (KPJ 334)
2. Kaprungu Swara Gumyak (KPJ 234)
3. Aja Kuwatir Aja Wedi (KPJ 35)
4. Yèn Praharaning Urip Anerjang (KPJ 145)

[en-aj]



Mangsa Advèn Natal 2025

“BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA”

Bahan ingkang kaladosaken ing buku menika
saged kaolah malih kajumbuhaken kaliyan
kawontenan saha kabetahaning geréja utawi pasamuwan
ing ngriki.

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA
Kaping 1**

Waosan:
Matéus 3 : 1 – 10

**Kumandhanging
Pamratobat**

☪☪☪

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ. 231 KADOSPUNDI DHUH GUSTI

1

Kadospundi, dhuh Gusti,
nggèn kula sung urmat,
methukken klayan puji
mring Ratuning jagad?
Mugi Gusti madhang
lantaran Roh Suci.
Salam kula ndadosna
kepareng Paduka.

2

Saking dhampar kang mulya
lan kluhuran swarga,
Gusti tedhak ing Donya
nunggil lan pra-jalma,
tumut nandhang sangsara,
ngrembat kasisahan,
ngrukunken tiyang dosa
dhumateng Pangeran.

3

Punapa kang njalari,
dhuh Ratu kang mulya,
Paduka rawuh mriki,

karsa nandhang papa?
Inggi piwlas Paduka
saha palimirma,
lan katresnan Paduka
dhateng tiyang dosa.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 199 MARA SIRA RUNGOKNA

1

Mara sira rungokna swaranya.
Kori thinothok cetha; tilingna!
Gusti kang arsa mlebu,
mara énggal wengakna!
Ywa nganti gawé cuwa;
wenganana!

2

Mara sira rungokna swaranya.
Kori thinotok cetha; tilingna!
Aja padha semaya,
iku gawé sungkawa.
Gusti ingkang angantya;
wenganana!

3

Mara sira rungokna swaranya.
Kori tinothok cetha; tilingna!
Kang Suci, Gusti rena,
ngantos ngurbanken nyawa.
Ingaturna pambagya;
wenganana!

4

Mara sira rungokna swaranya.
Kori thinothok cetha; tilingna!
Yèn kepéngin anampi
katresnan, kabungahan,
kalayan katentreman; wenganana!

5. PAMAOSING SABDA: Matéus 3 : 1 – 10

6. RENUNGAN

KUMANDHANGING PAMRATOBAT

Pamratrobat, (*metanoia*) punika satunggaling prosès éwah-éwahaning manah lan budi kita kanthi jangkep — saking ingkang suwau ngener dhateng kapentingan pribadi, ananging lajeng ngeneraken keblatipun dhateng Gusti Allah. Mratobat mboten namung sasaget-sagetipun kèndel, ananging santun ancas (kadosdéné Rasul Paulus ingkang mboten namung kèndel anggènipun nganiaya pasamuwanipun Gusti, ananging lajeng santun/gantos dados rasulipun Gusti ingkang utami wonten ing ayahan Pakabaran Injil). Pamratobat mboten sami kaliyan namung rumaos dosa, utawi raos getun amargi dosa. Mratobat mboten namung sasaget-sagetipun kèndel, ananging santun ancas (kadosdéné Rasul Paulus ingkang mboten namung kèndel anggènipun nganiaya pasamuwanipun Gusti, ananging lajeng santun/gantos dados rasulipun Gusti ingkang mboten sami kaliyan sanèsipun wonten ing ayahan Pakabaran Injil). Pamratobat mboten sami kaliyan ngrumaosi gadhah dosa, utawi raos getun amargi dosa. Raos getun amargi dosa menika saweg satunggal sisih saking wujuding pamratobat. Kita saget nangis gero-gero nangisi dosa-dosa kita saha rumaos lepat sarta nyuwun pangapunten, ananging dèrèng temtu bilih kita èstu-èstu mratobat. Saget kelampahan kita saweg dumugi ing tataran “kapok lombok”, utawi niat tobat ananging kimat, ingkang asring kasebat “tobat kumat” (tomat). Tetembungan “kapok Lombok” kaliyan “tobat kumat” menika nedahaken bilih sayektosipun kita dèrèng èstu-èstu mratobat.

Pamratobat menika dados dhasaring utami piwulangipun Yohanes Pambaptis, ugi Gusti Yésus dalah para Rasul. Pamratobat mujudaken tetalesing tanduk (*sikap*) ingkang kedah tansah pinanggih wonten ing gesangipun tiyang Kristen, awujud tumindak ingkang mboten “tansah”

ngleresaken dhiri. Menawi kita rumaos “tansah” leres, kita mboten badhé naté mratobat. Awit saking punika, kita kedah tansah ènget bilih tanduk (*sikap*) tansah nganggep leres piyambak punika ndamel manah kita “wuta tuwin keras”, sami kadosdéne tiyang-tiyang Farisi, ingkang kécalan “lantiping pangraos” tumrapping dosa.

Yohanes Pambaptis, “Sang Swanten” ingkang nguwuh-uwuh saking pasamunan, mboten kendhat-kendhat ngumandhangaken piwelingipun Gusti Allah ing bab timbalan mratobat, awit rawuhipun Kratoning Allah sampun saya ngangsegi saha énggal badhé kababar. Ngangseging timbalan mratobat punika kagambaraken kanthi cumawising wadung ing poking wit-witan, ingkang sampun samapta negor (ngethok, ngrubuhaken) saben wit ingkang mboten ngedalaken woh. Punapa sababipun Gusti Allah duka sanget saha kagungan krenteg badhé negor sok sintena ingkang gesangipun mboten ngedalaken woh? Gusti Allah dados duka déning kabodhohaning/ndableging manungsa ingkang wongsal-wangsul dipun-èngetaken ananging tansah kémawon gesang andhok ing salebeting dosa.

Pamratobat punika margi ambah-ambahan supados manungsa saget uwal saking dukanipun Allah wau. Pamratobat ingkang mboten namung tetembungan suci ingkang kelair saking tutuk, utawi lumantar solah-bawaning badan: sujud, muwun, siyam lan sanès-sanèsipun. Mila wonten ing Injil Matius 3:8, Yohanes Pambaptis nandhesaken, “Yèn mangkono padha metokna woh kang sembada marang pamratobat.” Yohanes maringi werdi bab “ngedalaken woh” punika kanthi prasaja saha raket sanget sesambetanipun kaliyan tindak-tanduk padintenan. Kadosta: dhemen dundum, mboten ngrampas hakipun tiyang sanès, ngaturaken paladosan ingkang sak-saé-saénipun, ngaosi sesaminan manungsa.

Mratobat sanès bab ingkang ndamel seseking ambegan saha ndamel sisah tumrap tindak-tanduking gesang, ananging kosokwangsulipun, gesang ing salebeting pamratobat punika ndhatengaken kabingahan tuwin

sukarena. Ing mangsa Advèn punika, sumangga kita ngantu-
antu rawuhipun Gusti kanthi pamratobat ingkang sayektos,
pamratobat ingkang ndhatengaken kabingahan.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ. 84 MARA WONG DOSA, WONG CILAKA, MAREKA

1

Mara wong dosa, wong cilaka,
mareka mring Gusti Pamarta;
temah binirat dosanira,
krana gunging sihnya.

Refr.: Saiba karaharjanira,
yèn sira wus manjing pracaya,
sinung begja ing gesangira,
uwal sing antaka.

2

Bocah uga ya dènkasihi;
mula sowana ngarsèng Gusti,
mrih dadya putra prasetyannya,
krana gunging sihnya.

Refr.:

3

Aja semaya, gya mareka,
wit tan ngerti praptaning pati.
Gusti ngantya mring tobatira,
krana sih-rahmatnya.

Refr.:

8. PANDONGA SYAFAAT

- Atur panuwun sokur mangsa Advèn saged kapahargya malih.
- Mugi-mugi kita sami kaparingan kakiyatan lan kasagedan gesang kanthi Pamratobat sejati awit panuntuning Sang Roh Suci.

9. KIDUNG PANUTUP

KPJ 87:1-2 NÈNG KASA NGUMANDHANG ASMA

1

Nèng kasa ngumandhang asma sajuga,
kang anepangaken jagad lan swarga.
Datan wonten asma kados punika,
kang kwasa nyirnakken pangrèhing dosa.
Napa sami dèrèng wanuh,
Gusti Yésus Kristus yéku asmané!

2

Wus pantes asmané lan pakaryané.
Rawuhé ing donya wit gunging sihé,
nebus tiyang dosa, sinalib séda,
gya wungu nyawisken papan ing swarga.
Napa sami dèrèng wanuh,
Gusti Yésus Kristus yéku asmané!

[wsn-les]



**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA
Kaping 2**

Waosan:
Jabur Masmur 85:2-3; 9-14

**Gusti Allah
Ngrukunaken
Gesang**
ꦒꦸꦠꦶꦭꦭꦏꦺꦴꦏꦸꦤꦏꦺꦤꦏꦺꦴꦒꦺꦱꦁ

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI KPJ. 26

KPJ 26 PINUJI GUSTI

1

Pinuji Gusti kang nitahken jagad,
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih rahmat.
Refr.: Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.
Haléluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.

2

Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,
kang ngurbanken sarira nebus manungsa.
Refr.:

3

Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,
kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.
Refr.:

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI KPJ.120

KPJ 120 KULA MBOTEN BADHÉ NILAR

1

Kula mboten badhé nilar dhateng Gusti Pamarta;
dhateng pundi Gusti tindak, kula ndhèrèk Paduka
Refr.: Kula tut wingking Gusti ing salami kula gesang,

awit yèn tanpa Gusti, kawula tan saged mimpang

2

Nadyan gung karibedan, kawula tan was-sumelang.
Gusti paringa tatag, kula kiyat tan gumiwang.

Refr.:

3

Kula tansah ndhèrèk Gusti, nadyan sring kamomotan;
nyawa kula memuji, tamtu antuk pitulungan.

Refr.:

5. PAMAOSING SABDA: Jabur Mazmur 85:2-3; 9-14

6. RENUNGAN

GUSTI ALLAH NGRUKUNAKEN GESANG

Sauruting gesangipun, umat Israèl ingkang sampun katebus saha kauwalaken déning Allah saking pangawulan ing Mesir, tansah wongsal-wangsul nindakaken kalepatan. Kalepatan ingkang awrat piyambak inggih menika nalika umat Israèl nilaraken Gusti Allah saha nyembah dhateng brahala. Dosa-dosa ingkang mujudaken kanisthan wonten ing ngarsanipun Gusti Allah menika, njalari Gusti Allah ugi nilaraken umat-Ipun saha ngèndelaken umat menika katindhès. Gusti Allah ingkang duka malah ngèndelaken umatipun katempuh saha kajarah-rayah déning bangsa ngamanca, malah ngantos kaboyong dhateng pambuwangan ing Babil. Kablesekipun umat Israèl menika asring kagambaraken kanthi kawontenaning negari ingkang worsuh saha katilar ing tiyang. Umat Israèl mangertosi bilih pambuwangan menika sanès amargi apesipun, ananging mujudaken paukumanipun Allah amargi dosa-dosanipun umat piyambak.

Ing Jabur Masmur 85 menika, kawartosaken bilih Gusti Allah sampun karsa nélakaken keparinging panggalih-Ipun dhumateng umat-Ipun; Gusti sampun nélakaken keparingipun dhateng tanah panggenanipun umat Israèl,

saha badhé mulihaken kawontenaning trahipun Rama Yakub. Prakawis menika kelampahan amargi dedukanipun Sang Yéhuwah sampun kasirep. Sang Yéhuwah sampun mboten mulad-mulad bebendunipun dhateng Umat Israèl (ayat 2-4). Pangajeng-ajeng menggah badhé sirepipun dedukanipun Sang Yéhuwah kagambaraken kanthi keparengipun Sang Yéhuwah ngandika bab tentrem rahayu dhateng umat-Ipun (ayat 9 lan salajengipun), inggih menika dhateng tiyang-tiyang ingkang dipun kasihi Panjenenganipun. Ancasipun inggih menika supados umat sampun ngantos wangsul dhateng kapunggunganipun saha nindakaken bab-bab ingkang jemberi Sang Yéhuwah.

Nalika Sang Yéhuwah rerukunan kaliyan umat-Ipun, menika ateges umat wau sampun cecaketan kaliyan kawilujengan ngantos kaluhuranipun badhé wangsul malih dhateng negarinipun. Umat badhé ngraosaken malih kasaénanipun Sang Yéhuwah dalah bumi badhé maringaken pamedalipun. Pratélan menika cengkah kaliyan kawontenan nalika Sang Yéhuwah duka saha ndhawahaken bebendu ngantos tanah panggénanipun umat dados cengkar tuwin mboten ngasilaken menapa-menapa. Nalikanipun Sang Yéhuwah ngrukunaken dhirin-Ipun kaliyan umat-Ipun saha mulihaken kawontenanipun Israèl, mila umat Israèl badhé nyeksèni malih Sih saha Kasetyanipun badhé tempuk, kaadilan saha katentreman badhé ambung-ingambung.

Kanthi ngginakaken gegambaran ingkang langkung asipat geguritan, kasetyan badhé tuwuh saking ing bumi saha kaadilan badhé ngawat-awati saking ing langit (ayat 11b). Sawetawis juru tafsir kagungan pamanggih bilih Masmur menika medharaken gegambaran ingkang asipat Mésianis menggahing kawontenanipun jagad. Nalika Sang Mesih rawuh mila jagad menika badhé kapenuhan tentrem rahayunipun Sang Yéhuwah, saha umat manungsa badhé mirsani katresnan saha kasetyan miwah kaadilan dalasan tentrem-rahayunipun Sang Yéhuwah ngebaki gesangipun manungsa.

Ing mangsa Advèn menika kita ngraos-raosaken rawuhipun Sang Mesih ingkang milujengaken. Sang Mesih ngrukunaken sesambetanipun manungsa kaliyan Gusti Allah saha kaliyan sadaya titah. Pamulihan kasebat kapapag kanthi kabingahan, pamratobat, sanalika ugi nganyaraken gesang. Kita prelu nganyaraken gesang ingkang mboten wonten kendhatipun lumantar tumindak nyata. Sumangga katindakna saking bab ingkang paling prasaja. Nampèni saha ngapunteni sesami, nggantos saben tumindak nengenaken dhiri pribadi (*egois*) dados tumindak tresna. Nindakaken ngamal katresnan kanthi tulus tuwin éklas. Nindakaken paladosan ing gréja, masarakat saha brayat. Katindakna sadaya menika kanthi mandeng Panjenenganipun, Gusti Allah ingkang ngrukunaken gesang sinambi nyuwun rahmat supados kasagedaken nindakaken kanthi sukarena.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 124 KULA SÈSTU NDHÈRÈK GUSTI

1

Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan.

Tetep setya dugèng janji, tan wigih karibedan.

Refr.: Dhuh nyawaku, ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir.

Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.

2

Kula sèstu ndhèrèk Gusti martosken Injil suci.

Datan ajrih ing sangsara, wit Gusti nganthi kula.

Refr.:

3

Kula sèstu ndhèrèk Gusti mbabarken sih piwlasnya mring sagung titah ing bumi, dimèn samya raharja.

Refr.:

4

Kula sèstu ndhèrèk Gusti ngèstokken dhawuh èdi;
sok sintena kang nyatroni, kula ngudi nresnani

8. PANDONGA SYAFAAT

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

- Ngaturaken panuwun awit saking pakaryanipun Allah ingkang ngrukunaken sadaya Titahipun.
- Nyuwun sih-rahmatipun Allah supados kita kasagetaken dados juru pirukun tumrap jagad ingkang mbetahaken kawilujengan peparangipun Allah.

9. KIDUNG PANUTUP

KPJ. 125 LAMUN KULA MLAMPAH

1

Lamun kula mlampah nèng margining Allah,
kula sèstu ngraosken bingah.

Kula yakin èstu, Gusti nuntun tamtu
mring tyang kang pitados satuhu.

Refr.: Mung sawiji kabegjan sejati,
nggih pitados mring Gusti wah manut lan bekti.

2

Yèn peteng ing manah, kabidhung ing sisah,
kula nilingken sabdèng Allah.

Uwas lan kuwatir wus tamtu sumingkir,
angger pasrah kang trusing manah.

Refr.:

3

Iba begja kula, sajroning ginodha
kiniyatken déning sabdanya.

Rineksa rinimat tan dhawah tan lesah,
wit saking sih-rahmating Allah.

Refr.:

[wsn-les]



**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA
Kaping 3**

Waosan:
Jabur Masmur 146: 1-10

Rahayu!
☸☸

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 5 DHUH PANGÉRAN

1

Dhuh Pangéran Ingkang Maha Suci,
kula sami marek tetunggilan.
Salir bangsa salumahing bumi
amemuji mring asmané Gusti.

2

Gusti tresna mring kula sadaya,
saking kilèn miwah saking wétan,
sami nunggil klayan Sang Pamarta,
Yésus Kristus kang dados Panutan.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 212 AKU MBOK CARITANANA

1

Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;
pepadhanging wong sabumi, Putrèng Allah Masuci.
Ya jatining kauripan, langgeng tan winatesan.
Margané tumekèng swarga, Imam Agung sampurna.
Juru Pagon kang utama, wah pangruwatmanungsa.

2

Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;

yéku Sang Kristus Masuci, Gustining para gusti,
Ratuning salir pra ratu, ya Sang Guru satuhu.
Sabdèng Allah kang manjalma, wah putraning Manungsa.
Jumeneng compéning Allah, Abdining Sang Yéhuwah.

3

Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;
Panutaning wong percaya, Ratu Adil sanyata.
Sang Alfa lan Oméga, pangrèh jagad lan swarga.
Mustakaning pasamuwan, kang paring kauripan.
Hakim ing dina wekasan, kang ngasta pangadilan.

5. WEDHARING SABDA: Jabur Mazmur 146: 1-10

6. RENUNGAN

RAHAYU

*(Renungan punika saged dipunwiwiti kanthi pitakénan:
“Panandhang awrat punapa ingkang asring ndadosaken
kita mboten saged ngraosaken karahayon utawi
kabingahan?)*

Panguwuh-uwuh rahayua (bungaha) punika pérangan ingkang asring sanget kita pirsani wonten ing seratan-seratan Masmur. Kanthi maos sakeplasan kémawon, kita saget mirsani bilih panguwuh supados rahayu (bingah) punika dipuntélakaken mboten namung wonten ing kawontenan ingkang saé kémawon, ananging ugi wonten ing mawarni-warni kawontenan, bingah punapadéné sisah.

Asring kanyataning gesang ingkang éwah-éwah, ndamel kita mboten tansah saget ngraosaken rahayu (bingah). Kita nganggèp bilih rahayu (bingah) punika gumantung wonten ing punapa ingkang kita tampèni, kita darbèni, kita gayuh. Asring kita nggantugaken karahayon (kabingahan) dhateng punapa ingkang katindakaken tiyang sanès dhateng kita. Mangka rahayu (bingah) punika prakawis pamawas ingkang kita pilih kanggé mirsani gesang gesang kita padintenan. Pamawas punika caranipun mawas.

Caranipun mawas kita menggahing kanyatan, badhé mangaribawani karahayon (kabingahan) kita. Wonten tiyang ingkang mboten saget rahayu (bingah) nalika sampun kagungan dalem saha titihan (mobil), amargi namung ngunder nyawang cicilan tuwin pajek ingkang ingkang kedah kabayar. Wonten tiyang ingkang saget rahayu (bingah) sinaosa taksih manggèn ing griya kontrakan saha namung gadhah pit motor, amargi badhé ngunder dhateng adeging brayat ingkang dipun tresnani. Nyatanipun, karahayon (kabingahan) tansah wonten nalika kita saget ngemunah pamawas salebetipun nglampahi gesang.

Prakawis saha kasisahan ingkang saget kémawon kelampahan ing gesang kita gilir-gumantos, prakawis punika limrah kémawon ngisèni gesang kita tanpa kedah ngicalaken raos rahayu (bingah) samangsa kita kagungan pamawas ingkang trep.

Sabdanipun Gusti ing Jabur Masmur 146: 1 10 ngraosaken bilih panguwuh kanggé rahayu (bingah) dipuntalesi wonten ing kasadharan bab Gusti Allah ingkang sampun mranata gesang kita kanthi saé. Gusti Allah kita punika Gusti ingkang nitahaken langit, bumi saha saisénipun sadaya. Gusti ingkang setya ngantos salami-laminipun. Gusti ingkang njejegaken kaadilan. Gusti ingkang nyekapaken saben kabetahaning gesang. Gusti ingkang ngluwari tiyang sakit saha nandhang sangsara. Gusti ingkang mbélani tiyang leres saha njagi tiyang-tiyang ingkang kasisihaken.

Kanthi ngèneti sinten Gusti Allah kita punika saha punapa ingkang sampun saha tansah katindakaken déning Gusti wonten ing gesang kita, punapa mboten saestu pantes kanggé tansah rahayu (bingah)? Punapa mboten saben dinten pantes kanggé dipun-sokuri amargi Gusti Allah èstu-èstu makarya kanggé nyartani kita?

Sugeng ngemunah pamawasing gesang saben dinten supados kita tansah saget milih rahayu (bingah)!

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ. 78 IBA BEGJAKU

1

Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.
Aku memuji klayan rena, nggunggung asmané salamanya.
Aku memuji klayan rena, nggunggung asmané salamanya.

2

Lamun pasrahku trusing kalbu, temah sampurna
kabungahanku.
Pra malaékat asung puji, samya ngundhangken sihing Gusti.

3

Dakaturaké jiwa-raga marang Gustiku, atiku lega,
klayan anganthi sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.

8. PANDONGA SYAFAAT

- nDedonga kanggé kanggé para kadang ingkang:
 - gulet (*bergumul*) kaliyan masalah ékonomi.
 - gulet (*bergumul*) kaliyan masalah pasrawungan.
 - gulet (*bergumul*) kaliyan kawontenan sakiting raga punapadéné jiwa (*mental*).
- Caosa sokur syukur saha bingah-bingaha awit ing satengahing sadaya geguletaning gesang punika Gusti setya nunggil saha paring pitulungan.

9. KIDUNG PANUTUP

KPJ. 83 LAMUN SIRA SUSAH

1

Lamun Sira Susah
Lamun sira susah, wah asedhih,
aja sira supé, Allah tan tebih
Aja wedi, Gusti anganthi,
dyan peteng dalunya, énjing: padhang byar.
Nadyan panggodha amisésa,
Gusti nganthi sira, dugèng dlahan

2

Pangéran tan pegat, panjangkungé,
myang sihnya tan kendhat mring kagungané
kasusahan wah karubedan

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

sèstu tan munjuli — tulungé Gusti.
Nadyan panggodha, amisésa
Gusti nganthi sira, dugèng dlahan!

[en-les]



**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA
Kaping 4**

Waosan:
Yakobus 5:7-10

**Sabar lan
Pitados**

☪☪☪

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 144:1, 4 YÈN NUNGGIL LAN GUSTI

- 1) Yèn nunggil lan Gusti rintèn dalu
manah langkung tentrem arahayu
Ref.: Kula angantos Gusti siyang klayan ratri
Nyuwun berkah dhuh Gusti, Gusti mberkahi.

- 4) Yèn nunggil lan Gusti, kasisahan
mantun, kagentosan kabingan
Ref.:

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 196:1-2 KULA PÉNGIN LIR GUSTI

- 1) Kula péngin lir Gusti, sumlondhoh ing ati,
tandang tanduk lan tembung mrak ati ngresep.
Refrein: O, lah, kawula sèstu tan mèmper lan Gusti.
Kula mugi winulang, nulad maring Gusti.

- 2) Kula péngin lir Gusti, sumarah lan pasrah,
napa kang sunlampahi, nut karsaning Allah.

Ref.:

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yakobus 5:7-10

6. RENUNGAN

SABAR LAN PITADOS

Satunggaling dalu nalika wangsul saking nyambut damel, Pandhita Wana (salajengipun namung sinebut Wana) dipun pethukaken sémahipun kanthi dipun rangkul lan dipun kekep kenceng. Dumadakan karaos luhipun nètès ing pundhakistan Wana, piyambakipun lajeng mireng sémahipun muwun. Lajeng pandhita kasebut pitakèn, ana apa? Kanthi plegukan sémahipun nyariyosaken bilih adhinipun sapunika nembé ngandheg.

Sémahipun muwun awit sedhih lan rumaos lepat, kénging punapa adhinipun saged ngandheg langkung rumiyin, kamangka piyambakipun anggènipun ningkah kaliyan Wana langkung rumiyin tinimbang adhinipun. Piyambakipun sedhih lan nepsu dhumateng Gusti awit mboten énggal maringi punapa ingkang sampun sami dipun ajeng-ajeng. Piyambakipun ugi ajrih sémahipun ingkang jejer pandhita punika badhé dados bahan pirembagan tiyang kathah awit mboten tumuli ngandheg. Piyambakipun rumaos lepat awit dèrèng saged ndadosaken Wana, sémahipun, ngandheg.

Dalu punika dados dalu ingkang awrat kanggé piyambakipun sakloron. Wana tumut sedhih awit mboten kiyat ningali sémahipun nglepataken dhiri pribadi. Kawontenanipun ingkang sami-sami gadhah padamelan ingkang sami awratipun ndadosaken sami sampun saged nampi bilih Gusti dèrèng maringi anak. Nanging nalika sémahipun nglepataken dhirinipun, piyambakipun dados rumaos pinupuh sanget (*terpukul*), kénging punapa kabegjan

lan kabingahanipun dados ical awit anggènipun mbandhingaken gesangipun kaliyan gesangipun tiyang sanès?

Gesang panci mboten tansah nyukani punapa ingkang dados pepénginan kita. Wonten ing kapitadosan, kita mangretos bilih panandhang punika péranganing kabingahan ingkang wetah. Gesang ingkang kita lampahi ing salebeting kapitadosan dhumateng Gusti Yésus Kristus punika sanès gesang margi trabasan (*jalan pintas*) tumuju dhateng sedaya ingkang sarwa éca lan cundhuk kaliyan pangajeng-ajeng. Gesang sesarengan kaliyan Gusti Yésus Kristus punika gesang ingkang dipun udi kanggé ngadhepi sawernining panandhang srana iman lan pangajeng-ajeng.

Panyerat serat Yakobus nandhesaken sawetawis piweling kanggé kita gesang ing satengahing sedaya panandhang: **1. Aja padha dakwa-dinakwa lan sinaua marang uripé para nabi.** Manungsa punika *makhluk sosial*, kanthi gampil kita saged ningali kasunyatan gesanging tiyang sanès ing sakiwa tengen kita. Ananging punika sedaya sanès bab ingkang ndadosaken kita ngedumel. Tumrap saben kawontenan saé ingkang dipun gadhahi tiyang sanès, kita mboten katimbangan kanggé ngriyayakaken ing salebeting raos sedhih lan kumèrèn. Menawi purun jujur nggatosaken, kita mesthi sadhar bilih saben lampahing gesang ingkang énggal, ugi badhé ndhatengaken tanggél jawab ingkang énggal. Gusti maringi samukawis ingkang énggal dhateng sok sintena ingkang siyaga kanthi tanggél jawab ingkang énggal. Menawi kita taksih répot (*sibuk*) ngurusi gesangipun tiyang sanès, tegesipun kita dèrèng ngurusi gesang kita piyambak kanthi saèstu. Menawi ngèngeti tuladhanipun para nabi, para nabi punika sami fokus dhateng saben bab ingkang dados tanggél jawabipun dhumateng Gusti. Para nabi punika sami setya nindakaken pandumanipun senadyan wonten panandhang, wonten bab-bab ingkang mboten saged kagayuh ingkang dados pepéngnanipun minangka manungsa.

Bab sanès saking waosan kita dinten punika ingkang dados piweling kanggé kita inggih punika: **2. *Samia neguhaken manah srana nindakaken panduman kita.*** Panyerat serat Yakobus migunakaken gambaran bab among tani ingkang sabar nggarap tegalanipun minangka patrap ingkang prelu kita tuladhani. Kateguhaning manah kanggé pitados lan sabar ngantos-antos kersanipun Gusti, kedah wonten wujudipun. Kita mboten saged criyos kita yakin lan pitados menawi kita mboten nindakaken punapa-punapa. Among tani setya ngantos-antos asiling panènipun mboten srana thenguk-thenguk, nanging kanthi tansah nggarap tegalipun manut mangsanipun. Sinten kémawon ingkang teguh pitados dhateng berkah lan pangrimatipun Gusti, mboten badhé thenguk-thenguk, nanging malah kanthi sabar lan telatos nindakaken punapa ingkang dados pandumanipun.

Sasampunipun tangisan lan kasedhihan ingkang dipun adhepi déning Wana lan pasanganipun, sakloron sami sadhar bilih kekalihipun taksih pitados dhumateng kasaénanipun Gusti. Wusananipun, kekalihipun mutusaken kanggé mriksakaken kawontenaning kasarasanipun dhateng dhokter supados mangretos upadi punapa ingkang saged katindakaken supados saged ngandheg. Ananging bab ingkang paling aos saking kasedhihan punika, kekalihipun sami sadhar bilih sasampunipun punika praharaning balé griyanipun saged dhateng lewat kabar punapa kémawon. Kekalihipun sami caos sokur bilih Gusti ngèngetaken supados sami-déné anggènipun nglipur lan ngiyataken. Kados punapa ingkang sami kawulangaken dhateng pasamuwan ingkang sami dipun ladosi, kekalihipun ugi sami kepéngin sinau sabar ing satengahing sedaya panandhang lan pangantos-antos. Kekalihipun sami kepéngin ngèndeli anggènipun sami nggresula/ngedumel/nggrundel, lan milih teguh pitados tumrap dhatenging berkahipun Gusti.

7. KIDUNG

KPJ 417:1-3 SAURUTING LAKU

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

- 1) Sauruting laku kang takalami,
Gusti tansah tindak ngrumiyini.
Mula kang dadi osiking atiku,
“Gustiku sèstu setya tuhu!”
Ref.: Salaluku Gusti datan négakken,
klayan setya dènira angreksa.
Ing wusanané, Gusti marengaken
aku ndhèrèk ing kamulyan swarga.
- 2) Ing nalika imanku wiwit goyah,
yèn tansah nyipati kang gumelar,
sanalika aku énggal gumrégah,
wit Gusti nora* bakal nilar.
Ref.:
- 3) Aku pracaya mring pangrèhè Gusti,
awit gesang langgeng ing astané.
Gustiku kang ngasta soroging** swargi
wah nuntun aku mring kratoné.
Ref.:

nora* = ora

sorog** = kunci

8. PANDONGA

- Nyuwun kekiyatan tumrap para sedhèrèk ingkang:
 - Ngantos-antos pasanganing gesang
 - Ngantos-antos momongan
 - Ngantos-antos saras saking sakitipun
 - Ngantos-antos pulihing sesambetan ing gesang bebrayatan.
- Ngucap sokur awit Gusti tansah ngancani saben tiyang anggènipun nglampahi gesangipun srana peranging batosipun (*pergumulan*).

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 427:1-2 BEGJA SEJATI

- 1) Begja sejati ngabdi mring Gusti
yéku gesang kang pengaji.
Dadya lantaran mrih karukunan,
katentreman kelampahan.
Ref.: Mung Sang Kristus yéku Gusti.
Panebus kula sayekti.
Gesang kawula kagem asmanya,
nggih martosken sih-rahmatnya.
- 2) Begja sanyata, gesang nèng donya,
lelados mring Sang Pamarta.
Dipun bélani sabar ing kardi,
temah kalis ing bilahi.
Ref.:

[en-wms]



**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA
Kaping 5**

Waosan:
Yésaya 42:1–9

**Pangajeng-ajeng
ing Satengahing
Raos Ajrih**
☸

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 14:1,4 KULA SAMYA TETUNGGILAN

- 1) Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran,
wit sinungan kacekapan wah bagus kasarasan.
Ref.: Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti,
wit ing ayoming sihira sèstu tentrem raharja.
- 4) Kawula nggih binerkahan lantaran mitra-kadang,
sumanaking pitepangan tan wonten memengsahan.
Ref.:

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 189:1-2 GUSTI ALLAH PANGAYOMAN SETYA

- 1) Gusti Allah Pangayom setya, tansah ngrimati umatnya.
Lir pangèn rumeksa méndanya. Mula arum ngendikanya.
“Ora bakal Aku téga, tan bakal nilar mring sira.”
- 2) Mula kita mosik ing ati, “Aku bakal ora wedi,
awit Gusti kang Mahasetya datan téga nilar kita.”
Manungsa bisané apa, katandhing Allah Makwasa.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yésaya 42:1-9

6. RENUNGAN

PANGAJENG-AJENG ING SATENGAGING RAOS AJRIH

Satunggaling pandhita nuwèni warganing pasamuwan adiyuswa. Warga pasamuwan punika gesang piyambakan ing griyanipun ingkang alit. Griyanipun mapan ing gang ciyut ing satunggaling kitha. Wanita sepuh punika gesang piyambakan awit sampun katilar déning sémahipun. Anak-anakipun nyambut damel ing kitha sanès. Nalika pandhita punika lenggah, ibu punika ngendika: “Pak Pendhita, kula punika sampun mboten kiyat malih. Mripat saya blawur, badan asring sakit, lan kadhang-kala kula ngraosaken jagad punika sangsaya keras—reregèn mindhak, kabar ing TV isinipun perang, bencana, lan tumindak mboten adil.” Ibu punika kèndel sekedhap, lajeng ngendika, “Nanging saben énjing, kula tetep ndedonga. Awit kula pitados Gusti taksih makarya. Kula mboten mangretos kados pundi caranipun Gusti makarya, nanging kula pitados Panjenenganipun mboten nilar jagad punika.”

Pitembunganipun prasaja, nanging ngemu kayakinan iman ingkang lebet. Wanita punika ngèngetaken kita bilih ing satengahing jagad ingkang ketingal peteng lan ramé déning kekerasan lan tumindak mboten adil, Gusti nembé nuwèni jagad punika srana rawuhipun, alus nanging kagungan panguwaos. Ing kawontenaning jagad ingkang kebak déning kawontenan ingkang wor-suh, tumindak mboten adil, lan raos kuwatos, kita mbetahaken pangajeng-ajeng ingkang kukuh.

Yésaya 42:1-9 nepangaken "Abdining Gusti", utusanipun Gusti Allah ingkang ngasta kaadilan lan pangajeng-ajeng, mboten srana kakerasan, nanging kanthi lembah manah lan kasetyan. Ing satengahing kasunyatan bangsa lan jagad ingkang mboten cetha, pérangan punika nélakaken kekiyatan lan timbalan gesang minangka

umatipun Gusti. Abdi punika sanès tiyang ingkang ngawonaken srana gegaman, nanging utusaning Allah ingkang njejegaken kaadilan sacara alus. Abdi punika mboten badhé mbengok utawi damel suwantenipun sora (ayat 2), cakriking peladosanipun mboten ngégla, nanging wonten asilipun (*efektif*) lan setya. Rayung ingkang pepes tumelung mboten badhé kakethok, lan uceng-uceng ingkang melik-melik mboten badhé dipun pejahi (ayat 3), abdi punika mboten ngakimi ingkang ringkih, ananging nyantosakaken lan nyarasaken. Mboten badhé pepes tumungkul (ayat 4), senadyan lampahipun kebak déning tantangan, Abdinipun Gusti tansah setya njejegaken kaadilan.

Ing satengahing tumindakipun hukum ingkang mboten adil, kathahipun PHK, raos ajrih amargi perang lan dhiskriminasi, kita asring rumaos kados rayung ingkang pepes utawi uceng-uceng ingkang melik-melik. Nanging, Sabdanipun Gusti nélakaken bilih Gusti Allah mboten kesupèn dhateng umatipun ingkang ringkih, lan lantaran Sang Kristus, Abdi Allah sejati, Panjenenganipun rawuh kanggé ngiyataken, mbélani, lan njejegaken kaadilan. Kita ugi katimbalan dados pepadhang lan ngudi wontenipun kaadilan kanthi cara ingkang setya lan alus, mboten males srana kakerasan utawi raos sengit.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 194:1-2 KITAB SUCI KANG ADI

- 1) Kitab Suci kang adi, sabdèng Gusti sejati
éndah saklangkung éndah nugraha saking Allah
nugraha saking Allah.
- 2) Lembar sabda Paduka nuntun gesang kawula
dadya pedhang menjila* tamèng saking bebaya
tamèng saking bebaya.

menjila*= istimewa, luar biasa (*Ind*)

8. PANDONGA

- Ngucap sokur awit iman ingkang dados landhesan pangajeng-ajeng ing satengah gesang ingkang sarwa mboten gumathok.
- Nyuwun kakiyatan lan semangat nglajengaken kayakinan/ iman dhateng tiyang sanès bab Gusti Allah ingkang mboten naté kèndel nuwèni umatipun.

9. KIDUNG

KPJ 334:1-3 AJA SUMELANG

- 1) Aja sumelang bab uripmu, ywa uwas ing kalbu.
Yèn pepeteng nglimputi ati, ngayoma mring Gusti.
Ref.: Allah yéku Rama, ngreksa sira salamanya.
Pasrah sumaraha, mrih tentrem raharja
- 2) Lamun tininggal sanak-kadang, ywa semplah ing driya.
Yèn kamuktèn, kamulyan ilang, mantepa pracaya.
Ref.:
- 3) Lamun ngalami kacingkrangan tatag di prayitna*
Yèn tansah rinidhu** panandhang, teguh dèn waspada.
Ref.:

prayitna* = ngati-ati
rinidhu** = diganggu, kagodha

[hsp-wms]



**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA
Kaping 6**

Waosan:
Éfesus 1 : 3 - 14

**Kadho
Mirunggan**
ꦏꦲꦝꦺ
ꦩꦶꦫꦸꦁꦁꦤ

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 233:1-2 KANCA AGIYAKA

- 1) Kanca agiyaka! Ing kandhang Bètéléhèm
karawuhan Rohing Pangéran.
Sang Bayi miyos pinaringken kita.
Ref.: Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud
ngabekti maring Gusti Pamarta.
- 2) Pamartaning jagad, Putra kang tumurun
sumèlèh anèng pamakanan.
Yéku wujudnya prasetyaning Allah.
Ref.:

3. PANDONGA

4. KIDUNG PUJIAN

KPJ 214:1-2 ANÈNG PAMAKANAN

- 1) Anèng Pamakanan iku dunungnya,
ginedhong ing kain, sèstu prasaja
Lelintang ing langit padhang nelahi,
dé Yésus Gustiku saré kepati.
- 2) Raja-kaya* nywara, kang néndra wungu,
nadyan piniyarsa ning tan ngreridu.

Samangkya atiku sèstu rahayu,
wit Gusti mitraku nentremken kalbu.

Raja-kaya* = ternak (domba, lembu, keledai)

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Éfesus 1 : 3-14

6. RENUNGAN

KADHO MIRUNGGAN

Punapa ingkang dipun kajengaken déning kathah tiyang nalika ngriyayakaken dinten kelairanipun? Leres, wonten bebingah utawi kadho (punapaa wujudipun); awit inggih ing dinten mirunggan punika tiyang kepéngin “dipun riyayakaken”. Kados wekdal punika kita inggih ngriyayakaken dinten mirunggan, inggih punika mangayubagya miyosipun Sang Juru Wilujeng. Nanging ingkang dados mirunggan mboten awit kita ingkang bekta kadho, nanging inggih Sang Bayi ingkang malah ngasta kadho mirunggan kanggé kita, manungsa.

Kadho mirunggan ingkang kita tampi punika mboten saged dipun ukur aosipun. Kados ingkang sinerat ing Éfesus 1 : 3-14, kadho ingkang kaparingaken dhateng kita inggih punika dados umat pilihanipun Gusti Allah. Malah ingkang ndadosaken kita sangsaya istimewa awit kita kapilih dados para Putranipun ingkang badhé nampi panebusing dosa. Srana mekaten, kuwaosing tetebusan lan pemulihan ingkang kita tampi badhé mbekta kita ngalami sedaya kawicaksanan lan pengretosan ing bab Gusti Allah. Kita nggadhahi tetebusan lantaran rahipun lan sampun “nandhani” kita srana capipun Roh Suci ingkang kaprasetyakaken.

Gusti Allah maringi kadho istimewa kanggé saben tiyang pitados mboten awit kita mungguh utawi awit kita hébat. Sedaya punika kaparingaken awit sih-katresnanipun Gusti Allah kanggé kita, manungsa dosa. Temtu kita nampi kadho istimewa punika kanthi kebak ing kabingahan.

Mboten namung punika, kita ugi kautus kanggé ngedum kadho istimewa punika dhateng sesami, dados pepujian kagem kamulyaning asmanipun. Tegesipun, gesang kita inggih kedah wonten maknanipun, saged dados berkah kanggé sesami lan mulyakaken asmanipun Gusti. Wekdal punika kita ugi kaajak ngedum kadho istimewa punika lantaran:

1. (KA)sih : Gusti Allah langkung rumiyin maringaken sihipun dhateng kita (ay. 5). Mila kita ugi kaparingan mandhat kanggé nyebaraken sih punika dhateng sesami kita. Andum sih ateges andum kanthi tulus; senadyan sih punika mboten winales.
2. (DO) : ing basa Inggris nggadhahi teges “nindakaken”. Srana alandhesan sih, kita mujudaken pakaryaning kawilujenganipun Allah lantaran pakaryan peladosan ingkang kita tindakaken. Senadyan kadhang-kala ing salebeting nindakaken pakaryaning peladosan kasebut karaos awrat, ananging Gusti Allah nyagedaken kita lantaran Roh Suci ingkang sampun kapraseyakaken (ay. 13 – 14).

Srana nindakaken “Ka-Do”, kita kasagedaken dados “kadho ingkang gesang” kanggé sesami kita. Kita sampun langkung rumiyin kapilih déning Gusti Allah, sampun samesthinipun kita wartosaken sihipun. Mangga kita gesang cundhuk kaliyan kersanipun Gusti minangka wujud ing caos sokur lan pambangunturuting iman kita minangka tiyang pitados ingkang sampun nampi kadho istimewa ingkang mboten saged kaukur aosipun. Amin.

7. KIDUNG

KPJ 451:1-3 SUMANGGA PRA KADANG

- 1) Sumangga pra kadang, misungsungken gesang, ngayahi timbalan karyaning Pangéran.
Martosken Injilnya, pangluwar saking dosa
mring saliring bangsa, mrih samya wilujenga

- 2) Tyang papa kesrakat, nyadhonga sih-rahmat.
Tyang kang kinunjara, mrih luara sigra.
tentrem kang sejati binabarna sabumi.
Sagung tyang manembah, tansah rinoban berkah.
- 3) Injil kabar adi, sumangga dèn tampi;
gya undhangna tansah sajagad sumrambah.
Tyang blasar lampahnya, wah kang wangkot manahnya,
diénggal mratobat, pinaringan sih-rahmat.

8. PANDONGA

- Atur panuwun awit saben kalodhangan ingkang sampun kaparingaken déning Gusti ing gesang kita.
- Nyuwun kakiyatan supados kasagedaken dados “kadho ingkang gesang” tumrap sesami.

9. KIDUNG

KPJ 222:1-3 DUMELING KAPYARSA

- 1) Dumeling kapyarsa sabawa sung warti,
supados sami sadhiya rawuhnya Njeng Gusti.
Ref.: Gusti paringa manah kang suci
kénging kanggé ngormati rawuhnya Njeng Gusti.
- 2) Kabingahan amba saèstu nglangkungi,
jalaran rawuhing Gusti, jagad dèn resiki
Ref.:
- 3) Kasucèning manah, karesikaning tyas,
dédé saking labet amba, kejawi mung sihnya
Ref.:

[gap-wms]



Mangsa Advèn Natal 2025

“LAMPIRAN CATHETANING PISUNGSUNG”

Kula ngaturaken panuwun dhumateng para mitra awit saking manékawarni panyengkuyung saha anggènipun tumut nggegesang kanggé bebadan (LPP Sinode) menika.

Ing ngandhap menika kalampiraken cathetan panampining pisungsung saking Geréja-geréja/Pasamuwan-pasamuwan, Bebadan, menapadéné Presun.

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Paskah 2024

Penerimaan tanggal:
12 Februari 2024 – 21 Januari 2025

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Pekalongan	250.000
2	GKI Parakan	500.000
3	GKI Bintaro	250.000
4	GKI Tegal	375.000
5	GKI Sorogenen	250.000
6	GKI Muntilan	300.000
7	GKI Klaten	375.000
8	GKI Kebumen	500.000

B. Dari GKI

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Wisma Kasih Mangunharjo	400.000
2	GKI Maguwoharjo	250.000
3	GKI Penaruban	428.000
4	GKI Beringin	313.000
5	GKI Wisma Panembah Surakarta	250.000
6	GKI Sarimulyo	400.000
7	GKI Tengahan	250.000
8	GKI Pekalongan	250.000
9	GKI Grogol, Sukoharjo	250.000
10	GKI Punworejo	1.000.000
11	GKI Demakijo	400.000
12	GKI Wisma Panunggal Mrican	1.000.000
13	GKI Kutoarjo	2.616.500
14	GKI Ungaran	2.000.000
15	GKI Baran	250.000
16	GKI Gambiran	300.000
17	GKI Arcawinangun	736.000
18	GKI Wates Selatan	1.050.000
19	GKI Banyumanik	1.200.000

LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

20	GKI Gumulan	500.000
21	GKI Limpung	250.000
22	GKI Manahan	1.000.000
23	GKI Bangkal	250.000
24	GKI Temon	250.000
25	GKI Kabluk	1.000.000
26	GKI Ngentakrejo	300.000
27	GKI Temanggung	250.000
28	GKI Bibisluhur	500.000
29	GKI Wiladeg	400.000
30	GKI Mojosoongo	200.000
31	GKI Kertanegara	250.000
32	GKI Semarang Barat	400.000
33	GKI Nanggulan	200.000
34	GKI Wonosobo	300.000
35	GKI Joglo	1.000.000
36	GKI Wirobrajan	500.000
37	GKI Pakem	300.000
38	GKI Logandeng	527.000
39	GKI Rewulu	250.000
40	GKI Tanjung Priok	500.000
41	GKI Semarang Timur	250.000
42	GKI Demak	250.000
43	GKI Mergangsan	500.000
44	GKI Boyolali	250.000
45	GKI Krapyak	250.000
46	GKI Cepur	850.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	NN, Giro BRI Tiro tgl. 27/02/2024	2.854.000
2	NN, Giro BRI Tiro tgl. 02/04/2024	500.000
3	NN, Giro BRI Tiro tgl. 02/04/2024	300.000
4	NN, Giro BRI Tiro tgl. 07/04/2024	430.000
5	Kristina Sabatini, Giro BCA tgl. 09/05/2024	500.000
6	GKI MRO, Giro BRI Tiro tgl. 30/06/2024	300.000
7	NN, Giro BRI Tiro tgl. 30/06/2024	200.000
8	Desy Kristiani, Giro BRI Tiro tgl. 30/07/2024	500.000

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

D. REKAPITULASI

1. Dari 8 GKI SW Jateng	: Rp. 2.800.000,00
2. Dari 46 GKI	: Rp. 27.420.500,00
3. Dari 8 NN	: <u>Rp. 5.584.000,00</u>
Jumlah	: Rp. 35.804.500,00

Jumlah penerimaan persembahan Masa Paskah 2024 sampai dengan tgl. 21 Januari 2025 adalah sebagai berikut: Rp. 35.804.500,00
(Tiga puluh lima juta delapan ratus empat ribu lima ratus rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKI dan GKI SW Jateng



Edt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Pentakosta 2024

Penerimaan tanggal:

12 Februari 2024 - 21 Januari 2025

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Pekalongan	250.000
2	GKI Bintaro Utama	250.000
3	GKI Tegal	375.000
4	GKI Kartasura	500.000
5	GKI Sorogenen	250.000
6	GKI Purbalingga	500.000
7	GKI Muntilan	300.000
8	GKI Klaten	375.000
9	GKI Kebumen	500.000

B. Dari GKJ

No	Pengirim	Jumlah
1	GKJ Maguwoharjo	250.000
2	GKJ Tengahan	250.000
3	GKJ Wisma Kasih Mangunharjo	300.000
4	GKJ Purwokerto Barat	250.000
5	GKJ Gumulan	500.000
6	GKJ Limpung	250.000
7	GKJ Kaliwungu	280.000
8	GKJ Manahan	1.000.000
9	GKJ Bangkal	250.000
10	GKJ Gambiran, Sragen	300.000
11	GKJ Pekalongan	250.000
12	GKJ Temon	250.000
13	GKJ Purworejo	500.000
14	GKJ Baran	250.000
15	GKJ Demakijo	675.000
16	GKJ Immanuel Karanganyar, Pekalongan	165.000
17	GKJ Wisma Panembah Surakarta	250.000
18	GKJ Kutoarjo	2.070.000

Mangsa Advèn Natal 2025
 “Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

19	GKI Banyumanik	1.100.000
20	GKI Kabluk	1.000.000
21	GKI Baki	600.000
22	GKI Wates Selatan	950.000
23	GKI Ngentakrejo	300.000
24	GKI Grogol, Sukoharjo	250.000
25	GKI Bogor	250.000
26	GKI Bibisluhur	500.000
27	GKI Arcawinangun	571.000
28	GKI Wiladeg	400.000
29	GKI Pondok Gede	250.000
30	GKI Mojosoongo	200.000
31	GKI Semarang Barat	400.000
32	GKI Kertanegara	250.000
33	GKI Wonosobo	300.000
34	GKI Joglo	1.000.000
35	GKI Wirobrajan	500.000
36	GKI Pakem	300.000
37	GKI Logandeng	164.000
38	GKI Rewulu	250.000
39	GKI Semarang Timur	250.000
40	GKI Demak	250.000
41	GKI Mergangsan	500.000
42	GKI Boyolali	250.000
43	GKI Krapyak	250.000
44	GKI Ceper	900.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	Sutikno, Giro BRI Tiro tgl. 17/05/2024	200.000
2	NN, Giro BRI Tiro tgl. 17/05/2024	250.000
3	Ana Susanti, Giro BRI Tiro tgl. 20/05/2024	200.000
4	NN, Giro BRI Tiro tgl. 21/05/2024	527.000
5	Hari Kristianto, Giro BCA tgl. 13/06/2024	300.000
6	NN, Giro BRI Tiro tgl. 22/05/2024	2.768.000
7	NN, Giro BRI Tiro tgl. 27/05/2024	700.000
8	Chatrin, Giro BRI Tiro tgl. 27/05/2024	800.000
9	Tambak Surya, Giro BRI Tiro tgl. 13/06/2024	928.000
10	NN, Giro BRI Tiro tgl. 20/06/2024	250.000
11	NN, Giro BRI Tiro tgl. 23/06/2024	500.000

LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

13	Rondang, Giro BRI Tiro tgl. 30/06/2024	200.000
14	NN, Giro BRI Tiro tgl. 16/07/2024	521.000
15	Desy Kristiani, Giro BRI Tiro tgl. 30/07/2024	500.000

D. REKAPITULASI

1. Dari 9 GKI SW Jateng : Rp. 3.300.000,00
2. Dari 44 GKJ : Rp. 19.825.000,00
3. Dari 15 NN : Rp. 8.944.000,00
- Jumlah : Rp. 32.069.000,00

Jumlah penerimaan persembahan Masa Pentakosta 2024 sampai dengan tgl. 21 Januari 2025 adalah sebagai berikut: Rp. 32.069.000,00
(Tiga puluh dua juta enam puluh sembilan ribu rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Fdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

DAFTAR PERSEMBAHAN
Bulan Keluarga 2024

Penerimaan tanggal:
18 Maret 2024 - 11 Februari 2025

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Masaran	100.000
2	GKI Nusukan	300.000
3	GKI Sorogenen	250.000
4	GKI Tegal	500.000
5	GKI Pekalongan	500.000
6	GKI Pulo Mas	250.000
7	GKI Muntlan	300.000
8	GKI Klaten	375.000
9	GKI Kebumen	500.000

B. Dari GKI SW JABAR

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Karawaci	500.000
2	GKI Kebonjati	250.000

C. Dari GKI

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Maguwoharjo	250.000
2	GKI Kertanegara	250.000
3	GKI Kaliwungu, Kendal	257.000
4	GKI Purworejo	400.000
5	GKI Wonosobo	300.000
6	GKI Joglo	1.000.000
7	GKI Immanuel Surakarta	1.082.000
8	GKI Bantul	831.000
9	GKI Wisma Panembah Surakarta	250.000
10	GKI Kanaan	500.000
11	GKI Pekalongan	250.000
12	GKI Limpung	500.000

LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

13	GKJ Wirobrajan	500.000
14	GKJ Manisrenggo	500.000
15	GKJ Susukan	432.000
16	GKJ Sampangan	850.051
17	GKJ Sarimulyo	400.000
18	GKJ Gondangwinangun	500.000
19	GKJ Wates Selatan	1.150.000
20	GKJ Gabus Sulursari	500.000
21	GKJ Grogol Sukoharjo	250.000
22	GKJ Karangnongko	917.000
23	GKJ Pakem	300.000
24	GKJ Kutoarjo	1.300.000
25	GKJ Banyumanik	1.000.000
26	GKJ Logandeng	200.000
27	GKJ Rewulu	250.000
28	GKJ Tanjung Priok	500.000
29	GKJ Wisma Kasih Mangunharjo	300.000
30	GKJ Semarang Timur	250.000
31	GKJ Ngentakrejo	300.000
32	GKJ Wiladeg	400.000
33	GKJ Gumulan	500.000
34	GKJ Mergangsan	500.000
35	GKJ Baran	250.000
36	GKJ Kutoarjo	786.000
37	GKJ Demakijo	450.000
38	GKJ Boyolali	250.000
39	GKJ Krapyak	250.000
40	GKJ Ceper	875.000
41	GKJ Immanuel, Surakarta	514.000

D. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	Agung Sudrajat, Giro BRI Tiro tgl. 11/09/2024	600.000
2	NN, Giro BRI tgl. 13/09/2024	1.280.000
3	NN, Giro BRI tgl. 09/10/2024	250.000
4	NN, Giro BRI tgl. 18/10/2024	390.000
5	NN, Giro BRI tgl. 22/10/2024	3.515.000
6	NN, Giro BRI tgl. 30/10/2024	600.000
7	Yuniar Cahya, Giro BRI tgl. 30/10/2024	345.700

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

8	Samuel Yuswanto, Giro BRI tgl. 03/11/2024	250.000
9	Amelia Krist, Giro BRI tgl. 05/11/2024	500.000
10	Tambak Suryo, Giro BRI tgl. 16/11/2024	806.000
11	NN, Giro BRI tgl. 21/11/2024	700.000
12	NN, Giro BRI tgl. 25/11/2024	250.000
13	NN, Giro BRI tgl. 26/11/2024	300.000
14	NN, Giro BCA tgl. 28/11/2024	1.517.000
15	NN, Giro BCA tgl. 29/11/2024	875.000
16	Ika Indarwati, Giro BRI tgl. 02/12/2024	250.000
17	Ester Alviana, Giro BRI tgl. 06/12/2024	1.000.000
18	NN, Giro BRI tgl. 13/12/2024	2.568.000
19	Dwi Lestari, Giro BRI tgl. 13/12/2024	760.000
20	NN, Giro BRI tgl. 18/12/2024	500.000
21	NN, Giro BRI tgl. 06/01/2025	1.000.000

E. REKAPITULASI

1. Dari 9 GKI SW Jateng : Rp. 3.075.000,00
2. Dari 2 GKI SW Jabar : Rp. 750.000,00
3. Dari 41 GKJ : Rp. 2.530.051,00
4. Dari 21 NN : Rp. 19.131.700,00
- Jumlah : Rp. 42.611.751,00

Jumlah penerimaan persembahan Bulan Keluarga 2024 sampai dengan tgl. 11 Februari 2025 adalah sebagai berikut: Rp. 42.611.751,00 (Empat puluh dua juta enam ratus sebelas ribu tujuh ratus lima puluh satu rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Fdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

DAFTAR PERSEMAHAN
Masa Masa Adven dan Natal 2024

Penerimaan tanggal:
18 Maret 2024- 14 Februari 2025

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Sorogenen	250.000
2	GKI Karawaci	500.000
3	GKI Banjarnegara	500.000
4	GKI Muntilan	300.000
5	GKI Klaten	375.000
6	GKI Kebumen	500.000
7	GKI Pekalongan	500.000
8	GKI Salatiga	500.000
9	GKI Bintaro Utama	250.000
10	GKI Tegal	1.000.000
11	GKI Ajibarang	750.000

B. Dari GKI

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Maguwoharjo	250.000
2	GKI Kertanegara	250.000
3	GKI Wonosobo	300.000
4	GKI Wirobrajan	500.000
5	GKI Pakem	300.000
6	GKI Wisma Kasih Mangunharjo	300.000
7	GKI Temanggung	500.000
8	GKI Rewulu	250.000
9	GKI Gambiran, Sragen	300.000
10	GKI Tanjung Priok	500.000
11	GKI Semarang Timur	250.000
12	GKI Ngentakrejo	300.000
13	GKI Demak	300.000
14	GKI Wiladeg	400.000
15	GKI Gumulan	500.000
16	GKI Sampangan, Kradenan	859.000

Mangsa Advèn Natal 2025
 “Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

17	GKJ Tengahan	300.000
18	GKJ Mergangsan	500.000
19	GKJ Baran	250.000
20	GKJ Kutoarjo	1.895.000
21	GKJ Demakijo	470.000
22	GKJ Tuntang Timur	500.000
23	GKJ Boyolali	250.000
24	GKJ Joglo	1.000.000
25	GKJ Grogol, Sukoharjo	250.000
26	GKJ Pekalongan	250.000
27	GKJ Manisrenggo	300.000
28	GKJ Sarimulyo	400.000
29	GKJ Krapyak	250.000
30	GKJ Ceper	680.000
31	GKJ Banyumanik	1.070.000
32	GKJ Wates Selatan	950.000
33	GKJ Bantul	1.270.000
34	GKJ Mojosongo	300.000
35	GKJ Wisma Panunggal Mrican	1.000.000
36	GKJ Karangnongko	870.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	NN, Giro BRI tgl. 21/11/2024	300.000
2	NN, Giro BRI tgl. 02/12/2024	800.170
3	NN, Giro BRI tgl. 13/12/2024	250.000
4	NN, Giro BRI tgl. 18/12/2024	500.000
5	Titin Nur Indah, Giro BRI tgl. 27/12/2024	1.050.000
6	Ika Indarwati, Giro BRI tgl. 31/12/2024	300.000
7	NN, Giro BCA tgl. 04/01/2025	500.000
8	NN, Giro BRI tgl. 06/01/2025	1.000.000

D. REKAPITULASI

- | | |
|--------------------------|---------------------------|
| 1. Dari 11 GKI SW Jateng | : Rp. 5.425.000,00 |
| 2. Dari 36 GKJ | : Rp. 18.714.000,00 |
| 3. Dari 8 NN | : <u>Rp. 4.700.170,00</u> |
| 4. Jumlah | : Rp. 28.839.170,00 |

Jumlah penerimaan persembahan Masa Adven dan Natal 2024 sampai dengan tgl. 14 Februari 2025 adalah sebagai berikut: Rp. 28.839.170,00 (Dua puluh delapan juta delapan ratus tiga puluh sembilan ribu seratus tujuh puluh rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Masa Paskah th. 2025

Penerimaan tanggal:
29 Januari-19 Agustus 2025

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Gereformeerd	300.000
2	GKI Karawaci	1.000.000
3	GKI Bintaro Utama	250.000
4	GKI Tegal	375.000

B. Dari GKI

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Kaliwungu, Kendal	224.000
2	GKI Cilacap	250.000
3	GKI Gabus, Sulursari	450.000
4	GKI Baran	250.000
5	GKI Bantul	1.152.000
6	GKI Wisma Kasih Mangunharjo	300.000
7	GKI Karangnongko	936.000
8	GKI Wisma Panunggal Mrican	500.000
9	GKI Sarimulyo	400.000
10	GKI Wates Selatan	1.200.000
11	GKI Ceper	500.000
12	GKI Randublatung	200.000
13	GKI Susukan, Gunungkidul	871.000
14	GKI Kutoarjo	2.340.000
15	GKI Sampangan	900.009
16	GKI Banyumanik	1.068.000
17	GKI Semarang Barat	500.000
18	GKI Ngentarejo	300.000
19	GKI Bekasi Timur	500.000
20	GKI Grogol, Sukoharjo	250.000
21	GKI Joglo	1.000.000
22	GKI Gondangwinangun	250.000
23	GKI Manisrenggo	300.000

LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

24	GKJ Gumulan	500.000
25	GKJ Wiladeg	400.000
26	GKJ Ketandan	250.000
27	GKJ Demakijo	450.000
28	GKJ Sumber, Surakarta	250.000
29	GKJ Gambiran, Sragen	300.000
30	GKJ Maguwoharjo	250.000
31	GKJ Tuban	500.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	Dwi Lestari, Giro BRI tgl. 21/04/2025	1.240.000
2	NN, Giro BRI tgl. 25/04/2025	474.000
3	Tambak Surya, tgl. 25/04/2025	1.009.000
4	Ika Indarwati, Giro BRI tgl. 28/04/2025	500.000
5	NN, Giro BCA tgl. 30/04/2025	250.000
6	NN, Giro BRI tgl. 27/05/2025	2.859.000
7	NN, Giro BRI tgl. 02/06/2025	500.000
8	Gracia Budiasih, Giro BCA tgl. 26/06/2025	500.000
9	NN, Giro BRI tgl. 26/07/2025	200.000

D. REKAPITULASI

1. Dari 4 GKI SW Jateng : Rp. 1.925.000,00
2. Dari 31 GKJ : Rp. 17.541.009,00
3. Dari 9 NN : Rp. 7.532.000,00
4. Jumlah : Rp. 26.998.009,00

Jumlah penerimaan persembahan Masa Paska 2025 sampai dengan tgl. 19 Agustus 2025 adalah sebagai berikut: Rp. 26.998.009,00 (Dua puluh enam juta sembilan ratus sembilan puluh delapan ribu sembilan rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Fdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direkt

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

DAFTAR PERSEMBAHAN
Masa Masa Pentakosta th. 2025

Penerimaan tanggal:

21 Mei - 19 Agustus 2025

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Tegal	375.000
2	GKI Bintaro Utama	250.000

B. Dari GKI

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Wima Kasih Manguharjo	300.000
2	GKI Semarang Barat	500.000
3	GKI Kaliwungu, Kendal	314.000
4	GKI Sarimulyo	400.000
5	GKI Cilacap	250.000
6	GKI Gondangwinangun	250.000
7	GKI Manisrenggo	300.000
8	GKI Gumulan	500.000
9	GKI Wisma Panunggal Mrican	500.000
10	GKI Wiladeg	400.000
11	GKI Prambanan	562.000
12	GKI Ketandan	250.000
13	GKI Demakijo	400.000
14	GKI Wates Selatan	1.100.000
15	GKI Sumber, Surakarta	250.000
16	GKI Banyumanik	1.100.000
17	GKI Gambiran, Sragen	300.000
18	GKI Grogol, Sukoharjo	250.000
19	GKI Baran	250.000
20	GKI Maguwoharjo	250.000
21	GKI Tuban	500.000
22	GKI Nanggulan	200.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	Diah Tri Utami, Giro BCA tgl. 10/06/2025	300.000
2	NN, Giro BRI tgl. 10/06/2025	500.000
3	NN, Giro BRI tgl. 15/06/2025	475.614
4	NN, Giro BRI tgl. 16/06/2025	250.000
5	NN, Giro BRI tgl. 20/06/2025	200.000
6	NN, Giro BRI tgl. 21/06/2025	200.000
7	Gracia Budiasih, Giro BCA tgl. 26/06/2025	500.000
8	NN, Giro BRI tgl. 26/06/2025	500.000
9	Tambak Surya, Giro BRI tgl. 04/07/2025	731.000
10	NN, Giro BRI tgl. 11/07/2025	500.000
11	Debora Sekar, Giro BRI tgl. 13/07/2025	1.500.000
12	NN, Giro BRI tgl. 26/07/2025	200.000
13	NN, Giro BRI tgl. 15/08/2025	475.614
14	Amelia Damanik, Giro BCA tgl. 02/09/2025	600.000

D. REKAPITULASI

1. Dari 2 GKI SW Jateng : Rp. 625.000,00
2. Dari 22 GKJ : Rp. 9.126.000,00
3. Dari 14 NN : Rp. 6.932.228,00
4. Jumlah : Rp. 16.683.228,00

Jumlah penerimaan persembahan Masa Pentakosta 2025 sampai dengan tgl. 19 Agustus 2025 adalah sebagai berikut: Rp. 16.683.228,00 (Enam belas juta enam ratus delapan puluh tiga ribu dua ratus dua puluh delapan rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Fdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur

Mangsa Advèn Natal 2025
“Rawuhipun Allah Nanggulangi Raos Ajrih”

DAFTAR PERSEMBAHAN
HUT LPP Sinode ke-56

Penerimaan tanggal:
09 Oktober - 13 Desember 2024

A. Dari GKI SW JATENG

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Kebayoran Baru	5.000.000
2	GKI Masaran	100.000
3	GKI Coyudan	1.000.000
4	GKI Blora	1.000.000
5	GKI Karawaci	1.000.000

B. Dari GKI

No	Pengirim	Jumlah
1	GKI Bogor	250.000
2	GKI Sarimulyo	500.000
3	GKI Ambarukmo	1.372.000
4	GKI Pakem	500.000
5	GKI Sumber, Surakarta	100.000
6	GKI Kotagede	250.000
7	GKI Banyumanik	250.000

C. Dari NN/PERSON/LEMBAGA

No	Pengirim	Jumlah
1	NN (Giro BRI Tiro, Tgl. 31/10/2024)	750.000

D. REKAPITULASI

1. Dari 5 GKI SW Jateng : Rp. 8.100.000,00
2. Dari 7 GKI : Rp. 3.222.000,00
3. Dari NN 1 : Rp. 750.000,00
4. Jumlah : Rp. 12.072.000,00

Jumlah penerimaan persembahan HUT LPP Sinode ke-56 th 2024 sampai dengan tgl. 13 Desember 2024 adalah sebagai berikut: Rp. 12.072.000,00

LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng

(Dua belas juta tujuh puluh dua ribu rupiah)

Salam dan hormat kami,
LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng



Fdt. Wisnu Sapto Nugroho
Direktur